ISSN 2311 - 6854

НАУКОН-МЕТОДИКОН ЖУРНАЛ

# РУХСТАУÆГ



1
(2021)

ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

# Р У Х С Т А У Æ Г

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Сæйраг редактор*** – МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Исахъты Людмилæ, Кцойты Маринæ, Солтанты Джульетæ, Хозиты Эльвирæ.***

© СО РИПКРО, 2021
©ИПК «Литера», 2021

Р
У
Х
С
Т
А
У
Æ
Г

1/2021

НОМЫРЫ ИС:

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...


2020-ÆМ АЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ÆППÆТУÆРÆСЕОН КОНКУРСЫ АРХАЙДЖЫТÆ ........ 8

Газзаева Ирина Георгиевна
МОИ ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ НАХОДКИ ........ 8

Кцоева Марина Туганбековна
МОИ ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ НАХОДКИ ........ 11

ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ КОНКУРС ........ 13

Мухумаева Сарат Магомедовна
«СПАСИБО, ОСЕТИЯ, ЗА ЧУДЕСНЫЙ ДЕНЬ В МОЕЙ ЖИЗНИ!» ........ 13

МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС – 2021 ........ 18


## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН


Майрæмыхъуаты Фатимæ
НЫВМÆ ГÆСГÆ КУЫСТ УРОЧЫ ........ 21

Габеты Лаурæ
ЦÆЛЫККАТЫ ЕЛЕНÆЙЫ МЫСИНÆГТÆ КЪОСТАЙЫ ТЫХХÆЙ ........ 24

Куыдзойты Анжелæ, Сохиты Ланæ
АУДИОТЕКСТЫЛ КУСЫНЫ ИУÆЙ-ИУ ЗЫНДЗИНÆДТÆ АИУВАРС КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ (8-ÆМ КЪЛАСЫ АХУЫРГÆНÆН ЧИНЫДЖЫ ÆРМÆГМÆ ГÆСГÆ) ........ 27

Хуыдæлты Маринæ
ИРОН-ЯГНОБАГ ЛЕКСИКОН ÆМАХАСТЫТЫ ТЫХХÆЙ ........ 31

Цаллагова С.Ю.
СОВРЕМЕННЫЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫЕ ТЕХНОЛОГИИ, СПОСОБСТВУЮЩИЕ ПОВЫШЕНИЮ ИНТЕРЕСА К ИЗУЧЕНИЮ РОДНОГО ЯЗЫКА ........ 37

Хуыбецты Эльвирæ
ФÆСТÆДÆРЫ БАЗОНÆН (ОТСРОЧЕННАЯ ОТГАДКА) ........ 40

Р
У
Х
С
Т
А
У
Æ
Г

1/2021

## СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

Гæджиты Лянæ
ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «МАХ – ДÆ УАЗÆГ, ФСАТИ,
ДЫ – НÆ ФÆДЗÆХСÆГ!» ..................................... 44

Æгкацаты Жаннæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «ИРОН ДЗЫРДТÆ МЫН ХУРТÆ СТЫ…»
ЛЕКСИКÆ ÆМÆ ФРАЗЕОЛОГИ.......................... 51

Гæззаты Иринæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «АДÆЙМАГ ÆМÆ ЦÆРÆГОЙТÆ»
ЦÆСГОМОН НОМИВДЖЫТÆ ............................ 53

Датиты Маринæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «5-6 КЪЛÆСТЫ ФОНЕТИКÆЙÆ РАЦЫД
ÆРМÆГ ФÆЛХАТ КÆНЫН. «ИРОН ÆВЗАГ,
ИРОН ДЗЫРД»........................................................ 56

Хъайттаты Ларисæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «РАЙГУЫРÆН БÆСТÆ МАДАУ
АДДЖЫН У»........................................................... 57

Бызыккаты Регинæ
ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «ХОР ЦАРД У» ДЗЕСТЫ КУЫДЗÆДЖЫ
РАДЗЫРД «ХОРХÆССÆГ»-МÆ ГÆСГÆ ............60

Датиты Маринæ
ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «НИГЕРЫ ТАУРÆГЪ «УÆХАТÆДЖЫ
ФЫРТ ЧЫСЫЛ ГУЫЙМАН»..................................63

Майрæмыхъуаты Фатимæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «СÆРД ÆМÆ КАНИКУЛТÆ».................. 67

## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

Бигъаты Светланæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «ЗЫМÆГОН НЫВТÆ»............................... 70

Хадаты Фатимæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «ÆРДЗ ХЪАХЪХЪÆНЫН У РАЙГУЫРÆН
БÆСТÆ ХЪАХЪХЪÆНЫН».................................. 72

Р
У
Х
С
Т
А
У
Æ
Г

1/2021

## ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ

Будайты (Астемыраты) Изетæ
ÆМДЗÆВГÆТÆ СЫВÆЛЛÆТТÆН .................... 75

Пухаты Оксанæ
«ХÆДЗАРОН ФОС ÆМÆ МÆРГЪТÆ» .............. 76

Цæллагкаты Светланæ
ТЕАТРАЛОН РАВДЫСТ «НÆРТОН СИМД» ...... 80

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

Гагиева Л.А.
ПРОГРАММА КРУЖКА «ЮНЫЙ КРАЕВЕД» .... 84

Хуыдæлты Мæдинæ
ВИКТОРИНÆ «ИРОН ÆВЗАДЖЫ
БÆСТÆЙЫ» .......................................................... 87

Цаллагова С.Ю.
СЦЕНАРИЙ КЛАССНОГО ЧАСА
«ЖИЗНЬ КАК ПОДВИГ» (К 120-ЛЕТИЮ В.И.
АБАЕВА) ................................................................. 88

## ФÆЛТÆРДДЗИНАД – БАФÆЗМ ÆЙ

Къæлхидты Эльвирæ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ
ФÆЛТÆРДДЗИНАД – БАФÆЗМ ÆЙ ............. 94

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «НЫВÆЦÆН-ÆРФЫСТ АБЫСАЛТЫ ЮРИЙЫ
НЫВ «НАСДЖЫНÆН»-МÆ ГÆСГÆ» .................. 99

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ
ТЕМÆ «НЫВÆЦÆН-ТÆРХОН АБЫСАЛТЫ ЮРИЙЫ
НЫВ «ХЪАРМ ÆХСÆВ»-МÆ ГÆСГÆ» ........... 104

**НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!**



*Стыр æхсызгонæй уын æрвитæм нæ журналы ног номыр. Уырны нæ, кæй та йыл бацин кæндзыстут, йæ æрмæджытæ уын кæй феххуыс уыдзысты уæ куысты мидæг.*

*Журналы ацы номыр уагъд æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады Паддзахадон программæ «Ирон адæмы национ-культурон райрæзт»-мæ гæсгæ.*

*Ацы пъланы мадзæлттæ æнтыстджынæй æххæстгонд цæуынц скъоладзауты æмæ ахуыргæнджыты активон архайдæй. Пъланмæ гæсгæ арæзт æрцыдысты Республикон онлайн-конкурс «Мадæлон æвзаг – мадау адджын» æмæ Республикон профессионалон конкурс «Методикон æвæрæн – 2021». Ацы мадзæлттæ хорз æххуыс сты ирон æвзаг бахъахъхъæнынæн æмæ йæ дарддæры рæзтæн.*

*Хорзыл нымайæм, ахуыргæнджытæ кæй архайынц, нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрад цы конкурстæ аразы, уыдоны. Сæ фæрцы парахатгонд цæуы педагогон фæлтæрддзинад. Конкурсы архайд ахуыргæнæгæн у ныфс æмæ разæнгарддзинады хос. Ацы хъуыддаджы нæ институт кæддæриддæр вæййы уæ фарсмæ. Сидæм уæм профессионалон конкурсты активондæрæй архайынмæ.*

*Журналы фæрстыл ссардзыстут конкурсты архайджыты æрмæджытæ, раппæлинаг фæлтæрддзинад.*

*Зынаргъ ахуыргæнджытæ, нæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, фæрнæйдзаг æмæ амонддджын ут.*

*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***



## *Абайты Васо ирон æвзаджы тыххæй*

*«Ирон æвзаджы ис ахæм дзырдтæ «фæсмон» æмæ «æфсарм», кæцытæ уыйбæрц рæстæг фæцардысты, æмæ дур æмæ бронзæйæ конд дзаумæттæ дæр уыйбæрц нæ фæлæудзысты».*

*«Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæнты тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых. Ирон æвзаг у тынг тасаг æмæ рæсугъд, хъæздыг æмæ цардхъом».*

*«Мæ царды фылдæр рæстæг Мæскуыйы арвыстон. Фæлæ абоны онг мæ мадæлон æвзагыл стырзæрдæ нæ кæнын. Истæуыл куы фæкусын, уæд ыл фыццаг фæхъуыды кæнын иронау, уый фæстæ йæ ныффыссын уырыссагау».*

*«Мадæлон æвзаджы культурæ райдайы бинонты 'хсæн. Æмæ хъæуы аудын, цæмæй дзы уый æлдариуæг кæна».*

*«Мадæлон æвзаджы хорз зоныны фæрæзтæй иу у бинонты æхсæн иронау дзурын».*

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## 2020-ÆМ АЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ÆППÆТУÆРÆСЕОН КОНКУРСЫ АРХАЙДЖЫТÆ

***Газзаева Ирина Георгиевна,***
***учитель родного (осетинского) языка и литературы МАОУ БСОШ №7 им. А.С. Пушкина с углубленным изучением английского языка г. Владикавказа РСО-Алания***

## МОИ ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ НАХОДКИ

Наверное, каждый из нас задавал себе вопрос… Как в эпоху глобализма, стремительного смещения духовных ценностей и ориентиров привить ребенку любовь к родному языку, научить его уважать культуру и традиции своего народа? Как найти учителю единственно верные, искренние слова, способные увлечь за собой ученика в мир высокой поэтики Нартов, заставить прикоснуться к чистейшему роднику народной мудрости, добра и терпимости? Как высечь в сердце ученика искру, из которой бы потом разгорелось пламя? Пламя любви, способной осветить жизнь и придать ей глубокий смысл и озарение… пламя любви к земле своих предков…



Конечно, можно научить ребенка грамотно писать, говорить на родном языке, но гораздо острее стоит проблема бездуховности.

Поэтому основным аспектом для своей урочной и внеурочной деятельности я выбрала духовно-нравственное развитие и воспитание учащихся.

Реализуется это в основном на нетрадиционных уроках: уроках-проектах, уроках-мастерских, уроках-акциях, и в активно проводимой мною внеклассной работе. Именно эти формы урочной работы делают процесс обучения ярче, зрелищней и вызывают большой интерес и мотивацию к обучению.

Достижению *духовно-нравственного развития и воспитания учащихся* способствуют решаемые мною задачи:

- формирование способности к духовному развитию;
- реализация творческого потенциала в учебно-игровой, предметно-продуктивной деятельности на основе нравственных установок и моральных норм.

Воспитанию базовых общероссийских и общечеловеческих ценностей, национальных и этнических духовных традиций способствуют *уроки-мастерские*.

К примеру, *урок-мастерская «Национальный костюм глазами современного человека»*. Урок, который формирует творческое и продуктивное мышление школьников, на котором осмысленные действия помогают школьнику создать свой эскиз современного национального костюма, выстроить параллель с национальными костюмами других народов, определить схожесть и различие их компонентов. Такой урок дает возможность самовыражения не только ребенку, но и учителю. А ведь я сама в детстве мечтала стать модельером, и вот сбылась моя мечта!

Очень важно развивать в детях познавательный интерес к осетинскому народному творчеству, которое формирует нравственное самосознание личности: совести – по-осетински *æфсарм*, порядочности – *æгъдау*.

А способствует этому обращение к Нартскому эпосу.

*Урок-диспут «Мы – потомки Нартов».*

На нем ребята отстаивают свою позицию, спорят, приводят аргументы. Здесь я использую метод критического мышления, приемы «мозговой штурм», «логические цепочки».

И снова я возвращаюсь к диалогу культур. На уроке звучат имена и русских былинных героев, – ведь героев любого эпоса объединяют любовь к своей земле и готовность постоять за свой народ.

Конкурсный урок.

Я провела ряд уроков, посвященных 75-летию Победы советского народа в Великой Отечественной войне. В основном это были уроки в музеях, на площадях и у памятников павшим героям.

*Да, мы не помним той войны,*
*живём насущным, настоящим.*
*Но я уверен: мы должны*
*не забывать тех, кто однажды*
*не дал пропасть своей стране.*
*Тем сильным и великим людям,*
*кто закалил сердца в огне,*
*мы вечно благодарны будем…*

*Цель урока:* воспитание любви к Родине. Урок пробуждает в детях патриотические чувства.

*Тип урока:* первичное предъявление новых знаний.

*Урок построен* на основе технологии критического мышления.

*Основной метод*, которым пользуюсь на уроке – метод эмоционального погружения учащихся в пространство художественного произведения.

Мотивации учебной деятельности в начале урока способствовал видеоматериал о боевых действиях битвы за Кавказ. Я прочитала школьникам письмо фронтовика.

Видеосюжет и аудиоматериал помогли нам определить тему урока «*Наша Победа – в нашем единстве».*

Актуализация имеющихся знаний была проведена с опорой на проектные работы учащихся. Тема проектных работ «Они сражались за Родину».

Учащимся было предложено выполнить в виде проекта следующее задание: собрать информацию о молодых осетинских поэтах и писателях, не вернувшихся с войны, опираясь на материалы сборника «Прощай, моя Осетия…» и написать эссе.

В ходе работы над проектом учащиеся

познакомились с талантливыми поэтами и прозаиками, которые оставили короткий, но очень яркий след в осетинской литературе.

Следующий этап урока – беседа по прочитанному стихотворению «Ари-ма дон…» («Дай мне воды напиться»). Автор стихотворения Алекса Максимейко, участник боев за Кавказ. В 1942 году он был ранен под Владикавказом, и спасла его от смерти осетинка Клавдия Тменова, которой он и посвятил это стихотворение.

Перед беседой была поставлена задача: добиться отчётливого понимания авторского замысла и помочь выразить своё отношение к прочитанному.

Более полному восприятию произведения способствовала работа с видеофрагментом, в котором сын той самой горянки-осетинки рассказывает о героическом поступке своей матери.

Этап открытия новых знаний проходил в необычном месте – на Барбашовом поле, в музее под открытым небом. Особым местом военно-исторического мемориала Барбашово поля является легендарный дзот, куда мы и спустились с ребятами. Здесь я познакомила школьников со стихотворением осетинского поэта-фронтовика Гриша Плиева. Стихотворение называется «В окопе». В нем говорится об единстве советского народа, о проявленном героизме солдат разной национальности во время Великой Отечественной войны.

*Первичное усвоение новых знаний.*

Ребятам было дано задание выразить с помощью кластера, с чем у них ассоциируется слово «ВОЙНА».

На этапе анализа литературного произведения использовался мозговой штурм,

Далее использовался прием театрализации. Я предложила ребятам представить себя героями стихотворения, находившимися в окопе, и написать письмо матери или любимой девушке.

Вывод, к которому пришли школьники: Боевое братство и трудовой подвиг людей стали гарантом Великой Победы советского народа в Великой Отечественной войне.

На этапе рефлексии была проведена работа с акростихом.

Завершился урок возложением цветов к памятнику Петру Барбашову.

Существенное значение в работе учителя родного языка имеет внеклассная, внеурочная работа со школьниками. Во внеурочной деятельности важно решать задачи развития толерантной личности, личности, способной к восприятию других культур, к милосердию, сопереживанию.

В нашей школе традиционной стала ежегодная благотворительная рождественская ярмарка, в подготовке которой я принимаю активное участие.

Эстетическому развитию ребенка, созданию условий для самовыражения и самореализации способствуют театральные представления. На протяжении 10 лет я работаю с детьми на школьной сцене театра «Сырдон». Мы готовим мюзиклы, инсценировки, литературно-музыкальные композиции.

Формированию ценностного отношения к прекрасному, приобщению к истории родного края способствуют экскурсии. Мы частые гости в Доме-музее Коста Хетагурова, музее дважды героя Советского союза, Героя монгольской народной республики Исса Плиева и многих других.

Проводимая работа дает хорошие результаты. На сегодняшний день они таковы:

– преодоление пассивного интереса учащихся к предмету;

– повышение уровня нравственной культуры;

– умение сострадать и проявлять милосердие;

– сформированное патриотическое и гражданское сознание и самосознание.

Особую радость, конечно же, доставляет работа с творчески одаренными детьми. Это дети, которые пишут стихи, разрабатывают социальные программы и проекты на осетинском языке, интересуются языком и культурой своего народа.

Говорят, что есть звезды, которые, даже погаснув, еще на протяжении сотен лет несут свой свет Земле. Учитель мне видится именно такой звездой, ведь тепло и свет своего сердца он до конца дней щедро дарит детям.

**_Кцоева Марина Туганбековна,_**
**_учитель начальных классов_**
**_МБОУ СОШ №3 г. Алагира_**

# МОИ ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ НАХОДКИ

*«Учитель прикасается к вечности:*
*никто не может сказать, где*
*кончается его влияние».*
Генри Адамс



Говорят, жизнь прожить – не поле перейти. У каждого человека свой путь в жизни, своё «поле». И во многом этот путь зависит от выбора профессии. Счастлив тот, кто, выбрав свой путь, свою профессию, не жалеет о своём выборе.

Кто такой учитель? Каким он должен быть?

Учитель – это тот, кто создаёт будущее своими руками. От учителя во многом зависит формирование убеждений, мировоззрения, нравственных качеств детей.

Быть первым учителем ответственно вдвойне. Ибо именно от первого учителя зависит то, будет ли ребёнок чувствовать себя значимым в школе, будет ли он уверенным в себе, в своих способностях, возможностях, каковы будут уровень его самоуважения, самооценки.

Когда я готовилась впервые переступить порог класса, как учитель, я, как, многие, испытывала определённый страх. Ведь одно дело – теория, которой меня учили, и совсем другое дело – практика. Меня терзал вопрос: «Смогу ли? Справлюсь ли?» И именно тогда мне на глаза попалось высказывание немецкого педагога Адольфа Дистервега: «Плохой учитель преподносит истину, хороший – учит её находить». Именно эта мысль стала моим учительским кредо. И работу свою стараюсь строить так, чтобы помогать детям находить истину самим.

Довольно быстро я поняла, что одним из самых эффективных приёмов обучения в начальной школе является игра. Являясь, с одной стороны, развлечением, с другой стороны она может быстро перейти в обучение, в творчество, в модель типа человеческих отношений. Игра помогает быстро осваивать те или иные знания и быстро вырабатывать умения и навыки. Игровые технологии позволяют повысить темп работы, активность ребят. Игра может быть предложена в самых разных формах: урок-соревнование, урок– интервью, урок-презентация и т.д. И в организации подобных уроков приходят на помощь компьютерные, инновационные технологии, без которых в наше время трудно представить себе учебный процесс. Всё это позволяет сформировать самостоятельность в учебном труде.

Я стараюсь строить свои уроки так, чтобы создавались проблемные, поисковые, исследовательские ситуации, чтобы была возможность развивать в детях логическое мышление, способность к анализу, чтобы дети учились строить алгоритмы выхода из проблемных ситуаций. Кроме того, всё это позволяет смоделировать мне ситуацию успеха с учётом индивидуальных особенностей с целью включения детей в творческий поиск.

Учитывая возрастные особенности своих учеников, темп современной жизни, состояние экологии и многое другое, нельзя не использовать и здоровьесберегающие технологии: динамические паузы, смену видов деятельности, соблюдать санитарно-гигиенические нормы, благоприятный психологический климат.

Используются мной и разные виды контроля и учета знаний. Охватить практически всех учащихся, экономя при этом время, можно, например, с помощью интерактивной программы «Mimio-studio» и т.д.

Немаловажна и тесная продуктивная связь с родителями. Ведь они больше, чем кто-либо, заинтересованы в судьбах своих детей.

В настоящее время наблюдается повышенный интерес к изучению родного языка. Изучение истории родного языка в начальной школе является одним из основных источников обогащения учащихся знаниями о своём народе, воспитании любви к нему, формирования гражданских позиций.

Человек связан с прошлым, настоящим и будущим своей страны, необходимо, чтобы дети хорошо знали свои истоки, историю, культуру своего края, свой родной язык, на котором общались его предки.

Для достижения этих целей недостаточно ограничиваться уроками родного языка. Я преподаю не только русский язык и литературу, но и родной (осетинский) язык и родную (осетинскую) литературу. Стараюсь организовать работу так, чтобы дети не только на уроках изучали язык, но и были вовлечены во внеурочную деятельность. Мы разучиваем пословицы и поговорки, скороговорки, загадки, детские осетинские песенки, устраиваем конкурсы лучших чтецов на родном (осетинском) языке. Результаты радуют, например, ученик моего класса победил на муниципальном конкурсе чтецов «Уæлахизы салдат» («Солдат Победы»), посвященном юбилею осетинского поэта С.Чехоева.

Проектно-исследовательский метод помогает не только ученику, но и учителю получить удовлетворение от своего труда, совершенствовать своё мастерство. Использую этот метод уже давно и продуктивно. Так, моя ученица Караева Камилла участвовала в республиканском конкурсе «Моя родословная» со своей работой «Хъараты мыггаджы равзæрд» (История фамилии Караевых») и была удостоена Диплома I степени. Бесаева Агунда заняла I место в муниципальном конкурсе исследовательских работ «Зонады фидæн», рассказав историю своей фамилии.

К юбилею Великой Победы каждый ученик готовит небольшое сообщение-исследование о своём родственнике-участнике ВОВ на осетинском языке. И мы представляем «Бессмертный полк» своего класса на осетинском языке.

Все это пропагандирует осознание языка как формы выражения национальной культуры, взаимосвязи языка и истории народа.

В. Ключевский говорил: «Чтобы быть хорошим преподавателем, нужно любить то, что преподаёшь, и любить тех, кому преподаешь». Я думаю, что, любя свой родной язык, можно привить эту любовь своим ученикам, ведь в наше время это действительно важно и актуально – любить и знать свою историю, свои истоки!

# ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ КОНКУРС

## «СПАСИБО, ОСЕТИЯ, ЗА ЧУДЕСНЫЙ ДЕНЬ В МОЕЙ ЖИЗНИ!»

Вот уже десятый год подряд по инициативе Северо-Осетинского республиканского института повышения квалификации работников образования при поддержке Министерства образования и науки Северной Осетии проводится Межрегиональный профессиональный конкурс учителей родных языков субъектов СКФО и Республики Южная Осетия-Алания «Мы разные, но равные», призванный сохранить родные языки республик Северного Кавказа.

Лет восемь назад, после участия в этом конкурсе, в 2012 году я написала статью, которая называлась «Спасибо, Осетия, за новые крылья!» Моему восторгу, ярким эмоциям, восхищению не было предела. Я приехала тогда, заняв второе место в этом конкурсе. Конкурс творческий, поэтому он мне особенно близок. Ведь он открывает возможности проявить себя не только как учитель, но и как творческую личность. Когда я впервые читала положение конкурса, у меня создавалось впечатление, что конкурс был придуман для меня. Я влюбилась в него, еще держа на руках положение конкурса. А сколько замечательных, теплых слов, отзывов я услышала тогда по приезде во Владикавказ от совершенно незнакомых мне людей, не передать словами. Боюсь, буду выглядеть нескромной, если я напишу все слова, услышанные в свой адрес. Говорили совершенно незнакомые мне люди, люди, которых я видела впервые в своей жизни.

Тогда я приехала счастливой и окрыленной. Быть может, за последующий всплеск творчества и огня, который заново загорелся в моем сердце, я должна быть признательна и им, учредителям и организаторам этого конкурса. С какой любовью, и с каким трепетом они относятся к своему делу, как они любят свой родной язык.

Конкурс изначально задуман для того, чтобы сблизить и сдружить, чтобы дать возможность познакомиться друг с другом и обменяться опытом. Дело в том, что сам конкурс в 2020 году из-за пандемии проходил дистанционно. Мне в этом году в очередной раз выпала честь быть почетным членом межрегиональной экспертной комиссии. Все работы мы оценивали дистанционно, и я думала, что подведение итогов и награждение пройдет в такой же форме. Но потом к своей большой радости я узнала, что подведение итогов проводится во Владикавказе и все участники и члены жюри приглашаются туда.

И вот пятнадцатого декабря в шесть утра мы выехали в Осетию. Дорога была легкой, время проходило незаметно в интересной беседе, воспоминаниях и обсуждениях. И вот она, граница Осетии, перейдя которую уже сама природа превратилась в сказку. Белый иней, который украсил все деревья и кусты придавал этой картине удивительно сказочную красоту. Хотелось все снимать на камеру телефона, но снятые фрагменты даже на десятую долю не передавали тех ощущений, ту прелесть, которую видели наши глаза.

Поглощая всю эту захватывающую дух красоту восторженным взглядом, потихоньку подъезжали мы к зданию Владикавказского торгово-экономического техникума, расположенного в центре города на Миллера. Пока, выйдя из машины, мы оглядывались, ища глазами нужное нам здание, к нам подошли очень приятные ребята, вероятно,

студенты техникума, и, вежливо поприветствовав, проводили нас до актового зала.

Всех участников я уже узнавала, поскольку в течение нескольких дней мы дистанционно просматривали и оценивали весь конкурсный материал. Я искала знакомых членов жюри из других республик.

Каждая из этих республик оставила в моей душе неизгладимый отпечаток, поскольку не просто приезжала оттуда с победами и подарками.

Удивительно теплое чувство сохранилось в моем сердце к Кабардино-Балкарской республике. Там в 2014 году я стала абсолютным победителем этого конкурса. Не подумайте, пожалуйста, что я этим хвастаюсь. Здесь совсем другое. Здесь неизгладимые воспоминания, которые все эти годы теплят мою душу, здесь восторг от отношения, уважения, любви, тепла.

Представьте себе один хотя бы случай из этого дня, полного эмоций и восторга, исходящего от совершенно незнакомых людей. Подходит ко мне брат одной из участниц, который приехал поддержать свою любимую сестру и говорит: «Я сказал сестре, что приехал сюда болеть за тебя, а теперь я болею за эту дагестанку». Представьте себе, что люди, которым нужно было уехать до завершения конкурса, потом звонили и узнавали, выиграла ли та дагестанка. «Если выиграла, значит, действительно, справедливо оценивали». Это слова совершенно чужих людей. Хотя язык не поворачивается называть таких людей чужими. Вот это я называю диалогом культур. Вот эти отношения людей являются истинной целью и лучшим результатом таких конкурсов.

…Увидела на закрытии и Ольгу Ивановну Артёменко, директора научно-исследовательского центра национальных проблем образования ФИРО РАНХиГС, председателя Ассоциации учителей родных языков. Ольга Ивановна также является членом комиссии по образованию и историческому просвещению Совета при Президенте РФ по межнациональным отношениям. Оказалось, что она в то время была в командировке во Владикавказе.

…Что же так сблизило и сдружило нас всех? Ничего удивительного. Это любовь к своему делу, любовь к своему народу и родному языку. Я, как и каждый из нас, горячо люблю свою Родину и свой язык. Но я также люблю и ценю людей, которые горят своим делом, которые работают не для красного словца, а для своего народа. Работают и творят для сохранения своей идентичности, своей уникальности, ибо нас такими создал сам Всевышний, и мы в свою очередь, должны сохранить все то наследие, все то богатство, которым наделены. Благодаря этому конкурсу я приобрела много друзей и влюбилась в языки, песни, танцы Северной Осетии и Кабардино-Балкарии. Влюбилась в людей, живущих в этих республиках.

В общем, скромное открытие взамен привычному, грандиозному представлению, минимум присутствующих взамен переполненному залу и награждение победителей и участников. Конечного результата никто из нас не знал, каждый из членов жюри отправлял по электронной почте свои оценочные листы, поэтому результат конкурса и для нас самих был до последнего момента неизвестен. Мне тоже выпала честь вручить подарки и грамоты всем участникам конкурса. Завершился этот праздник родных языков дружеским обедом с обсуждением наболевших проблем за круглым столом. Ну, куда без осетинского гостеприимства и осетинских пирогов?! Это уже отдельная история для отдельной статьи.

С удовольствием слушала всех участников конкурса, но конкурс есть конкурс, и в любом конкурсе есть победители.

Я от всей души поздравляю победителей конкурса – учителя балкарского языка Мадину Узденову, учителя осетинского языка Ларису Албегову и нашу дагестаночку, учителя азербайджанского языка Эльмиру Мовланвердиеву.

Всем остальным участникам я желаю в будущем победы на таких творческих конкурсах. А пока это для них бесценный опыт в профессиональной деятельности.

Молодые педагоги были очень благодарны ректору ДИРО Гамзату Магомедга-

зиевичу Джамалутдинову и старшему преподавателю кафедры филологии Юсуповой Райганат Магомедовне за предоставленную возможность принять участие в этом конкурсе. Они ещё молоды, и у них все самое лучшее еще впереди.

Кстати, фраза «земля круглая», еще раз оказалась актуальной. Когда-то прапрадед моей невестки, внук знаменитого Абдурахмана аль Сугури, Муртазали, был муфтием Карачаево-Черкессии. Он женился на карачаевской княгине Талмарал Байчоровой, которой дали потом имя Айша. Их семья была выслана в Киргизию, куда же, под предлогом раскулачивания, выслали и семью моего двоюродного деда из села Тумагари Хунзахского района. Моей семье тогда удалось избежать этой же участи. Там и росли по соседству родители моей Айши. А потом они поженились и теперь живут в Дагестане. Так вот, участник конкурса Ринат Байчоров, единственный мужчина на этом конкурсе, по всей вероятности относится к тому же роду Байчоровых, к которому относится и моя Айша по материнской линии. Как мне сказали, Байчоровы из Теберды все относятся к одному княжескому роду. Вот так, через этот конкурс я нашла не только друзей, но и родственников.

Диплом и подарок Эльмиры Мавланвердиевой мы привезли в Дагестан. К сожалению, она не смогла приехать на конкурс. Пяти минут разговора с ней мне было достаточно, чтобы понять, что это не только творчески работающий, любящий свое дело педагог, но и очень теплый, добрый, хороший человек. Ведь это самые важные качества, которые я ценю в людях. Не должность, не положение, а человечность – мерило цены каждого из нас.

В Осетии у меня прекрасные друзья – мои любимые работники института повышения квалификации работников образования. Они безумно влюблены в свое дело, любят и ценят творчески работающих учителей родных языков. Особая благодарность ректору института Исаковой Людмиле Сулеймановне, которая поддерживает этот конкурс, ставший таким теплым, таким родным. Конкурс, с которого ни один участник не уезжает, не почувствовав себя Учителем с большой буквы.

Желаю нашим осетинским друзьям кавказского здоровья и долголетия, больших успехов в профессиональной деятельности и высоких полетов творчества. Надеюсь, что в ближайшее время смогу приехать к ним по обмену опытом, посетить национальную гимназию, в которой все предметы преподаются на родном осетинском языке. Это же сказка в наше время!

Известный российский ученый, мой земляк и кумир Шамиль Алиев сказал: «То, что сделано, не обязано быть великим, оно может быть маленьким. Но для этого маленького ты отдал всё. Твое величие в искренности того, что ты делаешь». Каждый из нас вносит свой маленький вклад в общее дело сохранения и процветания наших языков и культур. Пусть будет искренним все то маленькое, что мы вкладываем для достижения великой цели. Ведь только тот, кто ценит культуру и язык своего народа способен с уважением относиться к языку и культуре других народов. А для нас очень важно вырастить и воспитать поколение таких людей, ведь они – будущее нашей многонациональной страны, нашей общей Родины.

Вековая народная мудрость гласит: «Лишь тот в жизни пожнет щедрый урожай успеха, кто посадит в землю зерно мудрости и созидания». Пусть наш Кавказ и наша страна, в целом, станет страной щедрых урожаев на полях образования! А я еще раз от себя скажу: «Спасибо, Осетия, за еще один чудесный день в моей жизни!»

***Мухумаева Сарат Магомедовна***, учитель аварского языка, победитель конкурса «Всероссийский мастер-класс учителей родных языков, включая русский», абсолютный победитель Межрегионального профессионального конкурса учителей родных языков субъектов СКФО «Мы разные, но равные».











# МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС – 2021

15 майы Джызæлы 2-æм астæуккаг скъолайы кадджын уавæры ацыд Методикон æвæрæнты республикон конкурс. Конкурс ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн дæтты хорз фадат сæ фæлтæрддзинад равдисынæн, цы методикон мадзæлттæй пайда кæнынц, уыдонимæ базонгæ кæнынæн.

Конкурс арæзт уыд дыууæ хайæ. Фыццаг хайы фæсаууонмæ архайдтой 15 ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы республикæйы алы районтæй æмæ Дзæуджыхъæуæй. Уыдонæй дыккаг хайы йæ фæлтæрддзинад равдисыны бар лæвæрд æрцыд 10 ахуыргæнæгæн.

Конкурсы архайджытæ жюрийы уæнгты базонгæ кодтой сæ куысты ногдзинæдтимæ, нырыккон ахуырадон технологиты быиндурыл скодтой мастер-класстæ, равдыстой сæхи авторон методтæ, урокты рæстæг цы раззагдæр куысты хуызтæй фæпайда кæнынц, уыцы мадзæлттæ. Каст цыд ахуыргæнджыты иумæйаг цæттæдзинадмæ, сæ коммуникативон культурæмæ.

Жюрийы уæнгтæ уæлдай аргъ скодтой ахуыргæнджытæн сæхи æрхъуыдыгонд куысты хуызтæн, сывæллæттæн ирон æвзаг æмæ литературæ бауарзын кæнынæн ахадгæ чи у, уыцы мадзæлттæн.

Конкурсы уæлахиздзауыл нымад æрцыд Дзæуджыхъæуы скъола-гимназ «Диалог»-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Къæлхидты Эльвирæ.***

Ахуыргæнджытæ хорзæхгонд æрцыдысты Цæгат Ирыстон-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады кады гæххæттытæй æмæ æхцайы фæрæзтæй.

Къæлхидты Эльвирæ ацы аз нæ республикæйы номæй архайдзæн Мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты Æппæтуæрæсеон конкурсы (мастер-классы) Мæскуыйы. Нæ зæрдæ йын зæгъы стыр æнтыстытæ!






Мадина Симисторовна
Губиева
учитель осетинского
языка и литературы,
МБОУ гимназия №16





# АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

**Майрæмыхъуаты Фатимæ,**
**АКЗУИ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг**

## НЫВМÆ ГÆСГÆ КУЫСТ УРОЧЫ

### *Санахъоты Барисы ныв «Фидæн»-мæ гæсгæ арæзт урочы æрфыст*

Санахъоты Барисы ныв «Фидæн»-мæ гæсгæ урок скæныны размæ скъоладзаутæн раттын хъæуы хæслæвæрдтæ:

– сахуыр кæнын Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæтæ «Скъолайы лæппу», «Фыдуаг», «Кæмæн цы?»;

– хи ныхæстæй дзурынмæ бацæттæ кæнын Хетæгкаты Къостайы царды хабæрттæ.

Ахæм хæслæвæрдтæ баххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ цæттæ уыдзысты ныв æвзарынмæ, нывы мидисыл дзурынмæ.

Дарддæр цыбырæй æрдзурæм урокыл.

1. Ахуыргæнæджы ныхас нывгæнæджы тыххæй.

Санахъоты Барис уыд Гуырдзыстоны Сгуыхт нывгæнæг. Йæ уацмысты равдыста ирон адæмы цардыуаджы нывтæ.

Санахъоты Барис ымад уыд арæхстджын портретистыл. Ис æм, ирон сылгоймæгты фæлгонцтæ кæм равдыста, ахæм куыстытæ. Фæллойуарзаг, уæздан æмæ рæсугъдæй равдыста йæ уацмысты ирон сылгоймæгты.

Нывгæнæджы куыстытæн сæ хуыздæр у «Фидæн».

2. Нывгæнæджы хъуыды хуыздæр бамбарынæн, нывы хуыздæр равзарынæн байхъусын Къостайы царды хабæрттæм. Къостайы рухстауæн куысты тыххæй дзурынц ахуыргæнæг æмæ сывæллæттæ (скъоладзауты къорд хъуамæ бацæттæ кæной презентацион æрмæг).

Къоста тынг лæмбынæг каст ирон сабиты цардыуагмæ. Сывæллонæй бирæ зынтæ кæй федта, уымæ гæсгæ сын арф æнкъардта сæ миддуне, сæ бæллицтæ. Хохаг сывæллæтты хъысмæтыл сагъæс кæнгæйæ, йæ «Особа»-йы бæлвырдæй æвдисы чысыл фыййæутты хъизæмæрттæ.

Нары скъолайы ахуыр кæнгæйæ, Къоста йæхиуыл бавзæрста йæ рæстæджы ахуырты хъæндзинæдтæ. Фæстæдæр бафиппайдта: «Фылдæр æргом здахын хъæуы хæххон тызмæг уавæрты рæзæг мæгуыр сабитæм. Скъола алы хъæуы нæй. Хъæутæ та кæрæдзийæ дард сты, æмæ даргъ зымæг бæгънæг, бæгъæввад сывæллæттæй бирæтæ баззайынц хæдзары бадгæйæ».

Дзæуджыхъæуы интеллигенцийы курдиатмæ гæсгæ Къоста архайдта, сфæлдыстадон тæфаг кæмæ хæццæ кодта, уыцы

ирон сывæллæттæн аивæдты скъола байгом кæнынил. Горæты хуыцаубоны скъолаты амыдта литературæ æмæ нывкæнынад, лыг кодта сывæллæтты физикон хъомылады фарстатæ, хъуыды кодта спортивон хъæзтытæ кæнынæн уавæртæ аразынил. Канд ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй дæр архайдта ирон фæсивæды 'хсæн рухстауæн куыст кæнынил.

Къостайы æмдзæвгæтæй бирæтæ сабиты цыбæл кодтой ахуырмæ, разæнгард сæ кодтой ахуыры фæндагмæ:

*«Цæттæ дæ хызын дар,*
*Тагъд де скъоламæ уай!*
*Æнæзивæг куы уай, -*
*Хуыздæр бынат дæ хай…*
*Зондамонæгмæ хъус,*
*Цы зæгъа, уый-иу кæн,*
*Зæрдæхъæлдзæгæй кус*
*Æмæ бæззай лæгæн!..»*

– фæдзæхсы поэт ирон сабийæн.

Къоста ныййарæгау сидти кæстæртæм: «Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!» Æрмæст цалдæр ацы дзырды дæр æнæкæрон арф хъуыды ис. Рухсмæ хонæг фæндагæй амондджындæр нæй. Рухс у зонд, ахуырад, уæлахизтæм хонæг тых. Уыцы фæндаг чи равзара, уый йæ нысанмæ кæй фæхæццæ уыдзæн, ууыл Къоста дызæрдыг нæ кæны æмæ йыл йæ кæстæрты æнæзивæгæй уымæн цæуын кæны. Æнæзивæгæй æмæ æнгомæй.

1897 азы Къоста Стъараполмæ цы фыстæг арвыста, уым дæр гимназисттæн амыдта: «Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй зонæдтæ æмæ аивæдты мидæг уе 'нтыстытæй, уæхи дарынæй канд гимназы нæ, фæлæ уæ хæдзæртты дæр æдзух ныййарджыты зæрдæ рухс кæнат, уый».

Фыссæг хорз æмбæрста, национ ахуырады фарста канд педагогон хъуыддаг кæй нæу, фæлæ социалон-политикон, паддзахадон хъуыддаг. Ахуырад æмæ хъомылады фарстатæм цас хъусдард цæуы, уымæй аразгæ кæй у адæмы фидæн, Ирыстоны хъысмæт.

Поэт хуымæтæджы нæ каст афтæ лæмбынæг скъолайы фарстатæм, дзæгъæлы нæ архайдта йæ рапарахат кæнынил, ирон сабийæн ахуырмæ фæндаг айгæрдынил. Уый æмбæрста, кæцыфæнды культурæйæн дæр йæ бындурæвæрæг адæймаг кæй у. Скъолайы сæйраг хæсыл нымадта, сфæлдыстадон хъару æмæ ныфс кæмæ ис, йæ уидæгтæн аргъ кæнын чи зоны, йæ алыварс дунемæ раст цæстæй кæсын чи арæхсы, ахæм адæймаг хъомыл кæнын.

3. Байхъусын Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæтæм.

4. Нывмæ гæсгæ дзырдуатон куыст бакæнын.

а) Равзарын дзырдты æмæ дзырдбæстыты нысаниуæг: фидæн, куырæт, нымæтхуд, хъама, къухы ауонæй кæсын, дардмæ фæлгæсын, æрвон тыгъдад, бæгъæввад, бæллиц;

æ) синонимтæ ссарын: дардмæ фæлгæсын, бæгъæввад, ныфс дæттын, зæрдæтæ æвæрын.

5. Нывы анализимæ баст куыстытæ.

1) Лæмбынæг æркæсын нывмæ.



2) Фæрстытæн дзуапп раттын:

– Кæй уынут нывы?

– Кæдæм схызт Къоста сывæллæттимæ?

– Кæдæм у се 'ргом арæзт? Цæмæн?

3) Равзарын Къостайы сурæт.

– Цавæр у Къоста нывы? (Йæ уæлæдарæс, йæ цæстæнгас, йæ лæуд). Цæмæн скодта сывæллæтты ахæм бæрзонд ранмæ?

– Куыд уæм кæсы, цавæр ныхæстæ дзуры Къоста сывæллæттæн? Цавæр ныфсытæ сын æвæры?

– Куыд бантыстис нывгæнæгæн Къостайы характер, йæ зондахаст, йæ миддуне, йæ идеалтæ раргом кæнын?

4) Ærдзурын сывæллæтты æддаг бакастыл.

– Цавæр у сывæллæтты æддаг бакаст? (сæ дарæс, сæ цæсгæмттæ).

– Цавæр хæдзæрттæй рацыдысты? Цæмæй бæрæг у?

– Разæй цы чызг лæууы, уый къухы – чиныг. Цæуыл дзуры уый та?

– Цы нысан кæны, афтæ бæрзонд кæй схызтысты, уый?

5) Нывы сæргонд равзарын.

– Цæмæн хуыйны нывы «Фидæн»? Ахæм ном ын кæй ис, уымæ гæсгæ цавæр у йæ сæйраг хъуыды?

– Цавæр сæргонд ма йын раттæн ис?

6) Нывы композицион арæзт равзарын (разæй, астæуæй, фæсте).

7) Ærдзурын нывы ахорæнтыл, сæ хуызтыл.

– Цавæр ахорæнтæ ис фылдæр нывы?

– Нывы ссарын ирд бынæттæ (арв, тыгъдад). Сæхимæ ’лвасынц, æрвон тыгъдад – рухс фидæны символ.

8) Нывы сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын. Цæмæ сиды, сымахмæ гæсгæ, автор?

9) Нывы сюжет абоны цардимæ абарын. Куыд аивта цард? Къостайы бæллицтæ сæххæст сты?

10) Цавæр хъуыдытыл уæ æфтауы ныв?

11) Нывы арæнтæй ахизын. Цы уыди цымæ, нывы цы æвдыст ис, уый размæ?

Куыд схуыдта Къоста ацы сывæллæтты рагъы сæрмæ? Цæмæн сæ скодта ардæм? Цæй символ у рагъ?

Цы уыдзæн уый фæстæ та?

Цымæ, куыд аивдзæн сывæллæтты хъысмæт Къостаимæ фембæлды фæстæ?

12) Нывмæ кæсгæйæ, дзырдтимæ дзырдбæстытæ саразын. Дзырдбæстытæ аразгæйæ, спайда кæнын абарстытæй.

Хох –

Къостайы æддаг бакаст –

Сывæллæттæ –

Сывæллæтты дарæс –

Цæсгæмттæ –

Цæстæнгас –

13) Нывмæ гæсгæ диалог саразын. Репликæтæ æрхъуыды кæнын.

14) Къостайы уацмыстæй кæцыты рæнхъытæ æрлæууыдысты уæ зæрдыл, нывмæ кæсгæйæ? Кæцы рæнхъытæ равзардзыстут уæ сочиненийæн эпиграфæн?

15) Сочиненийы текст цавæр уыдзæн йæ хуызмæ гæсгæ (таурæгъон).

16) Цавæр сæргонд æрхъуыды кæндзыстут уæ сочиненийæн?

– Куыд райдайдзыстут уæ сочинени?

– Сæйраг хайы цы фыссут?

– Цæмæй фæуыдзыстут уæ куыст?

17) Цавæр уыдзæн уæ куысты композици (пълан)?

Зæгъæм:

1. Къоста кæддæриддæр бæллыд ирон сабиты рухс фидæнмæ.
2. Къоста сывæллæтты схуыдта бæрзонд рагъы сæрмæ.
3. Персонажты æддаг бакаст.
4. Нывы ахорæнтæ, сæ нысаниуæг.
5. Нывы сæйраг хъуыды.
6. Цавæр æнкъарæнтæ мæм гуырын кæны ныв?

***Габеты Лаурӕ,***
***Дзӕуджыхъӕуы Хетӕгкаты Кьостайы Мемориалон хӕдзар-музейы сӕргълӕууӕг***

# ЦӔЛЫККАТЫ ЕЛЕНӔЙЫ МЫСИНӔГТӔ КЪОСТАЙЫ ТЫХХӔЙ

«…Бирӕ азты дӕргъы Къоста зонгӕ уыд нӕ бинонтимӕ. Фыццаг хатт Къостаимӕ фембӕлдыстӕм 1889 азы. Уӕд мах цардыстӕм Дзӕуджыхъӕуы Тарскы уынджы, Кочынаты хӕдзары. Уыцы рӕстӕг уый райдыдта ӕмдзӕвгӕтӕ фыссын, нывкӕныны куыст дӕр кодта.

Мӕ фыд, Цӕлыккаты Алыксандр, куыста дины ахуыргӕнӕгӕй ирон чызджыты скъолайы. Чызджыты скъолайы куыста мӕ хистӕр хо Юлианӕ дӕр. Мӕ кӕстӕр хо Аннӕ та дзы ахуыр кодта.

1891 азы ирон чызджыты скъолайыл ӕнамонд хабар ӕрцыд: гуырдзиаг Экзархаты архайдӕй ӕхгӕд ӕрцыд. Юлианӕйы Чырыстон хъӕумӕ аивтой ӕмӕ уым куыста ахуыргӕнӕгӕй. Мӕ фыдӕн ирон чызджыты скъола уыд стыр зынаргъ. Скъола кӕй сӕхгӕдтой, уый тыххӕй йӕ мастӕн кӕрон нал уыд! Уый ирон интеллигенциимӕ карзӕй архайын райдыдта, цӕмӕй бынӕттон хицауады тӕрхон ивд ӕрцыдаид. Уыцы рӕстӕг ӕз ӕвваххсдӕр базонгӕ дӕн Къостаимӕ. Уый ацы тохы мидӕг ссис сӕйраг архайӕг, мӕ фыдимӕ иумӕ ирон интеллигенцийы минӕвӕрттӕй сарӕзтой къорд. Ацы къорд стыр тох кодта ахуыргӕнӕндон фӕстӕмӕ бакӕныныл. Ӕппынфӕстагмӕ къорды зӕрдӕбын архӕйдтытӕй куы ницы уад, уӕд сфӕнд кодтой «стыр хицауы номыл» курдиат бадӕттын. Куыд хъуыды кӕнын, афтӕмӕй курдиат ныффыста Къоста нӕ фатеры. Фидарӕй зӕгъӕн ис, ӕрмӕстдӕр Къостайы зӕрдиаг архайды фӕрцы бакодтой фӕстӕмӕ чызджыты скъола, ӕмӕ ма дзы ахуыртӕ цыдысты дыууын азы дӕргъы.

Зындгонд куыд у, афтӕмӕй Къоста ацы хъуыддаджы тыххӕй ӕфхӕрд баййӕфта: ӕрвыст ӕцыд Ирыстонӕй. Къостаимӕ иумӕ хаст ӕрцыдысты ирон адӕмон ахуыргӕнджытӕ дӕр. Мӕ фыдӕн ма Дзӕуджыхъӕуы баззайын бантыст афӕдз ӕмӕ ӕрдӕджы бӕрц, стӕй уый дӕр Пятигорскмӕ аивтой. Мӕ фыды мастӕн кӕрон нӕ уыд, чызджыты скъолайӕн ахӕм митӕ кӕй бакодтой, уый тыххӕй, ӕмӕ дзырдта, зӕгъгӕ, куы ма йӕм бавналой, уӕд мӕ пӕлӕз раласдзынӕн.

Къоста мӕ кӕстӕр хо Аннӕйы бауарзта. Уый ма уӕд ахуыр кодта гимназы… Нӕ хӕдзары иу агъуыст ӕрмадзӕн ракуырдта ӕмӕ дзы нывтӕ кӕнын райдыдта. Къоста мӕ хойы кӕй бауарзта, уый нӕ алфамблайы цӕрджытӕ базыдтой, ӕмӕ мӕ фыд, йӕ хӕлар Б.Е. Кизеримӕ бауынаффӕ кӕнгӕйӕ, Къостайӕн нӕ хӕдзары фатер нал радта. Ацы цауы тыххӕй Хетӕджы фырт ныффыста ӕмдзӕвгӕ «Мӕн та сурынц, ногӕй та мын уырнын кӕнынц, хуыздӕр уыдзӕн, нӕ кӕрӕдзи куы ныууадзӕм, уӕд».

Аннӕ нӕ мады цӕрмыстыгъд бакодта. Нӕ мад уыд гуырдзиаг, амард, цы цауыл дзурын, уый хӕдразмӕ. Аннӕйӕн уыд стыр ӕнахуыр цӕстытӕ. Къоста сӕ нывы равдыста тынг хорз: йӕ рахиз цӕсты гагуы – чысыл тымбылдӕр, галиу – гӕзӕмӕ дӕргъӕццонгонд. Аннӕйы рахиз ӕрфыджы сӕрмӕ чысыл сау тӕпп. Уыдонмӕ кӕсынӕй ничи 'фсӕст.

Аннӕ Алыксандры чызг ирд зонды хицау уыд. Къостайы амӕлӕты фӕстӕ уый равдыста стыр курдиат ӕхсӕнадон алыхуызон куыстыты.

Къостайы уарзондзинад нӕ фӕмынӕг, Дзӕуджыхъӕуӕй куы ацыд, уӕд дӕр. Фӕ-

стæдæр Георгиевско-Осетинскæйæ Дыгуры Гагойы минæвар æрбарвыста мæ хо Аннæмæ, фæлæ йын уый не сразы. Уæд ма ахуыр кодта гимназы.

1898 аз Хъæрæсе æмæ Стъараполы цалдæр азы фæцæрыны фæстæ Къоста Пятигорскмæ æрбацыд æмæ Кавказы Минералон дæтты управленимæ кусынмæ бацыд. Уый раздæр цард уазæгдоны, стæй фатер баххуырста дохтыр Борисовскийы хæдзары.

Мах уæд цардыстæм Пятигорскы. Къоста изæрыгæтты иудадзыгдæг уыд махмæ, бонæй та нæм-иу ходæн кæнынмæ цыд. Уыцы рæстæджы Пятигорскы сырæзтис культурон къорд, Дзæуджыхъæуæй Пятигорскмæ цы ирон æфсæддон дивизион æрвыст æрцыд, уымæй. Йæ командир Михаил Анзелмович Лисщинский разындис хорз музыкант æмæ культурон адæймаг. Дивизионы офицерты 'хсæн уыдысты ирæттæ дæр – Къудайтийы фырт, Хабæты И.В., Абациты Д., Баситы Т., Смаилы-фырт æмæ æндæртæ. Уыдонæй бирæтæ уыдысты паддзахы ныхмæ æмæ 1905 азы цауты райстой активон архайд. Уыцы цаутæй чысыл раздæр Пятигорскмæ æрцыд зындгонд дохтыр В.А. Кобилин. Йæ ус Анна Карловна Жмакина тынг хорз зыдта фæсарæйнаг æвзæгтæ æмæ сарæзта нывкæнынад æмæ францаг æвзаг ахуыр кæныны къорд. Ардæм ма æрбаивтой «политикон архайæг» А.В. Траубейы дæр. Æцæг уый сахары хæрз цыбыр рæстæг фæцис, уайтагъд Киевмæ ацыд, фæлæ уæддæр немæ йæ бастдзинад нæ хæлдта. Мæ хо Аннæйы номыл уый Киевæй æрвыста чингуытæ æмæ алыхуызон сусæг литературæ: фехъусын нын-иу кодта, зæгъгæ, дам, ацы литературæ сымахæн æрвиты студентты къорд. Иуæй-иу хатт нæм-иу Дзæуджыхъæуæй дæр æрцыди В.Г. Шредерс – Къостайы хæлар сылгоймаг.

Хъазтизæрты-иу нæм æрæмбырд бынæттон интеллигенци, æвваxc хæлæрттæ та нæм æрвылбон дæр цыдысты.

Иу хатт Къоста, ног фатеры бацæргæйæ, йæ хæлæртты æрхонын æрымысыд. Ацы æрхуынд саразыны зæрдæбын хайад райстой йæ хæлæрттæ; мах ма нæ пианино дæр баластам йæ фатермæ. Хъазтизæры кодтам алыхуызон хъæзтытæ, зарыдыстæм, кæмæ цы фæндтæ ис, уыдон кæрæдзийæн дзырдтам. Уыцы изæр мах бауынаффæ кодтам Пятигорскы хихъæппæрисон спектакль равдисын. Лещинский нын бауынаффæ кодта пьесæ «Музæ» сæвæрын. Пьесæйы сæйраг сылгоймаджы роль æххæст кодта Аннæ Алыксандры чызг, Къостайы та фæндыд уыцы сæйраг архайæджы уарзон Ботовы ролы ахъазын. Скодтам цалдæр репетицийы. Спектакль уыд цæттæ. Комкоммæ зæгъын хъæуы уый, æмæ æвзонг бауарзæджы роль Къостайыл кæй не сфидыдта, рауад иу чысыл худæджы хуызæн, фæлæ спектаклæн уæддæр уыд стыр æнтыст.

Къостайы зæрдæбынæй фæндыд, Аннæ Алыксандры чызг ын йе 'мдзæвгæтæ иронау куы кастаид, уый. «Ды иронау куы фæкæсыс, уæд мын дæумæ кæсын вæййы стыр æхсызгон; дæумæ хъусгæйæ мæм афтæ фæкæсы, цыма ды уырыссаг дæ, æмæ дæ иронау кæсын сахуыр кодта дæ лæггадгæнæг чызг».

Æмдзæвгæтæ кæсыны рæстæг нын-иу Къоста æнæзонгæ дзырдтæ райхæлдта. Уыцы рæстæджы уый мыхуырмæ цæттæ кодта йе 'мбырдгонд «Ирон фæндыр».

Къостайы Кавказы арæнтæй куы хастой, уæд æй мах иууылдæр – не 'ртæ хо æмæ офицертæ Хабæты И.В. æмæ Баситы Т. – афæндараст кодтам Минералон дæтты онг.

Херсоны хасты рæстæджы Къоста махмæ писмотæ æрвыста тынг арæх.

Къоста йæ хастæй куы суæгъд, уæд сыздæхт Пятигорскмæ, æрцард нæ хæдзарæй чысыл фалдæр. Тагъд рæстæджы йæм Дзæуджыхъæуæй ирон минæвæрттæ 'рцыдысты. Уыдон æрбаластой ирон бæгæны æмæ дыууæ æвзистарæзт сыкъайы. Минæвæрттæн сæ иу уыд хъæууон ахуыргæнæг Саламы-фырт.

Къоста минæвæртты йæхимæ райста нæ хæдзары – йæхи фатер, уазджытæ райсынæн æгæр чысыл уыд. Къоста минæвæртты номыл сарæзта цытджын сихор. Тынг бирæ адæм дзы уыд. Къостайæн цыт кодтой, куыд «Ирон фæндыр»-ы автор æмæ хохаг мæгуыр адæмы хæларæн.

Уыцы бонты сфæнд кодтой Къостайы пьесæ «Дуня» сæвæрын дæр. Аннæ Алык-

сандры чызг дзæвгар рæстæг нæ разы кодта Дуняйы ролы ахъазыныл æмæ Къостайæ куырдта, цæмæй пьесæйы кæрон аива: пьесæмæ гæсгæ Дуня йæ ныййарджытыл йæ къух систа, æмæ йæ кæмæ фæндыд, уымæ смой кодта. Аннæ Алыксандры чызг дзырдта: «Сылгоймаг æнæмæнг хъуамæ мой цæмæн скæна?» Къоста-иу ацы ныхæстыл бахудт. Хаттæй-хатт-иу сæм æрцыд стыр быцæутæ дæр.

Театралон равдыст сæвæрын уыд тынг зын. Сæрмагонд æххуыс нæ уыд. Алцыдæр хъуыд хæдзарæй хæссын, суанг фæтæген цырагъы онг. Бирæ рæстæг цы театралон равдыстмæ æнхъæлмæ кастыстæм, уый равдисыны изæр æрхæццæ. Билæттæ иууылдæр уæйгонд æрцыдысты. Суфлерæй уыдтæн æз. Фыццаг акты фæстæ бацагуырдтой авторы. Æз азгъордтон авторы агурæг. Кæсын, æмæ Къоста фырхудæгæй гауызыл ратул-батул кæны. Театралон равдыст уымæн йæхи зæрдæмæ дæр тынг фæцыд. «Цæугæ, – дзурын ын, – авторы домынц». Тыххæй йæ ракодтон сценæмæ. Уый фæстæ Къоста уайтагъд Стъараполмæ ацыд. Стъараполæй та – Дзæуджыхъæумæ æмæ фæрынчын.

1902 азы кæрон Варвара Григорийы чызг Шредерс фæзиан. Мæ фыд, æз æмæ Аннæ зианы хабар куы фехъуыстам, уæд Дзæуджыхъæумæ зианмæ ацыдыстæм. Уым фембæлдыстæм Къостайыл. Уый æппындæр йæхи хуызæн нал уыд. 1903 азы йæ сæрды йæ хо Олгъа Пятигорскмæ æрбаласта дæсны дохтыртæн фенын кæныны тыххæй, фæлæ байрæджы. Уымæн йæ дзыхы ныхас кæрæдзиуыл нал бадт, мах ыл тынг фæхъынцъым кодтам».

***Куыдзойты Анжелæ,***
***филологон наукæты кандидат, доцент;***

***Сохиты Ланæ,***
***ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты магистрант***

# АУДИОТЕКСТЫЛ КУСЫНЫ ИУÆЙ-ИУ ЗЫНДЗИНÆДТÆ АИУВАРС КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ (8-ÆМ КЪЛАСЫ АХУЫРГÆНÆН ЧИНЫДЖЫ ÆРМÆГМÆ ГÆСГÆ)

Ахуырадон-методикон комплекс (АМК) «Ирон æвзаг, 8 къланс» (автор Куыдзойты А.Ф.) арæзт у æртæ хайæ: ахуыргæнæн чиныг, методикон амындтытæ æмæ аудиоæрмæг.

Ахуыргæнæн чиныджы уроктæ арæзт сты бæлвырд ныхасы темæтæм гæсгæ. Ацы темæты мидис æнгом баст у иннæ къласты ныхасы тематикæимæ. Программæмæ куы æркæсæм, уæд дзы æнцонæй раиртасдзыстæм ахæм миниуæг: уыцы иу темæмæ фæлхатгонд цæуынц цалдæр къласы, фæлæ сæ мидис у алыхуызон: кæд райдайæн къласты ацы темæты ныхас цæуы Ирыстоныл, ирон адæмы истори æмæ культурæйыл, Ирыстоны æрдзыл æ.а.д., уæд астæуккаг къласты та ацы темæтæ баст сты Уæрæсеимæ, растдæр зæгъгæйæ – Уæрæсейы Федерацийы цæрæг адæмтимæ, федерацийы уæнгтимæ; хистæр къласты та уыцы темæты ныхас цæуы фæсарæйнаг бæстæтыл; цыбыр дзырдæй, программæйы уынæм темæты циклтæ, уыдон райхæлынц вертикалы Ирыстон – Уæрæсей – дуне.

Ныхасы темæты гуырахст æмхуызон нæу: сæ иутыл кусынц æртæ-цыппар урочы, иннæтыл ты – аст-дæс урочы дæргъы. Ахæм дих баст у, иуæй, темæты ахадындзинадимæ, иннæмæй та – сæ ногдзинадимæ (ома зонгæ темæтæн лæвæрд сты къаддæр сахæттæ, æнæзонгæ, ног темæтæн та – фылдæр сахæттæ).

Алы темæйы дæр ис æппын къаддæр иу аудиотекст. Фæлæ фылдæр хатт вæййы афтæ, æмæ иу темæйы ис аудиокуысты цалдæр хуызы.

Æркæсæм фыццаг темæмæ. Йæ сæргонд – «Хъæлдзæг бонтæ». Кæй зæгъын æй хъæуы, баст у каникултимæ. Ахуыры фыццаг бонты скъоладзаутæ фæмысынц сæ сæрдыгон каникултæ, кæрæдзийæн фæдзурынц, сæрды чи кæм уыдис æмæ цы федта, кæимæ базонгæ ис, ногæй цы базыдта, уыдæттæ. Иу дзырдæй, скъоладзауты царды каникултæ ахсынц зынгæ бынат. Дзæгъæл хуымæтæджы не сси классикон сентябры фыццаг нывæцæны темæ «Куыд арвыстон мæ сæрдыгон каникултæ». Уымæ гæсгæ ацы темæ æнæмæнг хъуамæ уа ахуыргæнæн чиныджы, скъоладзаутæн та амонын хъæуы каникулты тыххæй иронау дзурын æмæ ацы темæимæ баст ныхас æмбарын.

1-аг фæлтæрæны мидис у аудиокуыст: «Байхъусут, бакæсут æмæ бахъуыды кæнут. Бацамонут цавды бынат дзырдты». Дарддæр лæвæрд ис къорд дзырды. Æппæт дзырдтæ æнæзонгæ не сты, фæлæ сæ уæддæр сфæлхат кæнын хъæуы, уымæ гæсгæ «Методикон амындтытæ» ацы фæлтæрæнимæ кусын кæнынц афтæ: «Ахуыргæнæг кæсы ахуыры æрмæджы райдайæны лæвæрд дзырдтæ (чингуытæ æхгæд сты), ахуыргæнинæгтæ та сын хъуамæ базоной сæ нысаниуджытæ. Фыццаг зæгъын хъæуы дзырд хиццæнæй, куы нæ йæ базоной, уæд та – контексты, зæгъæм: *Æфсæнвæндаг – поезд цæуы æфсæнвæндагыл*». Афтæмæй аудиоæрмæгимæ куысты фыццагдæр мадзалыл нымад у ахуыргæнæджы ныхас.

Дзырдты нысаниуджытæ куы сбæрæг кæной, ахуыргæнæг сæ куыд дзуры, уымæ

куы байхъусой, уæд байхъусын хъæуы дикторы ныхасмæ (8-æм къласы аудиоæрмæг дзурынц фæлтæрдджын диктор Фидараты Юри æмæ ахуырадон-методикон комплексы автор Куыдзойты А.).

Æртыккаг хатт дзырдтæм хъусын хъæуы, чиныгмæ кæсгæйæ (методикæйы ацы фæрæз хуыйны «текстыл æнцой кæнгæйæ хъусын»). Афтæмæй скъоладзаутæ хъуамæ бахъуыды кæной дзырдтæн сæ зæлынад дæр æмæ сæ фыссынад дæр.

Методикæйы домæнтæм гæсгæ, урочы цы ног дзырд ис, уый цæмæй активон лексикæйы нымæцмæ бахауа, уый тыххæй йæ «равдисын хъæуы» æппын къаддæр фондз хатты. Фыццаг темæйы æрмæгмæ куы æркæсæм, уæд фендзыстæм, урочы райдайæны цы дзырдтимæ куыстой, уыдонæй дарддæр куыд пайдагонд цæуы, уый: уыдон æмбæлынц темæйы алы фæлтæрæны дæр, ома сæм скъоладзаутæ байхъуыстой, стæй сæ федтой æмæ загътой – бакастысты сæ хинымæр дæр æмæ хъæрæй дæр. Фыццаг урочы алы фæлтæрæны дæр уыцы дзырдыл кусынц дзургæ ныхасы – кæсынц сæ, дзурынц сæ.

Хæдзармæ цы фæлтæрæнтæ лæвæрд сты, уыдоны, стæй æртыккаг урочы фысгæ фæлтæрæнты кусынц дзырдты растфыссынадыл. Цыбыр дзырдæй, лексикæйыл æмæ ныхасыл куыст райдыдта ныхасмæ хъусын æмæ йæ æмбарынæй.

*Фонетикон зындзинæдтæ аиуварс кæныны мадзæлттæ.*

Æппæты арæхдæр чиныджы æмбæлы куысты ахæм хуыз: тексты цы ног дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ æмбæлынц, уыдонмæ рагацау байхъусын, сæ зæлынады хицæндзинæдтæ сын сбæрæг кæнын, цавды бынат раиртасын, дзырдтæ дикторы кæнæ ахуыргæнæджы фæстæ загъын, стæй сæ чиныджы бакæсын. Афтæмæй иу дзырды растдзурынадыл ахуыргæнинаг кусы цалдæр хуызы: хъусы йæм, дзуры йæ, уыны йæ, кæсы йæ, стæй та йæ ногæй загъы æндæр дзырдимæ бастæй. Зæгъæм, 27-æм урочы ахуыргæнинæгтæ хъуамæ байхъусой Кавказы цæрæг адæмты æвзæгты тыххæй стыр æмæ зын текстмæ. Уымæ цæттæ кæнын райдыдтой суанг 25-æм урочы 1-аг фæлтæрæны: «Дзырдты растдзурынадыл кусгæйæ, ахуыргæнинæгты æргом аздахын хъæуы дæргъвæтин æмхъæлæсонтæм (абарæн сæ ис, уырыссаг æвзаджы сæ куыд дзурынц, уыимæ: ирон дзырдты æргомæй хъуысы дæргъвæтин æмхъæлæсон, уырыссаг дзырдты та нæ). Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ хатдзæг скæной: уидагæй суффиксы ’хсæн фæзыны *й*, уидаг сонороныл (*р, л, м, н, й, у*) кæм фæвæййы, уым та – сонороны размæ: *хъæрæсейаг, балхъайраг*».

Фонетикон зындзинæдтæ аиуварс кæныны нысан ис иннæ фæлтæрæнтæн дæр, кæд уыдон ныхасмæ хъусынимæ баст не сты, уæддæр: цы ног дзырдтæм байхъуыстой, уыдон æмбæлынц дарддæры фæлтæрæнты, уыцы дзырдтæ кæм æмбæлынц, ахæм скъуыддзаг бакæсын хъæуы, хъуыдыйæдтæ саразын, фæрстытæн дзуапп раттын æ.а.д.

Кæд æмæ тексты æнæзонгæ дзырдтæ бирæ нæ уа, уæд æм чиныг домы иу хатт байхъусын, сæйраг хъусдард та цæуы ныхасы раст арæзтмæ: цавд æвæрынмæ, синтагмæтæ раст дих кæнынмæ. Зæгъæм, 56-æм урочы ис, йæ гуырахст рæстæмбис кæмæн у, ахæм текст (къахдзоныгътæ кæд æмæ кæм фæзындысты, ныртæккæ сын цавæр хуызтæ ис æмæ цæмæн хъæуынц, уый тыххæй). Хъуыдыйæдтæ кæд æдæппæтæй фараст йеддæмæ не сты, уæддæр дзырдты нымæц дзæвгар у – даргъ хъуыдыйæдтæ сты, сæ фылдæр – вазыгджын. Цæмæй ахуыргæнинæгтæ текст бамбарой, уый тыххæй йæ хъуамæ раст бакæсой (раст кæсын хъæуы æрмæст дзырдтæ нæ, фæлæ æнæхъæн хъуыдыйæдтæ, ома, акцентуалон комплекстæ, синтагмæтæ раст хицæн кæнын, хъæугæ паузæтæ кæнын æ.а.д.). Уымæ гæсгæ бакæсыны размæ лæвæрд цæуы сæрмагонд фæлтæрæн: тексты цы даргъ вазыгджын хъуыдыйæдтæ æмбæлынц, уыдонæй иумæ байхъусын, фæбæрæг кæнын цавды æмæ паузæты бынæттæ, хъуыдыйад бакæсын дикторы фæстæ.

Куысты æртыккаг хуыз байхъусинаг кæнæ бакæсинаг тексты мидисимæ коммæ баст нæу, схонæн æй ис «аналогимæ гæсгæ»: хъусын, æмбарын æмæ дзурын хъæуы, тексты цы дзырдтæ æмбæлынц,

уыдон нæ, фæлæ сæ мырон скондмæ гæсгæ æнгæс дзырдтæ. Зæгъæм, 56-æм урочы цы текст бакæсын хъæуы, уым нæй дзырдтæ «*хъазын, хъазт, фыссын, фыст, ивын, раивта, хæссын, ныххæссын, араббагау, араббæгтæ*» æмæ æнд. Фæлæ, ацы дзырдтæм хъусгæйæ, ахуыргæнинæгтæ кусынц ахæм орфоэпион зындзинæдтыл:

1) хурхон мыр /хъ/-ы растдзурынад, йæ хицæндзинад мыр /къ/-йæ (арæх йæ бæсты фæдзурынц /къ/, тексты та ис бирæ дзырдтæ /къ/-имæ æмæ иу дзырд /хъ/-имæ);

2) зылангоны ассимиляци æзылангоны размæ (тексты ис дзырдтæ ацы фæзындимæ: *ссардтой, кодтой, къахдзоныгътæ* æ.æнд.);

3) дывæргонд æмхъæлæсонты растдзурынад (дæргъвæтинæй; тексты ис дзырдтæ *ссардтой, æппæты, цыппар, æддаг*);

4) мыр /т/-йы диссимиляци (/д/-йы хуызæн æнæраулæфтон свæййы) /с/-ы фæстæ (*хæстæг, фæстæдæр, бакаст, фæзындысты, сты, хуындысты*).

«Методикон амындтыты» ацы фæлтæрæны нысан у: «Растдзурынадыл бакусын: 1) æзылангонтæ *с, ф, х*-йы фæстæ (хатгай сæ разæй дæр) æндæр æзылангонтæ арæх фæхъуысынц зылангонæй (фæлæ фыссын хъæуы æзылангонтæ: *фыст – [фысд]*); 2) æзылангонты размæ зылангонтæ хъуысынц æзылангонæй (*хъазт – [хъаст]*); 3) дывæргонд æмхъæлæсонтæ дзурын хъæуы дæргъвæтинæй (*ныххæссын*)».

*Лексикон зындзинæдтæ аиуварс кæныны мадзæлттæ.*

Ацы куысты хæс у ног дзырдты нысаниуджытæ сбæрæг кæнын æмæ сæ ныффидар кæнын, ног дзырдтæй пайда кæнын бацамонын.

Чиныджы æмæ методикон амындтыты æмбæлæм дзырдты семантизацийы ахæм мадзæлттыл.

1) Ног дзырдтæм байхъусын, бакæсын сæ тæлмацимæ æмæ бахъуыды кæнын.

2) Базонын дзырдты нысаниуджытæ сæ аразæг хæйтты нысаниуджыты фæрцы (зæгъæм, 96-æм урок, 2-аг фæлтæрæн: «Базонут дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ: сырхæфсæддонтæ (сырх, æфсад), фæфидардæр кодтой (фидар кæнын), ныгæд сты (ныгæнын)» æ.æнд.);

3) Дзырдтæ тæлмацгонд сты тексты мидæг кæнæ йæ фарсмæ (88-æм урок, 1-аг фæлтæрæн, Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Мыййаг, хæсты быдыры искуы…» фыст у галиуæрдыгæй, рахизæрдыгæй та, æнæзонгæ кæнæ зынæмбарæн дзырдтæ цы рæнхъыты ис, уыдоны комкоммæ лæвæрд сты уыцы дзырдты тæлмацтæ).

4) Тексты дзырдтæ тæлмацгонд не сты, фæлæ байхъусыны фæстæ цы фæлтæрæнтæ æххæст кæнын хъæуы, уыдонæй иуы хæс у, зæгъæм: «Ссарут æмæ бакæсут дзырдбæстытæ ахæм нысаниуджытимæ: «белые скалистые горы, с песней бежали перед ним, белыми шапками, черная туча» (20-æм ахуыр).

5) Дзырдуатимæ куыст: фæйнæгыл фыст ног (æнæзонгæ) дзырдтæ рафыссын тетрадмæ æмæ сæ ратæлмац кæнын дзырдуаты æххуысæй.

Дзырдты семантизаци цыфæнды хуызы куы уа, уæддæр уыцы куысты дыккаг къæпхæн у дзырдтæй пайда кæнын бацамонын; уый тыххæй семæ саразын хъæуы дзырдбæстытæ, цыбыр хъуыдыйæдтæ, ома равдисын сæ пайдакæнынады æгъдæуттæ.

Ахуыргæнинæгтæ ног дзырдты нысаниуджытæ куыд бамбæрстой (сбæрæг кодтой), уый сбæрæг кæныны тыххæй чиныджы æмæ методикон амындтыты ис ахæм фæлтæрæнтæ æмæ хæслæвæрдтæ:

– байхъусут текстмæ æмæ ссарут (бацамонут) лæвæрд уырыссаг дзырд кæнæ дзырдбасты эквивалент;

– байхъусут текстмæ æмæ бацамонут хъуыдыйад ахæм мидисимæ (чиныджы кæнæ фæйнæгыл фыст у уырыссагау);

– хъусут текстмæ æмæ йæм кæсут; сбæрæг кæнут, цавæр дзырдтæ цухгонд æрцыдысты чиныджы;

– хъусут текстмæ æмæ йæ кæсут; сбæрæг кæнут, диктор кæцы дзырдтæ аивта, уый;

– байхъусут иу хъуыдыйадмæ æмæ зæгъут, цал дзырды дзы ис;

– байхъусут иу хъуыдыйадмæ (ног дзырдтимæ) æмæ сбæрæг кæнут, цавд кæцы дзырдтыл хауы, уый;

– бакæсут хъуыдыйæдтæ æмæ сæ бахæст кæнут хъæугæ (ног) дзырдтæй;

– дзуапп раттут ахуыргæнæджы фарстæн, ног дзырдтæй пайда кæнгæйæ;

– ног дзырдтæй пайда кæнгæйæ, кæрæдзимæ фæрстытæ раттут;

– ног дзырдтæ адих кæнут тематикон къордтыл;

– ныффыссут дзырдуатон диктант;

– сæххæст кæнут тест (тестытæ лæвæрд сты методикон амындтыты).

*Грамматикон зындзинæдтæ аиуварс кæныны мадзæлттæ.*

Бакусын хъæуы тексты зындæр грамматикон структурæтыл: уый тыххæй текстмæ байхъусыны размæ сæххæст кæнын хъæуы сæрмагонд фæлтæрæнтæ. Зындæр æмæ стырдæр цы тексттæ сты, уыдоны грамматикæйæн чиныджы хатгай лæвæрд вæййы æнæхъæн урок. Кæд текст уа къаддæр æмæ æнцондæр, уæд та йæ байхъусыны размæ фаг у иу-дыууæ фæлтæрæны сæххæст кæнын. Зæгъæм, 35-æм урочы ахуыргæнинæгтæ байхъусдзысты дунеон хореографийы стъалы Махмуд Эсамбаевы тыххæй текстмæ. Ис дзы ахæм грамматикон зындзинæдтæ: æрмæст контексты фæрцы раиртасæн кæмæн ис, ахæм миногонтæ æмæ фæрсдзырдтæ, барæн æмæ уæлахизон бæрцы миногонтæ æмæ фæрсдзырдтæ, фæсæвæрдтæ, мивдисджытæ бадзырдон здæхæны.

Кæд грамматикон æрмæг ног нæу, уæддæр бæрцæй бирæ у, æмæ йыл рагацау бакусын хъæуы. Уымæ гæсгæ урочы сæйраг хай райдыдта ахæм фæлтæрæнтæй:

1) хъуыдыйæдтæ баххæст кæнын цухгонд дзырдтæй (баххæст кæнынæн лæвæрд сты миногонтæ æмæ фæрсдзырдтæ барæн æмæ уæлахизон бæрцы);

2) равзарын хъæугæ фæрсдзырдтæ æмæ баххæст кæнын хъуыдыйæдтæ;

3) спайда кæнын фæсæвæрдæй æмæ ныффыссын хъуыдыйад;

4) равзарын мивдисджытæ хъæугæ формæйы (здæхæны) æмæ ныффыссын хъуыдыйæдтæ (кæй зæгъын æй хъæуы, ацы хæслæвæрдтæ сæххæст кæныны размæ сфæлхат кæнын хъæуы грамматикон æрмæг).

27-æм урочы ахуыргæнинæгтæ байхъусдзысты стыр текстмæ Цæгат Кавказы истори æмæ культурæйы тыххæй. Тексты хæрз чысыл ис вазыгджын хъуыдыйæдтæ, фæлæ иумæйагæй йæ гуырахст стыр кæй у, йæ мидис та – вазыгджын, уый тæххæй йæм цæттæ кæнын райдыдтой дыууæ урочы раздæр. 25-æм урочы нысан у лексикæйыл (адæмыхæттыты нæмттæ) æмæ грамматикæйыл (адæмыхæттыты нæмттæ æвдисæг дзырдты арæзт, дихон нымæцонты арæзт) бакусын. Уый тыххæй, «дзырдты растдзурынадыл кусгæйæ, ахуыргæнинæгты æргом аздахын хъæуы дæргъвæтин æмхъæлæсонтæм (абарæн сæ ис, уырыссаг æвзаджы сæ куыд дзурынц, уыимæ: ирон дзырдты æргомæй хъуысы дæргъвæтин æмхъæлæсон, уырыссаг дзырдты та нæ). *2-аг фæлт.* Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ хатдзæг скæной: уидагæй суффиксы ’хсæн фæзыны *й*, уидаг сонороныл (*р, л, м, н, й, у*) кæм фæвæййы, уым та – сонороны размæ: *хъæрæсейаг, балхъайраг».*

Грамматикæйыл кусынц иннæ урочы дæр: «*1-аг фæлт*. æххæст кæныны размæ æргом аздахын хъæуы адæмыхæттыты æмæ æвзæгты нæмттæ æвдисæг дзырдты арæзтмæ æмæ растфыссынадмæ: æмхъæлæсон *й*-йы бавæрд уидаг æмæ суффиксы ‘хсæн (*адыгейаг, хъæрæсейаг*), уидаджы фæстаг æмхъæлæсоны дывæркæнынад суффикс – *аг*-ы размæ (*араббаг, уырыссаг, хъуымыхъхъаг*), æмхъæлæсон *й*-йы бавæрд уидаджы фæстаг æмхъæлæсоны размæ (*авайраг*). <…>

*Раиртæстыл* («значение «по столько» в осетинском языке выражается разделительными числительными или конструкцией «фæйнæ+числительное». При этом существительное, связанное с числительным, имеет форму родительного падежа единственного числа…») бакусæн ис карточкæты: алы ахуыргæнинаг дæр ирон æвзагмæ тæлмац кæны фондз дзырдбасты, стæй иумæ бæрæг кæнынц тæлмацы растдзинад. Раиртæст ныффидар кæныныл куыст – *5-æм фæлт».*

Цыбыр дзырдæй, ахуыргæнæн чиныджы фагæй фылдæр ис, бакусын кæуыл хъæуы æмæ кæуыл ис, ахæм æрмæг. Æрмæст куыст хъуамæ уа пъланмæ гæсгæ, иу урокæй иннæмæ кæрæдзиуыл баст, бæлвырд хæстæ æмæ нысанимæ.

***Хуыдæлты Маринæ,***
***ЦИПУ-йы ирон филологийы***
***факультеты магистрант***

# ИРОН-ЯГНОБАГ ЛЕКСИКОН ÆМАХАСТЫТЫ ТЫХХÆЙ

Ирон æвзаг, Кавказы тюркаг æмæ яфетаг æвзæгты æхсæн цæрæг индоевропæйаг æвзаг, йæхимæ рагæй æлвæста уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг ахуыргæндты цæстæнгас. Уымæ гæсгæ не 'взагзонынады ацы къабазы – историон фонетикæ, лексикологи æмæ грамматикæйы – дзæвгар ис фундаменталон наукон куыстытæ.

Фæлæ æвзаджы истори, уæлдайдæр та, зынгæ фысгæ цыртдзæвæнтæ кæмæн нæ баззадис, ахæм æвзаджы истори кæронмæ иртæстгонд никуы вæййы. Афтæ у ирон æвзаджы хъуыддаг дæр. Фæстаг азты тынг сарæх сты, ирон æвзаг алайнагæй чи иппæрд кæны, ахæм псевдонаукон куыстытæ. Сæ оппоненттæ та ныркон ирон æмæ астæуккаг æнусты алайнаг хонынц бынтондæр иу æвзаг. Ис æртыккаг хъуыды дæр. Зындгонд у Абайты Васойы тезис, зæгъгæ, ирон у, кавказаг «мæрыл» чи райрæзтис, ахæм ирайнаг æвзаг.

Æппæт ацы цæстæнгастæ хынцгæйæ, нæ разы æрæвæрдтам ахæм нысан: ныхæй-ныхмæ æрæвæрын æмæ абарын, мингай азты дæргъы кæрæдзийæ иппæрд чи у, уыцы дыууæ ирайнаг æвзаджы – ирон æмæ ягнобаг æмæ æркæсын, цавæр иумæйаг миниуджытæ сæм ис, уымæ. Ягнобаг æвзаг та уымæн райстам, æмæ уый у ирон æвзаджы хæстæгдæр «хион» – генеалогион æгъдауæй; уымæн æмæ ирайнаг æвзæгты къорды цæгат-скæсæйнаг къабазы ныртæккæ ис æрмæст дыууæ цардæгас æвзаджы – ирон æмæ ягнобаг.

Нæ зæрды ис равдисын: ирон æвзагыл кавказаг субстрат фæзындис, абон наукæйы куыд нымад у, уымæй зынгæ къаддæр.

Æвзаг сæвзæрыны хъуыддаг тынг зын æмæ дæргъвæтин у. Бирæ æвзæгтæ равзæрынц кæрæдзиимæ æмахастыты фæрцы.

Иуæй-иу æвзæгтæ сæ историон райрæзты процессы бахъахъхъæдтой сæ бындурон апп, кæд сыл æндæр æвзæгты тæваг фæзынд, уæддæр. Иннæ æвзæгтæн сæ бон нæ баци фидар фæлæууын, фæрсæй цы æвзæгтæ арбафсæрстой, уыдоны ныхмæ æмæ анигъуылдысты, субстрат кæй хонынц, уый арфы. Æртыккаг æвзæгтæ та ацыдысты компромиссы фæндагыл, ома бахъахъхъæдтой сæ фыццагон апп дæр, стæй сæ раиртасæн ис, æддагон æндæрбæстаг æвзæгты тæваг цы ног сывæлдæгтæ сæвзæрын кодта, уыдон дæр.

Ахæм у ирон æвзаджы уавæр дæр: ирдæй бæрæг у йæ индоевропæйаг бындур, бæлвырддæр – ирайнаг, æмæ уыцы бындурыл фæзынæг æндæр æвзæгты (фылдæр кавказаг æмæ тюркаг) тæваг.

Абайты В.И. куыд зæгъы, афтæмæй æвзаджы историйы фæрцы нæ бон у ныккæсын нæ адæмы дыууæ мин азы дæргъы историйы тарфмæ. «Мы имеем в настоящее время полное основание определить глоттогенез осетин краткой формулой: осетинский язык – это иранский язык, формировавшийся на кавказском субстрате. Несмотря на недостаток старых письменных памятников, прошлое осетинского языка, вскрываемое инструментом сравнительно-лингвистического анализа, поддается обозрению на протяжении более 2000 лет. Мы видим, как в течение этого огромного периода язык жил, развивался, изменялся и как в жизни языка отражалась жизнь народа [1, 11ф.].

Ирон æвзаг Кавказы иннæ адæмы æвзæгтæй тынг кæй хицæн кæны, уый XVIII æнусы бафиппайдтой уырыссаг иртасджытæ æмæ фæсарæйнаг бæлццæттæ. Нæ алыварс цæрæг адæмтæн ис кавказаг (яфетаг) æвзæгтæ: цæцæйнаг, кæсгон, абхазаг, гуыр-

дзиаг, дагестайнаг, кæнæ тюркаг æвзæгтæ; балхъайраг, хъæрæсейаг, хъуымыхъхъаг, азербайджайнаг. Ирон æвзаг та хауы индоевропæйаг бинонты къордмæ.

Ахуыргæнды хъуыдымæ гæсгæ, индоевропæйаг æвзæгтыл чи дзуры, уыцы адæмтæн се 'ппæтæн антропологион иудзинад нæй, Абайты Васойы загъдау, «индоевропæйаг дуне у культурон-историкон иугонд».

Нырыккон ирон æвзаг йæ бирæ миниуджытæм гæсгæ ныхмæвæрд у иннæ ног ирайнаг æвзæгтæн. Уæлдæр æрхастам Абайты В. тезис нырыккон ирон æвзаджы тыххæй, ома уый у, кавказаг æрмæгыл чи райрæзтис, ахæм ирайнаг æвзаг. Бирæ ахуыргæндтæ кавказаг тæвагыл нымайынц, фыццаджыдæр, æлхъывд-хурхон мырты (абруптивты) фæзынд ирон æвзаджы (къ, пъ, тъ, цъ, чъ), ссæдзгæйттæй нымад æмæ хауæнты системæ (ома бирæ хауæнтæ).

Фæлæ ис æндæр хъуыдытæ дæр. Зæгъæм, зындгонд лингвист Давид Эршлеры куыстыты тыххæй афтæ зæгъы ирон Википедийы бындурæвæрæг В. Иванов: «Например, агглютинативное склонение в осетинском обыкновенно считают «кавказским влиянием». Давид убедительно показывает, что специфически кавказских черт у осетинской падежной системы нет – она вполне укладывается в то, что встречается по Северной Евразии (в смысле языкового ареала) вообще. Например, для кавказских падежей характерны эргатив и обильные пространственные падежи (в Дагестане) – этого нет в осетинском; зато есть *æддагбынатон хауæн* (суперэссив на *-ыл*), которого нет в соседних кавказских, и есть разделение датива *(мæнæн)* и аллатива *(мæнмæ)*, что вообще в природе встречается редко.

Собственно кавказским влиянием можно, по Эршлеру, объяснить только такие явления в осетинском языке:

• эйективные согласные (они же глоттализованные, они же абруптивы) – пъ, тъ, цъ, къ, чъ;

• посессивные проклитики (как в адыгских и, видимо, под их влиянием): *мæ гæды*;

• вопросительный вынос (как в картвельских): это положение вопросительного слова строго перед глаголом в вопросительной фразе;

• морфология отрицательных местоимений» *[http://amikeco.ru/2009/04/ehrshler.html]*.

Ноджы къаддæр хоны «кавказаг элемент» ирон æвзаджы лингвист Дзиццойты Ю.А. Ахуыргонд полемикæ кæны Абайты Васойы хъуыдыимæ, зæгъгæ, мыртæ пъ, тъ, цъ, къ, чъ ирон æвзагмæ æрбафтыдысты æрбайсгæ кавказаг дзырдтимæ иумæ, стæй сæ пайда кæнын райдыдтой ирон дзырдты дæр (ома æвзагæн йæхи мидæг цы дзырдтæ сæвзæры, уыдоны). Уый тыххæй Дзиццойты Ю.А. фыссы: «В исконно осетинской лексике, не имеющей экспрессивного значения, абруптивная k' появилась на месте древнеиранской k» [2,75ф.].

Адæймаджы ныхас конд у дзырдтæй – æмбарынæдтæй. Сæ нымæц алыхуызон æвзæгты у цалдæр минæй дæсгай минты онг, уый баст у æвзаджы хъæздыгдзинад æмæ культурон æмвæзадимæ.

Уыцы дзырдтæй алкæцыдæр у историон документ, æвдисæн у адæмыхатты равзæрдæн, уыцы адæмыхатты æмахастдзинæдтæн æндæр адæмыхæттытимæ.

Фæлæ æвзаджы ис ахæм дзырдтæ – æмбарынæдтæ, æмæ æнæ уыдонæй иунæг æхсæнадæн дæр нæй уæвæн, кæмфæнды куы цæра, æмæ цыфæнды уавæрты дæр куы уа йæ культурæ, техникæ, экономикæ, уæддæр. Ахæм адæмыхатт зæххыл нæй, æмæ йе 'взаджы буары хæйттæн ном ма уа: сæрæн, къухæн, къахæн, цæстæн, хъусæн, дзыхæн æмæ а.д.; цæмæй дзы ном ма уа сæйраг космосон æмбарынæдтæн: арвæн, хурæн, мæйæн, стъалытæн, зæххæн, донæн, бонæн, æхсæвæн; цæмæй ма зона хæстæгдзинады æмæ æхсæнады æмбарынæдтæ: мад, хо, фыд, æфсымæр, фырт, чызг æмæ æ.д.; цæмæй ма хицæн кæна сау урсæй, тæвд уазалæй, стыр чысылæй, зæронд-ногæй; цæмæй нымайын ма зона дæсмæ, фондзмæ, æртæмæ; цæмæй цæсгомон номивджытæй пайда ма кæна. Кæй зæгъын æй хъæуы, ныхас цæуы сæйраг лексикон фондыл.

Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй генеалогион æгъдауæй, ома йæ равзæрдмæ гæсгæ. Ирон æвзагæн ис æрмæст иу

удæгас «хион» – уый у ягнобаг æвзаг. Территориалон хуызы кæрæдзийæ тынг дард сты. Мин азæй къаддæр нæ цæрынц кæрæдзийæ дæрддзæф. Хицæн фæндæгтыл цыдис сæ райрæзт, хицæн уыдысты сæ хъысмæттæ. Ирон бахаудис кавказаг æмæ тюркаг æвзæгты астæумæ. Ягнобагыл тынг фæзындис таджикаг æвзаг. Бынтон бæллиццаг нæу абон йæ уавæр, бирæ адæм ыл дзургæ нал кæнынц, рахызтысты таджикаг кæнæ æндæр æвзагмæ.

Æппæт ацы уавæртæ ноджы цымыдисагдæр кæнынц нæ куыст: цымæ цы ис æмхуызонæй, кæрæдзийæ тынг дард чи у абон, Уыцы ирайнаг æвзæгты лексикæйы?

Уый тыххæй абарстам ирон æмæ ягнобаг æвзæгты сæйраг лексикон фонды иуæгтæ. Пайда кодтам ягнобаг æвзаджы дзургæ хуызæй нæ, фæлæ йæ фысгæ документæй – «Ягнобско-русский словарь».

Таблицæты фæстаг цæджындзы уырыссаг тæлмацтæ дæттæм уымæн, æмæ хатгай ирон æмæ ягнобаг дзырдтæн вæййы бынтон æмхуызон нæ, фæлæ хæстæг нысаниуæг.

***Хæстæгдзинады терминтæ***

| n/n | ирон | дыгурон | рагон-ирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | mad | madæ | māta | - | мать |
| 2 | fyd | fidæ | Pita | - | отец |
| 3 | fyrt | furt | puϑra | - | сын |
| 4 | ho – dyd (золовка) | – | dudā | dŭxtár dŭxtarxón | дочь, девушка |
| 5 | ærvad (vrad) | ærvadæ (vrad) | brātā | vĭrót<br>brodár dodár | брат |
| 6 | ho<br>(hæræ- fyrt) –<br>сын сестры | huæræ<br>(huæri-furt) –<br>сын сестры | hvahar | xu̯or (xwor,<br>wxor) xor | сестра |
| 7 | zænæg | zænæg | zan | zot, zod, zŭryót,<br>zŭrĭyód | дети, потомство |
| 8 | nom | nom | nama | nom (num) | имя |
| 9 | byn<br>binontæ (семья) | bun<br>biynontæ (семья) | buna | binó | наследство,<br>основания |

***Буары хæйтты нæмттæ***

| n/n | ирон | дыгурон | рагон-ирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | sær | sær | sarah | sar | голова |
| 2 | sæst | sæstæ | časman | - | глаз |
| 3 | ærfyg | ærfug | bru | vərúk | бровь |
| 4 | quš | s | gauša | uš, ŭš | ухо |
| 5 | kom | kom | kām (перс.) | - | рот |
| 6 | dændag | dændag | dantā | dĭ́ndak, dĭ́ndakt, dandon | зуб |
| 7 | ævzag | ævzag | hizvā | zĭvók, zĭvóq, zĭwók,<br>(zŭwók) | язык |
| 8 | arm | arm | arma | - | рука |
| 9 | fad | fadæ | pda | póda, podĕ | нога |
| 10 | ærdu | ærdo | dru | daráu̯, dḭ̆ráu̯ | волос |
| 11 | æstæg | istæg | asti | sḭ̆ták | кость |
| 12 | zærdæ | zærdæ | zardaya | (перс. dil) dĭl, dḭ̆l, dẹ̆l | сердце |
| 13 | igær | egær | yakar | ǰĭgár | печень |
| 14 | maz | qanz | mazga | ma | мозг |

## *Сæйраг космосон æмбарынæдтæ*

| n/n | ирон | дыгурон | рагон-ирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | hur | hor | hvar | xur | солнце |
| 2 | arv (avr) | arv (avr) | abra (облако), awra | abr (облако), osmon (небо) | небо |
| 3 | mæi | mæiæ | mah | mahtob, mahtop, moh, mo, mox | луна |
| 4 | st’aly | st’alu | star | sĭtóra | звезда |
| 5 | az | anz (azm) | āsmān | yosó | год |
| 6 | zymæg | zumæg | zima | zĭmĭstún | зима |
| 7 | zhh | zhæ (zam-h) | zam | zamin | земля |
| 8 | wad | wad | vāta | wot, boda | ветер |
| 9 | waryn | warun | vār | boron, borún, boriš, burún, | дождь |
| 10 | ih | eh | aiha | ix, ex | лё д |
| 11 | hsæv | æhsævæ | hšapa | xšap, šab, xĭšap | ночь |
| 12 | hsid | æhsed | hšaita | ráxšĭn | заря |
| 13 | ruhs | rohs | rauxšna | rušán, raušán | свет |
| 14 | tar, talyng (tar-yng) | talingæ | tãtra | tora, toriki, torik, | мрак |

## *Нымæцонтæ*

| n/n | ирон | дыгурон | рагон-ирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | iw | ew | aiva | I, yak | один |
| 2 | dywwæ | duwwæ | duva | dudŭ | два |
| 3 | ærtæ (træ) | ærtæ (træ) | ϑraya | tĭṛáy, tĭray, tiray, tĕṛáy, tĭṛay, sĭṛay, | три |
| 4 | cyppar | cuppar | čatvar | tĭṛfór, tĭfór, tafór, tŭfór, | четыре |
| 5 | fonj | fonj | pañča | panč, panǰ | пять |
| 6 | hsæz | æhsæz | hšvaš | šaš, ŭxš | шесть |
| 7 | avd | avd | hapta | avd, aft, avt | семь |
| 8 | ašt | ast | ašta | hašt, ašt, | восемь |
| 9 | nu | næw | nava | naṷ, nuh | девять |
| 10 | dæs | dæs | dasa | das, dah | десять |
| 11 | iwændæs | ewændæs | aivandasa | das ī yozdáh | одиннадцать |
| 12 | dywwadæs | duwwadæs | dvadasa | das dū, das dy, duwozdáh | двенадцать |
| 13 | fynddæs | finddæs | pañċadasa (ср.авест.) | das panč, ponzdáh | пятнадцать |
| 14 | ævddæs | ævddæs | haptadasa | das avd,das aft, habdáh, havdáh | семнадцать |
| 15 | æštdæs | æstdæs | aštadasa | das ašt, haždáh | восемнадцать |
| 16 | nudæs | næwdæs | navadasa | das naṷ, nūzdáh | девятнадцать |
| 17 | yssæj | i̭nsæj | viñsati | bīst | двадцать |
| 18 | ærtyn | ærtin (trin) | triñsat | bī́st-at das | тридцать |
| 19 | cyppor | cuppor | catvarinsat | dū bīst, dy bīst | сорок |
| 20 | ævdai | ævdai | haptāti | haftod | семдесять |
| 21 | æštai | æstai | aštāti | haštod, tafór bīst, tufór, tifór bīst, | восемдесять |
| 22 | næwæj | næwæj | navati | navád | девяносто |
| 23 | šædæ | sædæ | satam | sad | сто |
| 24 | ærzæ (æzræ) | ærzæ (æzræ) | hazahra | hazór | тысяча |
| 25 | biræ | beræ | baivar | iporá | множество |

### *Номивджытæ*

| n/n | ирон | дыгурон | рагон-ирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | æz | æz | azam | - | я |
| 2 | mæn | mæn | mana | manĭk | меня, мой |
| 3 | d | d | tu, tvam | tu, tŭ, | ты |
| 4 | dæw | dæw | tava | táwik | тебя, твой |
| 5 | mah | mah | ahmākam | mox | мы, наш |
| 6 | smah | smah | yušmākam | šmox, šŭmóx, smoxik, sumox, simox, šumoxĭk | вы, ваш |
| 7 | hædæg | hwædæg | hvata | xu̯at, xu̯ač | сам |
| 8 | hi | he | hvai | xap, xĕp, xapĭk, xĕ́pĭk, | свой |
| 9 | či (ki) | ka | ka | ka, kax, | кто |
| 10 | c | c | cit | čo | что |
| 11 | ændær | ændær | antara | dĭgár | другой |
| 12 | annæ, innæ | innæ | anya | ane, ani | другой |

### *Афон, бынат æвдисæг дзырдтæ*

| n/n | ирон | дыгурон | рагонирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | kæd | kæd | ka | kad, kat | когда |
| 2 | am | ami | ahmi | nahĭ̯dokay | здесь |
| 3 | kud, ku | kud | kudā | čuttĕ | как |
| 4 | um | omi | avahmi | wat, nahwat, vat, awókay, naháwokay | там |
| 5 | kæm | kæmi | kahmi | kómokay | где |
| 6 | aftæ | uotæ, atæ | avatha, atha | pĕt, nahpĕ́t | так |

### *Сæйраг архæйдтытæ æвдисæг мивдисджытæ*

| n/n | ирон | дыгурон | рагон-ирайнаг | ягнобаг | уырыссаг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | mæln, marn | mæln, marn | mar, mār | marg vu, mir, múrta, mirna, mirak, mĕrak | умирать, убивать |
| 2 | zain | zain | zā | zan, zánta, zanna, zanak, | рождать |
| 3 | stn | stn | stā | ušt, ú̦šta, úšna, úštak, | стоять |
| 4 | cæwn | cæw | šyav | šau̯, ẹ́ta, šau̯ta, šúta, šáu̯na, šáwak | идти |
| 5 | tærn | tærn | tar | furtŭ́n (секр. яз.) | гнать |
| 6 | bættn (bændæn) | bættn (bændæn) | band | vant, van, vásta, vánna, vántak | вязать |
| 7 | darn | darn | dār | dórna, dor, dórta, dórak | держать |
| 8 | hærn | hwærn | hvar | xuar, xuórta, xwar, wxar, xoʻrta, xu̯árna, xu̯á rak, xu̯arák | есть |
| 9 | dæin | dæin | dha(dhaiati) др. инд. | diy, diyta, diyna, diyak, | сосать |
| 10 | fcn | fcn | pač | pač, pašta, pačna, pačak, pŭxs, pŭ́xsak, pŭ́xta, pŭ́xsna, | печь |
| 11 | tavn | tavn | tāp | tob, top, tobta, topta, tap, tófta, tóbna, tóbak, tópak, | греть |
| 12 | kænyn (kærnyn) | kænun | karn | kŭn | делать |
| 13 | nain | ærtaiun | snā | sĭnoy, sĕnóy, sĭnóyta, sĭnóyna, sĭnóyak, | мыть, купать |
| 14 | ræin | ræin | ra (y) | rauž, rau̯žtá, rau̯žna, rau̯žák | лаять |
| 15 | wnn | wn | vain | wen, wénna, wenak, wéta | видеть |
| 16 | fssn | fsn | pins | nĭpíš, nẹ̆píš, nĭpíšta, nipíšna, nĭpíšak, | писать |
| 17 | færsn | færsn | pars | pŭ́rs, purs, pŭ́rsta, pŭ́rsna, pŭ́rsak | спрашивать |

Куыд уынæм, афтæмæй дыккаг къорды дзырдты куыд ирон, афтæ ягнобаг æвзаджы дæр дзæвгар ис тюркизмтæ, ома тюркаг æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ. Æмбæлынц арабизмтæ дæр – араббаг æвзагæй æрбацæугæ дзырдтæ. Уый æмбарын кæнынц афтæ, æмæ тюркаг æвзæгты тæваг тынг фæзындис ирайнаг æвзæгтыл. Ацы факт зындгонд у. Цымыдисаг у æндæр хъуыддаг: кæд æмæ ягнобаг æмæ ирон æвзæгты уыцы иу формæты æмбæлынц æрбайсгæ тюркаг дзырдтæ, уæд уыцы æрбайстыл цæуы бирæ, тынг бирæ рæстæг – ирон æвзаг (кæнæ йæ фыдæл) ма ирайнаг дунейы куы уыдис, уæд. Æндæр куыд бамбарæн ис ацы дзырдты æмхуызон формæтæ кæрæдзийæ дард уæвæг æвзæгты? Ирон æвзаг тынг рагæй нал ис Астæуккаг Азийы (уæвгæ дзы искуы уыдис æви нæ, уый дæр гуырысхойаг у), ягнобаг æвзаг та Кавказы никуы уыдис, æмæ кавказæгты тюркаг æвзаг ууыл никæцырдыгæй сахадыдта.

Ацы тæваджы тыххæй афтæ фыссы ахуыргонд Ш.С. Камолиддин: «Тюрки оказали также сильное влияние на семитские и иранские народы, тюркизировав многие географические названия в Иране и Малой Азии. Большое количество тюркизмов зафиксировано в ягнобском языке, который считается потомком согдийского языка, причем большая часть этих заимствований относится к эпохе раннего средневековья, а также в осетинском, албанском, татском, памирских, грузинском и армянском языках. Влияние тюрков на армян было настолько велико, что часть их полностью перешла на тюркский язык [3].

Уæдæ уал нæ бон скæнын у ахæм хатдзæгтæ.

• Бирæ æнусты дæргъы ирон æвзагæн кавказаг æмæ тюркаг æвзæгты æндæвд æнæ банкъарæн нæ уыдис, фæлæ уый æндæвд хæрз уæлæнгайæ фæзындис (кæнæ та бынтондæр нæ фæзындис) сæйраг лексикон фондыл.

• Ягнобаг æвзагыл тынг фæзындис тыхджындæр, стырдæр таджикаг æвзаджы тæваг.

• Таджикаг дæр ирайнаг æвзаг кæй у, уымæ гæсгæ нырыккон ягнобаг æвзаджы лексикæ бар дæтты абарстон анализ кæнынæн.

• Ирон æмæ ягнобаг æвзæгты тынг бирæ ис æмхуызон уидæгтæ, уæлдайдæр, сæйраг лексикон фонды иуæгты: хæстæгдзинады терминты, космосон æмбарынæдтæ æвдисæг дзырдты, нымæцонты, номивджыты æ.æнд.

• Иумæйаг индоирайнаг уидæгтæй арæзт сты, æвзаджы сæрмагонд (специалон) фондмæ чи хауы, бирæ ахæм дзырдтæ дæр.

• Ирон æмæ ягнобаг æвзæгты дзæвгар ис æмхуызон тюркизмтæ æмæ арабизмтæ. Уый дзурæг у ууыл, æмæ ацы дзырдтæ не 'взаг райста Кавказы уæвæг тюркаг кæнæ кавказаг æвзæгтæй нæ, фæлæ бирæ раздæр, иумæйаг ирайнаг дунейы ма куы уыдис, уæд.

• Ирон æвзаджы кавказаг æвзæгты тæваг у, нымад куыд у уымæй бирæ лæмæгъдæр æмæ къаддæр.

• Ирон æвзаджы ирайнаг миниуджыты сыгъдæгдзинад æмæ бæрц дзурæг у ууыл, æмæ æвзаг йæ нырыккон хуызы «арæзт æрцыдис» кавказаг нæ, фæлæ ирайнаг субстратыл (ома йæ рæстæджы алайнæгты ассимиляцийы бахаудысты кавказаг нæ, фæлæ æндæр цавæрдæр ирайнаг адæм).

*Литературæ:*

1. Абаев В.И. Происхождение и культурное прошлое осетин по данным языка // Абаев В.И. Осетинский язык и фольклор. М.-Л., 1949. 11ф..

2. Дзиццойты Ю.А. Два этюда по исторической фонетике осетинского языка // Дзиццойты Ю.А. Вопросы осетинской филологии. Т.1.Цхинвал, 2017. 75ф.

3. Камолиддин Ш.С. Исследования по этногенезу и этнической истории народов Средней Азии. М., 2014.

**Цаллагова С.Ю.,**
***учитель МАОУ БСОШ №7***
***г. Владикавказа***

# СОВРЕМЕННЫЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫЕ ТЕХНОЛОГИИ, СПОСОБСТВУЮЩИЕ ПОВЫШЕНИЮ ИНТЕРЕСА К ИЗУЧЕНИЮ РОДНОГО ЯЗЫКА

В последнее время учителя родного (осетинского) языка стараются найти новые подходы в образовании, использовать в работе современные образовательные технологии, активизирующие учебный процесс. И хотя в педагогике никого уже не удивить новыми подходами в образовании: гуманистическим, развивающим, компетентностным, деятельностным, личностно-ориентированным, все же в преподавании родного (осетинского) языка они воспринимаются по-другому.

Учителя осетинского языка понимают, что сегодня обществу нужны не простые исполнители чужой воли, а подлинные творцы, личности, готовые к самореализации и выполнению социально-востребованной деятельности в меняющемся современном мире.

Социальный заказ общества определил цель обучения осетинскому языку как развитие человека, создание условий для его самоопределения. Необходимо выявлять и развивать индивидуальные способности и склонности учащегося, а не формировать абстрактную «модель выпускника».

В.А. Сухомлинский писал: «С первых дней своей жизни, на тернистом пути учения перед ребёнком появляется идол – отметка. Для одного ребёнка он добрый, снисходительный, для другого жестокий, безжалостный, неумолимый. Почему это так, почему он одному покровительствует, а другого тиранит,– детям непонятно».

Действительно, отметка порой становится краеугольным камнем в педагогике. Призванная как можно бережнее относиться к психике ребёнка, избегать травмирующих её ситуаций, она зачастую разрушает эту психику, делает ученика изгоем в классе, нарушает хрупкое душевное равновесие. Что же делать в этих реалиях? Есть педагогические технологии, дающие ответ на этот вопрос, одна из них – технология творческих мастерских.

Необычная система обучения, предоставляющая каждому ученику, опираясь на его способности и опыт, возможность реализовать себя в познании, получила название «технология творческих мастерских».

Несомненным достоинством технологии является то, что она создает условия для восхождения каждого участника к новому знанию и новому опыту путем самостоятельного или коллективного открытия.

Как известно, технология творческих мастерских не так уж нова: она зародилась во Франции в середине 1920-х годов, в Россию она пришла в начале девяностых прошлого столетия и с тех пор не теряет своей популярности.

Основные её постулаты:

1) вызов традиционной педагогике; ученик должен находиться в активной позиции, раскрывать внутренний потенциал, сам строить своё знание;

2) личность с новым менталитетом; ученик должен развиваться как самостоятельная, творческая, ответственная, конструктивно вооружённая личность;

3) «все способны», каждый ребенок способен практически ко всем видам деятельности (это постулат можно вынести как девиз этой технологии);

4) интенсивные методы обучения и развития, самостоятельное строительство зна-

ния с помощью метода критического мышления;

5) новый тип педагога; учитель не авторитарный наставник, а талантливый скульптор.

Одним из принципов мастерских является ценностно-смысловое равенство всех участников, включая педагога. Технология творческих мастерских привлекает педагогов и школьников некоторой загадочностью заданий, отсутствием соперничества, желанием искать в мнении своих одноклассников только положительное, при этом важен не столько результат, сколько сам процесс творчества.

И если традиционно образовательный процесс сосредоточен на усвоении знаний, то технология мастерской предлагает такую структуру учебного занятия, которая позволяет каждому ученику знание не усваивать, а выстраивать.

Главная задача педагога – помочь ученику осознать у себя наличие творческих, интеллектуальных возможностей, способностей, а также потенциал личностного развития. Благодаря этой технологии у школьника появляется возможность самостоятельного выбора инструмента познавательной деятельности, выбора своего пути к знаниям на уроке.

Итак, мастерская – одна из интенсивных технологий обучения, включающая каждого из ее участников в «самостроительство» своих знаний через критическое отношение к имеющимся сведениям, к поступающей информации и самостоятельные решения творческих задач.

Детям предлагается исходная ситуация и к ней цепочка творческих заданий. У мастерской есть свой алгоритм, задания подобраны так, что каждый ученик находится в творческом поиске и в работе. Результатом работы каждой мастерской становится продукт коллективного творчества: исследовательская работа, стихи, эссе и т. п.

Один из принципов и правил ведения мастерской – это право каждого на ошибку, самостоятельное преодоление ошибки , т.е. путь к истине.

И едва ли не самое страшное для многих учителей – это безоценочная деятельность, отсутствие критических замечаний в адрес любого участника мастерской. Что это даёт ребёнку? Прежде всего, условия эмоционального комфорта и творческой раскованности, когда на деле реализуются принципы «педагогики успеха». Оценка заменяется самооценкой и самокоррекцией учащихся.

Решительное ограничение практической деятельности мастера (руководителя) на всех этапах мастерской не значит полное отсутствие контроля с его стороны. Задача его состоит скорее в некоторой фиксации достигнутого участниками. Мастер не ставит вопросов и не отвечает на них. В ряде случаев он может включиться в работу «на равных» с участниками, например, в мастерской творческого письма. Так, на одном из уроков осетинского языка учитель со своими учениками описывала один день из жизни Шекспира (мастерская письма «Сонеты Шекспира на осетинском языке»).

Остановимся подробнее на этой мастерской и опишем её алгоритм. Мастерская началась с индикатора. В роли индикатора были представлены четыре предмета: перчатка, глобус, шёлковый носовой платок и яблоки. (Ученикам была дана возможность рассмотреть их).

Следующий этап – деконструкция: Мастер (учитель) раздала всем карточки с разными словами. Дети их читают.

Этап реконструкции: ученики выбирают из слов на карточках те, которые можно связать с предметами, т.е. слова-ассоциации. Мозговой штурм: дети пытаются связать предметы, казалось бы, совершенно отстранённые друг от друга. Перчатка – отец Шекспира был перчаточником. Глобус – театр 16 века «Глобус», где играл драматург. Шёлковый платок – камень преткновения в трагедии «Отелло». Яблоки (а могли быть яйца, помидоры и т.д) – плоды, которыми зрители закидывали неугодных им актёров. Необязательно, что дети предложили именно такую логическую цепочку, – важен сам момент поиска истины.

Первичная социализация (работа в группах): учащиеся выписывают из сонетов

Шекспира слова, смысл которых им кажется важным для понимания творчества драматурга, заодно определяют тему мастерской (любовь, мир, раздумья, желания, воспоминания, сомнения, душа, противоречие, радость, путеводная и т.д.).

Вторичная социализация: участники мастерской обмениваются друг с другом словами, дополняют их, делают для себя определённые выводы. Информационный посыл: читают их.

Творчество: мастер читает 122-й сонет Шекспира, предлагает добавить к имеющимся словам новые из прочитанного сонета, которые бы передавали атмосферу, дух, чувства, мысли, аромат эпохи Шекспира.

Дети пишут небольшой прозаический или поэтический текст – один день из жизни драматурга – листок из дневника Шекспира. (Специально для этого учитель подготовил искусственно состаренные, «пожелтевшие» листки).

Новая социализация: дети обмениваются своими работами, читают их. Из работ учащихся: «…любовь – это звезда, которую очень трудно достать, но она освещает нам путь…»; «… стою перед зеркалом… мои мысли опять уносят меня вдаль… моя жизнь проносится перед глазами… Мной лишь правит моя Муза…»; «… если даже обо мне после смерти никто не вспомнит, в твоей душе, мой читатель, останутся мои раздумья и сомнения…».

Кульминация творчества («афиширование»): школьники вывешивают на доске свои работы, чувствуя себя творческими людьми.

Рефлексия: дети описывают свои чувства, эмоции, которые у них зарождались во время работы, что им понравилось, что им удалось, а что не очень.

По сути, «афиширование»– вывешивание работ учеников и Мастера (учителя) в классе и ознакомление с ними (все ходят, читают, обсуждают или зачитывают вслух) – и есть та оценка деятельности учащегося, которая так не похожа на традиционную. Результаты работы групп предлагаются для рассмотрения всем участникам мастерской, организуется афиширование работ учеников и Мастера, «презентация» различных точек зрения на проблему в форме текстов, стихотворений и т. д. Оценивание на данном этапе значит обеспечение «официального» признания полученных результатов, взаимообогащение, формирование творческого коллективного опыта. Это альтернативный метод оценивания.

Не случайно в системе оценивания по ФГОС предметом оценки выступают как достигаемые образовательные результаты, так и процесс их достижения. Это способствует формированию умений самоконтроля и самооценки учащихся, то, чего так не хватает нашим детям. На мастерской даже самый слабый ученик может себя почувствовать востребованным и значимым, а его мысли, не ограничиваемые строгими канонами программы и замечаниями учителя-предметника, стать крылатыми. Подобные формы работы расширяют кругозор учащихся, способствуют повышению их самооценки, ребенок чувствует, что у него получается, что он тоже успешен! А раз получается в одном предмете, значит, получится и в другом, надо только захотеть! И тогда повысится и качество образования.

Как показывает практика, приемы, используемые на творческих мастерских, не противоречат традиционным урокам, а лишь разнообразят их, делают обучение гуманным.

***Хуыбецты Эльвирæ,***
***Ногиры 2-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ФÆСТÆДÆРЫ БАЗОНÆН (ОТСРОЧЕННАЯ ОТГАДКА)

Методистты 'хсæн бирæ ис, ахуыргæнджытæн æххуысæн цымыдисаг куысты хуызтæ, мадзæлттæ чи æрхъуыды кодта, ахæмтæ. Сæ иу – зындгонд уырыссаг педагог Анатолий Гин. Уымæн йæ методикон æвæрæны бирæ ис æнахуыр «хæзнатæ», ирон æвзаджы уроктæ чи фæхъæздыгдæр кæнид, ахæмтæ. Гины методтæй бæстондæр æрдзурдзыстæм, «отсроченная отгадка» чи хуыйны, ууыл. Æрдзырдта йыл йæ чиныг «Приёмы педагогической техники»-йы, ссарæн æй ис электрон адрисыл: http://www.t-z-n.ru/archives/gin.pdf.

Чиныг ахуыргæнджыты зонгæ кæны ахæм мадзæлттимæ, куыд:

– цымыдис кæнын (удивляй),

– фæстæдæр базонæн (отсроченная отгадка),

– интеллектуалон хъазт (интеллектуальная игра),

– фантастикон бавæрæн (фантастическая добавка),

– зонадон-ахуырадон басаст ЗАБ (учебный мозговой штурм УМШ),

– идеалон бафарст (идеальный опрос),

– сцыбæлгæнæн нысан (привлекательная цель),

– текстмæ фарст (вопрос к тексту),

– рæдыд рацахс (лови ошибку),

– проблемон диалог (проблемный диалог),

– бæрæггæнæн контролон куыст (тренировачная контрольная работа),

– æвзаргæ контрол (выборочный контроль),

– фæлхат кæнæм контролимæ (повторяем с контролем),

– фæлхат кæнæм бæстондæр (повторяем с расширением),

– хи дæнцæгтæ (свои примеры),

– темæты сæмбæлд (пересечение тем),

– дзурæм хæдзармæ куыстыл (обсуждаем домашнее задание),

– «светофор»,

– бæлвырдгонд бафарст (программируемый опрос),

– цæгон бафарст (опрос по цепочке),

– æвиппайды контрол (блиц-контроль),

– æртæ фæлтæры (три уровня),

– хатдзæгтæгæнæджы роль (роль подводящего итоги),

– «о» – «нæ» – тæ («да – нетки»),

– урочы кæрон (завершение урока) æ.а.д.

Ранымад мадзæлттæ сты цымыдисаг, сфæлдыстадон авналæнтæн – парахат, фæлæ уый хыгъд ахуыргæнæгæй домынц хиуыл кусын (хъуамæ йæм уа арф æмæ уæрæх зонындзинæдтæ). Хорз æххуыс сты ахуыргæнæджы профессионалон рæзтæн.

Метод отсроченная отгадка-йы нысан у ахуырдзауы урочы архайынмæ сцымыдис, сразæнгард кæнын. Урочы райдайæны ахуыргæнæг цавæрдæр сусæгдзинады (уыци-уыцион фарст) фæрцы скъоладзауты бафтауы хъуыдытыл, æгас урок архайынц уыцы сусæгдзинад райхалыныл. Уый у урочы проблемон уавæр, цæлхдур. Уыцы сусæгдзинад вæййы исты æнахуыр цау, аргъау, цæйдæр комментарий, хъуыды, æмдзæвгæ, ныв, музыкалон уацмыс, цардæй ист эпизод æ.а.д.

***Фыццаг формулæ***

Æрвылбон уроктæ истæмæй фæхъæуы «аппджын» кæнын. Зæгъæм, ныхасы рæзтыл бакусынæн мын феххуыс уырыссаг æмбисонд «Гримр – викинг», йæ автор – Н.К. Рерих. Цыбырæй йын æрхæсдзынæн йæ мидис. Гримр базæронд, йæ бон ницыуал у. Бæргæ уыд йе 'фсæддонтæн аккаг хæстон

раздзог, фӕлӕ азтӕ сӕхион кӕнынц. Абон ӕрхуыдта куывдмӕ йӕ хӕстон ӕмбӕлтты ӕмӕ сын зӕгъы йӕ уды рыст, иунӕг дӕн, зӕгъы, нӕй мын ӕрдхорд. Фӕхъыг сты йӕ уазджытӕ, иугай стынц ӕмӕ дзурынц сӕ лӕггӕдты тыххӕй. Зӕронд ӕфсӕддон сӕм фӕхъуыста стӕй загъта: «Сымахӕй алчидӕр дзуры, мӕ хъыджы бон мын куыд ӕмӕ цы лӕггад кодта, мӕ уӕлхъус куыд лӕуууыд, уый тыххӕй. О, хъыджы рӕстӕг мӕ цуры уыдыстут. Фӕлӕ уӕ иу дӕр нӕ загъта мӕ циндзинӕдты тыххӕй. Мӕ уӕлахизы тыххӕй. Мӕ зианы, мӕ састы, мӕ рысты мӕ алыварс уыдыстут, фӕлӕ-иу мӕ ӕгӕрон цинты сымахӕй мӕ цуры ничи уыд. Нӕ мын цин кодтат мӕ циныл, хӕлӕг мӕм кодтат, уӕ цӕст мын сӕ нӕ уарзта. Мӕ хъыджы та фыццагдӕр уӕхицӕн лӕггад кодтат». Сӕргуыбырӕй ацыдысты йӕ куывдӕй хуынд адӕм.

Ӕрмӕг у ахадгӕ йӕ хъомыладон тыхӕй. Ахуырдзауты сцымыдис кӕны ахӕм фарстӕй: кӕй циндзинадыл бацин кодтай фӕстаг хатт? Кӕй хъыгыл фӕхъыг кодтай? Сӕ填 кармӕ гӕсгӕ кӕндзысты сӕ хӕлӕртты кой. Сабыргай рахизӕм ӕмбалы темӕмӕ. Фӕрсыс сӕ, ӕцӕг хӕлардзинад цы у, уымӕй. Стӕй – ӕвиппайды фарст: «Хӕлардзинады цы у сӕйрагдӕр, цины лӕггад, ӕви хъыджы?» Ацы фарстӕй райдыдта нӕ фӕстӕдӕр базонӕны методы куыст. Скъоладзаутӕ хъуыдыты бафтынц, сӕхӕдӕг цардӕй дӕнцӕгтӕ фӕхӕссынц, сӕхӕдӕг фантастикон бавӕрӕнтӕ дӕр ӕрхӕссынц урокмӕ. Текст фехъусгӕйӕ, ӕдзӕмӕй базайынц. Фыццаг хатт ахъуыды кӕнынц сӕ зӕрдӕхӕлардзинадыл. Урочы скӕнӕн ис изложени сочиненийы элементтимӕ, сӕ хъуыды ӕргом кӕнынц ныхты фӕрцы дӕр. Дыккаг урочы хъусӕм сӕ хатдзӕгтӕм, нывтыл дӕр дзурӕм. Тынг цымыдисаг рауайы сӕ дунеуынынады ныв.

***Дыккаг формулӕ***

Ацы методӕй аргъауы хуызы спайдагӕнӕн ис фӕндзӕм къласы, морфологи ахуыр кӕнгӕйӕ.

Морфологийы ком. Иу комбӕсты цардысты ӕмӕ уыдысты диссаджы цӕрджытӕ. Цардысты хӕларӕй, кӕрӕдзи ӕмбаргӕйӕ, кӕрӕдзийӕн лӕггадгӕнгӕйӕ. Уыцы ком хуындис Морфологийы ком… Сӕхи 'хсӕн ма йӕ хуыдтой Ныхасы хӕйтты ком. Ӕвӕццӕгӕн, дыууӕ хъӕуы йеддӕмӕ дзы кӕй нӕ уыдис, уый тыххӕй: Сӕрмагонд ӕмӕ Ӕххуысгӕнӕг ныхасы хӕйтты хъӕутӕ. Чи зоны, дзырдарӕхст кӕй уыдысты, уый тыххӕй… Чи йын цы зоны… сымах та куыд хъуыды кӕнут? (ацы фарст фӕстӕдӕр базонӕны фарст).

Сӕ алыварс цӕрджытӕ ӕхсызгонӕй кастысты сӕ сыхӕгты хӕлар цардмӕ. Уыдон та сыл хъазгӕ-худгӕйӕ ӕвӕрдтой нӕмттӕ. Зӕгъӕм, цыдӕриддӕр предметтӕй фӕлыст уыд, уыдон се 'ппӕты ахастой Номдарты мыггагмӕ (ам номдар сӕ зӕрдыл лӕууын кӕнынц дӕнцӕгтимӕ). Миногонты мыггаг уыцы предметтӕн се 'ууӕлтӕ ӕвдисгӕйӕ, сӕ цард рӕсугъддӕр кодта (зӕрдыл ӕрлӕууын кӕнын миногоны ӕмбарынад дӕнцӕгтимӕ). Номивджыты та нӕмттӕ ивынмӕ бауагътой (номивӕджы ӕмбарынад дӕнцӕгтимӕ). Нымӕцонты мыггаг Дунейы фӕллой, бӕркад нымадӕй дардтой (нымӕцоны ӕмбарынад дӕнцӕгтимӕ). Мивдисджыты мыггаг ӕппын улӕфт нӕ зыдтой, алы архайд бирӕвӕрсыгӕй бӕлвырд кӕнынил архайдтой (мивдисӕджы ӕмбарынад дӕнцӕгтимӕ). Фӕрсдзырдты мыггаг архайды ӕууӕлтӕ цырдӕй, фадат сын куыд амыдта, афтӕ бӕрӕг кодтой (ам дӕр та – дӕнцӕгтӕ)… Цардысты дыууӕ сыхӕй. Сыхаразджытӕ уыдысты Номдары ӕмӕ Мивдисӕджы хӕстӕджытӕ. Номдармӕ хӕстӕг ӕрцардысты Миногонтӕ, Номивджытӕ, Нымӕцонтӕ; Мивдисӕджы раз та ӕрбинат кодтой Фӕрсдзырдтӕ. Куыд загътам, афтӕмӕй сӕ хъӕу хуынд Сӕрмагонд ныхасы хӕйтты хъӕу.

Доны фале хурджын хохы фахсыл цардысты Ӕххуысгӕнӕг ныхасы хӕйтты хъӕуы цӕрджытӕ. Адон дӕр цардысты сыхгай мыггӕгтӕм гӕсгӕ: Фӕсӕвӕрдтӕ, Разӕвӕрдтӕ, Бӕттӕгтӕ, Хайыгтӕ… Дыууӕ хъӕуы дӕр хӕлар уыдысты. Сӕрмагонд хъӕуы «фӕдисы» хъӕр фӕцӕуӕд, ӕндӕр Ӕххуысгӕнӕг хъӕу цӕттӕйӕ смидӕг вӕййынц сыхаг хъӕумӕ лӕггад кӕнынмӕ. Уыдон дӕр сӕ ӕнӕ рӕвдыд никуы уагътой.

Семæ сæ балцы фæхонынц, фæсхох цы ком ис, уырдæм – Синтаксисы коммæ.

***Æртыккаг формулæ***

Метод фæстæдæр базонæнæй спайда кæнæн ис, Коцойты Арсены уацмыс «Цæукъа æмæ фыркъа» æвзаргæйæ. Ацы урс æмдзæвгæ у сæрибардзинады гимн. Канд ирон литературæйы нæ, фæлæ дунеон литературæйы дæр зын ссарæн у ахæм уацмыс – асæй чысыл, хъуыдыйæ та егъау. Комкоммæ дзургæйæ, ирон литературæ рæзти иунæджы æмæ сæрибардзинады проблемæтыл. Æхсæзæм къласы сывæллæттæ уыцы проблематикæимæ зонгæ сты. Урочы уал раздæр саразæн ис хуымæтæг проблемон уавæр: «Сывæллæттæ, тæхын уæ фæнды? Цæмæн? Æмæ дын фадат куы нæ уа стæхынæн, уæд та цы кæндзынæ?» Æхсæзæмкъласонтæ «бирæ фæтæхынц æмæ бирæ фенынц», фæлæ сын фадат куы нæ уа, уæд та – тох! Цæуыл? Сæрибардзинадыл… Афтæ райхæлы уацмысы хъуыды, фыццаг къахдзæф акæнæм урочы нысан баххæст кæнынмæ. Ацы урочы байхъусын хъæуы Р. Штраусы увертюрæ «Так говорил Заратустра», фæстæдæр текст куы бакæсой, уæд хъуамæ зæгъой, ацы музыкалон уацмыс нæ цæмæн бахъуыд, цы æвдисы, цы иу кæны дыууæ уацмысы, уый. Сæ иудзинад у сæрибардзинады мотив – Бури – цæукъа! Уацмыс ногæй бакæсгæйæ, Штраусы музыкæмæ байхъусгæйæ, агурынц мелоди æмæ æмдзæвгæйы иугæнæн скъуыддзаг.

***Цыппæрæм формулæ***

Ирон литературæйы программæйы уацмыстæй ахуырдзаутæн зын бамбарæн вæййы Коцойты Арсены радзырд «Саломи»-йы хъуыды. Уацмысы сæйраг архайæг Саломи йæ къух систа йæхимæ æмæ йæ цотмæ. Ахæм хъуыддæгтыл зæрдæ нæ фæкомы дзурын. Цардбæллон сабиты ахæм уæзы бын фæкæнын адæймаджы нæ фæфæнды. Ам дæр та нын фехххуыс уыдзæн Анатолий Гины фæстæдæр базонæн. Урок райдайæн ис афтæ: «Байхъусут-ма мæнæ ацы æмдзæвгæмæ (зарæгмæ). Байхъусут æмæ зæгъут, цæуыл дзуры зарæггæнæг?»

Æмдзæвгæйы дзырд цæуы, шотландийаг къарол иу чысыл адæмы хатт куыд сыскъуыйын кодта, ууыл. Уыцы адæм фыхтой верескæй (какон сындзæй) мыд. Мыд чи фыхта, уыдонæй ничиуал баззад, æмæ ныр паддзахы зæрдæ æрцагуырдта мыд.

Æнæнхъæлæджы æфсæддонтæ амбæлдысты фыд æмæ фыртыл – фæстаг мыд фыцджытæ сты уыцы цагъд адæмæй. Паддзах сын мыд фыцын кæны. Нæ комынц.

Фæстагмæ зæронд фыд дзуры паддзахмæ, бацамонин уын мыд куыд фыцгæ у, уый, фæлæ мæ фыртæй æфсæрмы кæнын, зæгъгæ. Сбæттут æй æмæ йæ фурды баппарут. Лæппуйы доны баппæрстой. Ныр зæронд цæхгæр ныллæууыд, ницы уын фыцын, зæгъгæ. Мæ хъæбулы та уый тыххæй амарын кодтон, цæмæй ма фæрæдийа. Зæронды дæр доны амæттаг фæкодтой.

*Фарст.* Цæмæн бакодта ахæм ми зæронд лæг? Искуы дæр ма фыд йæ фырты нæ уарзта?

*Дзуапп.* Уый йын йæ цæсгом чъизийæ бахъахъхъæдта, æрыгон у æмæ куы нæ бафæраза знæгтæн. Мæнæ Коцойты Арсены Саломи йæ намыс куыд хъахъхъæны, афтæ. Æмæ урок дарддæр ацыд историон фæндагыл. Кæсынц радзырд, фæстæдæр базонæны методы фæрцы хатдзæг кæнынц.

***Фæндзæм формулæ***

Барахъты Гинойы «Бæстырæсугъд» фыст у уды рæсугъддзинадыл. Ахуыргæнæг урокмæ æрбахаста аив дурын. Рæсугъд цæмæй у? Йе 'ддаг бакастæй, æви йæ мидæг цы ис, уымæй? Кæсынц Н. Забалоцкийы æмдзæвгæ «Некрасивая девочка». Сæ фæстæдæр базонæн фарст – Цы у рæсугъддзинад? Уый дурын у, афтид – йæ хуылф, рæсугъд – æддейæ. Æви цырен арт дурыны хуылфы? Таурæгъ куы бакæсой, уæд ахуыргæнинæгтæ сæхæдæг раст дзуапп ратдзысты.

***Æхсæзæм формулæ***

Гæдиаты Секъайы сфæлдыстад схонæн ис символикон сфæлдыстад. Уымæ гæсгæ 8-æм къласы, йæ уарзондзинадыл фыст новеллæтæ ахуыргæнгæйæ, ис ацæуæн символикон фæндагыл. «Айссæ». Уацмысыл дзурыны размæ ис æрхæссæн ахæм хæрз

цыбыр æмбисонд. Раджы дард Китайы уалдзæджы ницы сырд марæн уыд. Кæрдæг дæр не 'ртыдтаиккой. Суанг ма-иу мæлæты тæрхон дæр нæ хастой уалдзæджы. Ауагътой-иу ахст адæмы, науæд-иу æндæр тæрхон рахастой. Цæмæн? Фарстæн дзуапп дæттынц скъоладзаутæ сæхæдæг: «Уалдзæг – цардгуырæн у!» Нæй хъыгдарæн царды равзæрдæн…

Уалдзыгон бон нæ цæстыты раз райдыдта хæлын Айссæйы хъысмæт … Дунемæ зарды базыртыл æрцæудзæн Ахмæт æмæ Айссæйы уарзондзинад … Фæугæ та фæкæндзæн зымæгон, Ногбоны æхсæв, Айссæйы мæлæтæй. Ацы дыууæ ныхмæвæрддзинадыл дзургæйæ, халæм уацмыс.

***Æвдæм формулæ***

Дзесты Куыдзæджы «Хорхæссæг». Уацауимæ базонгæ уæвыны размæ ахуырдзаутæ фыссынц фыстæг Хуыцаумæ. Цы сæ фæнды базонын, бафæрсын, ракурын…. Уацмысимæ куы базонгæ уой, уæд та фыссынц дыккаг фыстæг Хуыцаумæ, æцæг ныр – Додийы номæй…

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

*Гæджиты Лянæ,*
*Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

***Темæ «Мах – дæ уазæг, Фсати**, *Ды – нæ фæдзæхсæг!»***

*Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Фсати»-мæ гæсгæ*

***Урочы нысантæ:***

1. Æрдзурын æмдзæвгæ «Фсати»-йы мидисыл.

2. Рæзын кæнын цымыдисдзинад ирон мифологимæ; бакусын ныхасы рæзтыл; ахуыр кæнын хибарæй хатдзæгтæ кæнын, хи цæстæнгас æргом кæнын.

3. Гуырын кæнын уарзондзинад æрдзмæ, æрдзыл аудыны хъуыдытæ.

*Цæстуынгæ æрмæг:* Хетæгкаты Къостайы чиныг «Ирон фæндыр», компьютерон презентаци, Абайты Васойы «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат», ахуыргæнæн чингуытæ, тетрæдтæ, нывтæ, «Æфсати»-йы зарæг.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

***1. Мотивацион уавæр.***

*Ахуыргæнæг*: Нæ фыдæлтæ арæх цыдысты цуаны. Сæ фæндаг-иу æнцон нæ уыдис, алыхуызон цæлхдууртæ-иу сыл сæмбæлд, фæлæ ирон лæг зындзинæдтæй никуы тарст. Абон мах дæр бафæлварздзыстæм цуаны ацæуын. Цæмæй фæндараст фæуæм, уый тыххæй нæ зонын хъæуы цуанæтты сусæгдзинæдтæ, æмæ сыл нæ урочы æрдзурдзыстæм. Урочы кæрон та уæм æнхъæлмæ кæсы сюрприз.

Байхъусут уал таурæгътæм æмæ зæгъут, цавæрæй дзы æвдыст цæуы Æфсати, уый.



* Ирон æвзаджы растфыссынады æгъдæуттæм гæсгæ ацы дзырд фысгæ у «Æфсати», фæлæ йæ æмдзæвгæйы ныууагътой, автор æй йæхæдæг куыд фыста, афтæ

*(Таурæгътæ кæсынц Лотиты Игоры конд ныв «Æфсати» æмæ ирон музыкæйы фоныл).*

*1-аг таурæгъ.* Иуахæмы зæронд цуанон æмæ æрыгон цуанон ацыдысты цуаны. Фæхицæнтæ сты. Зæронд лæг амардта иу саг, арфæ ракодта Æфсатийæн æмæ æнхъæлмæ кæсы йе 'мбалмæ.

Уыцы рæстæг æрыгон цуанон къæдзæхты астæу баййæфта сагты рæгъау æмæ сæ цæгъдын райдыдта. Дæс дзы куы амардта, уæд æм Æфсати хъæр кæны: «Æгъгъæд у, мæ фосы мын мауал цæгъд!» Фæлæ уый уæддæр мары æмæ мары.

Уæд æм Æфсати афтæ тынг смæсты, æмæ йæ саугуырм бакодта. Афтæ æрыгон цуанонып æрцыд сырдты бардуаджы æлгъыст.

*2-аг таурæгъ.* Æфсати аргæвды алы саджы ноггуырд лæппыны дæр, сфыцы йæ æнæхъæнæй.

Саджы фыд хæрынмæ хуыдта йæ зонгæты, уазджыты. Уыдон дæр-иу сæхи хорз федтой, фæлæ стæг нæ састой. Хæрды фæстæ-иу Æфсати стджытæ æрæвæрдта, удæгасæй куыд уыдысты, афтæ. Ехсæй-иу сæ æркъуырдта æмæ-иу саджы стджытыл – стæгдарыл ногæй царм æмæ фыд æрхæцыд. Уд-иу дзы бауагъта æмæ-иу сагмæ ногæй цард раздæхти.

*Фарст:* Цавæр уæм фæкаст Æфсати таурæгъты?

*1-аг дзуапп.* Йæ сырдтыл ауды, маст исы, йæ сырдты йын чи мары, уымæй.

*2-аг дзуапп.* У уазæгуарзаг, рæдау, зондджын, архайы, цæмæй йæ сырдтæ къаддæр ма кæной, ууыл.

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ, цавæр бардуаджы кой кæндзыстæм абон нæ урочы? (Æфсатийы).

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы темæ дæр у «Мах – дæ уазæг, Фсати, Ды – нæ фæдзæхсæг!» Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Фсати»-мæ гæсгæ.

Нæ урочы нысан у Къостайы æмдзæвгæ «Фсати» равзарын, Æфсатийы фæлгонцыл бæлвырддæр æрдзурын.

**II. Урочы темæйыл куыст.**

*Фарст:* Цы зонут Æфсатийы тыххæй? *(дзуæппытæм байхъусын).*

*Иртасæн куыст:* 1-аг скъоладзау куыста компьютерыл, интернеты агуырдта æрмæг Æфсати тыххæй.

*2-аг скъоладзау Абайты Васойы дзырдуаты агуырдта дзырд «Æфсати»-йы равзæрд.*

*Ахуыргæнæг:* Хибарæй чи куыста, уыдонмæ байхъусæм.

*1-аг скъоладзау.* В «Этнографии и мифологии осетин» дается следующее определение: «Афсати – небожитель, «хозяин» благородных диких животных, покровитель охотников. Изображается Афсати глубоким стариком с длинной белой бородой, сидящим на высокой горе, откуда он наблюдает за своими несметными стадами, которые зовутся у осетин «скотом Афсати».

В отличие от других осетинских божеств Афсати не имел своего святилища, и в честь него не устраивались особые празднества. Тем не менее, считалось, что только с позволения Афсати можно выходить на охоту. Охотники перед выходом на охоту должны были выполнить определенные требования и в молитве, обращенной к Афсати, попросить его пожертвовать им из своего стада какое-либо животное. [Этнография и мифология осетин 1994:31].

Зындгонд ахуыргонд Всеволод Миллер та афтæ фыссы Фсатийы тыххæй: «Властителем над дикими животными, особенно над турами, оленями, козами, кабанами осетины называют Афсати. Ему, как патрону, молятся охотники. Если охотнику удалось застрелить зверя, он благодарит Афсати и обязательно угощает встречных и бедных одноаульцев мясом дичины, дарованной Афсати. Кто не исполнит этого обряда, тому Афсати никогда уже не даст, не только застрелить, но и издали видеть тура».

Дарддæр В. Миллер фыссы: «Охотник, отправляясь на охоту, берет с собой три пирога с сыром. Дойдя до места, где может

находиться «скот Афсати», он обращается с молитвой к покровителю диких животных и «просит его дать ему из своего стада одного бедного оленя или козла» и принять в жертву пироги. [В.Ф.Миллер 1992: 245].

*2-аг скъоладзау:* Абайты Васо куыд фыссы, афтӕмӕй дзырд «Ӕфсати» хӕстӕг у сомихаг дзырдтӕ *aspac', aswac', ast' owac'*-мӕ, тӕлмацгондӕй – дзырд «хуыцау». [В.И.Абаев 1958:147].

Дарддӕр Абайты Васо йӕ дзырдуаты дзырд «Ӕфсати»-йы этимологи амоны афтӕ: «Ӕfsati – бог охоты, «хозяин» лесных зверей, которые зовутся Ӕfsatiju fos «скот Афсати; ему молились охотники о счастливой охоте».

*Ахуыргӕнӕг:* Кавказы иннӕ адӕмтӕм дӕр ис хъӕддаг фосы бардуӕгтӕ. Дзырдӕн зӕгъӕм, балхъайрӕгтӕм – Afsati, свантӕм – Apsat'. Ацы дзырдтӕ цыма фаззӕттӕ сты, уый хуызӕн: ирон –Ӕfsati, балхъайраг – Afsati, сванон – Apsat'. Свантӕмма нӕлгоймаг бардуаг Apsat'-ӕй уӕлдай уыд сылгоймаг цуанӕтты бардуаг Dal.

Алы цӕрӕгойӕн дӕр ис йӕхи уӕларвон бардуаг, адӕм сӕм фӕкувынц исты ӕххуысы фӕдыл. Зӕгъӕм, уырыссаг мифологийы ӕфсымӕртӕ Флора ӕмӕ Лавра сты хӕдзарон цӕрӕгойты, сӕйрагдӕр табӕхты бардуӕгтӕ. Евстафий Плакида – хъӕддаг цӕрӕгойты ӕмӕ цуанӕтты бардуаг, Сыгъдӕг Власий – фосгӕсты бардуаг ӕмӕ а.д.

*Фарст:* Дунейы мифологийы ис алыхуызон бардуӕгтӕ, уӕ хорзӕхӕй, сывӕллӕттӕ, нӕ зӕрдыл дзы иуцалдӕры ӕрлӕууын кӕнӕм (Посейдон – покровитель морей, Афина – богиня Мудрости, Афродита – богиня красоты, Гера – покровитель семейного очага и т.д.).

*Ахуыргӕнӕг:* Махӕн, ирон адӕмӕн дӕр ис нӕхи бардуӕгтӕ. Бакӕсут-ма фӕйнӕгмӕ Лотиты Игоры ныввты каталогӕй ист «Лики вечности». «Цавӕр бардуӕгты дзы уынут? *(Бак*ӕсын слайдтӕм, байхъусын дзуӕппытӕм. Зӕгъӕм: Уастырджи – нӕлгоймӕгтӕ, бӕлццӕттӕ ӕмӕ хӕстонтыл аудӕг бардуаг; Уацилла – арвнӕрды бардуаг, хоры, зайӕгхӕлттӕ ӕмӕ тыллӕгыл аудӕг; Фӕлвӕра – хӕдзарон фосы бардуаг; Тутыр – бирӕгъты бардуаг, фосдарджытыл аудӕг дзуар; Сафа – къонайы рӕхыс саразӕг ӕмӕ йӕ хъахъхъӕнӕг; Ӕфсати – хъӕддаг цӕрӕгойтыл аудӕг, цуанӕтты бардуаг; Куырдалӕгон – уӕларвон куырд, куырдты бардуаг; Гӕтӕг – цӕугӕдӕтты бардуаг; Донбеттыр – дондунейы паддзах; Галӕгон – дымгӕйы бардуаг; Балсӕг – Хуры бардуаг; Барастыр – Мӕрдты бӕсты паддзах).

*Фарст:* Ацы бардуӕгтӕй цӕрӕгойты бардуӕгтӕ кӕцытӕ сты? *(Фӕлвӕра, Тутыр ӕмӕ Ӕфсати).*

*Фарст:* Ӕфсатийыл арӕхдӕр кӕм ӕмбӕлӕм?

*Дзуапп:* Нарты кадджыты.

– Нӕ зӕрдыл-ма ӕрлӕууын кӕнӕм Нарты кадджыты Ӕфсатиимӕ баст таурӕгътӕ.

*1-аг скъоладзау:* Ӕфсати балӕвар кодта сызгъӕрин уадындз нарты Ацӕйӕн – Ацӕмӕзы фыдӕн. Ацӕмӕз ыл афтӕ рӕсугъд цагъта, ӕмӕ-иу хъӕды алыхуызон сырдтӕ йӕ алыварс ӕрӕмбырд сты.

*2-аг скъоладзау:* Ацӕмӕз Агуындӕйы куы хаста, уӕд Ӕфсати бафыста ирӕд – фондзыссӕдз афӕдздзыд саджы. Ацӕмӕзы усаг Агуындӕйы ӕвзист уӕрдоны ифтыгъд уыдис авд сӕрджын саджы – Ӕфсатийы лӕвар.

*Ахуыргӕнӕг:* Ирон адӕммӕ нымӕцонтӕ «авд» ӕмӕ «ӕртӕ» сты табуйӕгтӕ. Зӕгъӕм: авд хохы фӕстӕ, авд дзуары, авдӕн; ӕртӕ ӕртӕдзыхоны, ӕртӕкъахыг фынг, Нарты кадджыты ӕртӕ мыггаджы, тырысайы ӕртӕ хуызы ӕмӕ а.д.

Ӕфсати уыд Нарты ӕмӕ ирон адӕмы уарзондӕр зӕдтӕй иу. Йӕ бадӕн у хӕхты бӕрзонддӕр, таурӕгътӕм гӕсгӕ – Адай хох. Кӕд урочы райдианы фехъуыстам, зӕгъгӕ, Ӕфсатийӕн кувӕндон нӕй, уӕд ма байхъусӕм, ӕппӕтадӕмон змӕлд «Иудзинад»-ы куырыхон куыд дзуры, уымӕ. *(Видеоӕрмӕгмӕ бакӕсын)*

Ӕфсатийы фӕлгонцмӕ йе 'ргом аздӕхта Хетӕгкаты Къоста дӕр, ирон адӕмон сфӕлдыстад хорз чи зыдта, цуанӕтты цард ӕмӕ се 'гъдӕуттӕ, се 'взаг, сӕ зарджытӕ сын чи банкъардта, уый. Ныффыста ӕмдзӕвгӕ *«Фсати»*.

**III. Уацмысы текстыл куыст.**

*1. Дзырдуатон куыст.*

– Æмдзæвгæ кæсгæйæ, амбæлдзыстæм ахæм ног дзырдтыл:

сион – саг, сыкъаджын;

æрчъитæ – æууæрст цармæй хуыд къахыдарæс;

ерæдзыпп – хъримаг *(хæцæнгарз).*

*Ахуыргæнæг:* Лексикæйы ацы дзырдтæ куыд хонынц? *(Архаизмтæ)*

***2. Æмдзæвгæ аив бакæсын.***

***3. Баххæст кæнын хæслæвæрдтæ:***

Адих кæнын æмдзæвгæйы текст хæйттыл.

а) æрдзы нывтæ;

æ) Æфсатийы фæлгонц æвдисæг хай;

б) Æфсатийы алыварс *(цуанæттæ, адæм, æ.а.д.).*

*Ссарын æрдзы нывтæ æвдисæг бынæттæ.*

Хур æркаст … нывæнды

Хохæй-хохмæ тын…

Комæй-коммæ хъазгæ,

Царды хос хæссы…

Цард тындзы йæ размæ…

*Фарст:* Ацы нывтæ уын уæ цæстытыл цы ауайын кодтой?

*Дзуапп:* Райдзаст бон, ирд. Хур кæсы. Хуры тынтæ хъазынц…

*Ахуыргæнæг:* Къостайы «Ирон фæндыр»-ы уацмыстæй бирæтæ æвдисынц адæмы хъизæмар цард. Бынтон æндæрхуызон у ацы уацмыс. Уынæм дзы райдзаст нывтæ. Уацмыс у хурæфсæст, хуры хъарм тавы бæстæ, ныфс уадзы адæмы зæрдæты. Чиныгкæсæгмæ æвзæрынц оптимистон æнкъарæнтæ. Æвæццæгæн, Къоста хуымæтæджы нæ ныффыста ацы уацмыс – мæгуыр царды фарсмæ ирд ахорæнтæй тыбар-тыбур чи кæны, æмæ адæмæн ныфсæвæрæн чи у. Ныфс уадзы, цард кæй фæхуыздæр уыдзæн, уымæй.

*Фарст:* Цымæ, уацмысы цавæр афæдзы афон æвдыст æрцыд? *(Фæззæг, зымæг)*

*Ахуыргæнæг:* Æмдзæвгæ у аивадон уацмыс, æмæ алкæмæ дæр æвзæрын кæны йæхи хъуыдытæ. Цавæр ахорæнтæй спайда кæниккат, уацмысы æрдзы нывтæ равдисынæн? *(байхъусын дзуæппытæм)*

*Фарст:* Æмдзæвгæйы куыд æвдыст æрцыд Æфсатийы фæлгонц? Ссарæм æй тексты. *(Æвзаргæ каст)*

*Дзуапп:* Цæстыты раз сæвзæры зæронд лæджы фæлгонц. Урс дарæсы, урс зачъетимæ, ирон уæлæдарæсы. Æфсати у хæларзæрдæ, мæгуыртæм кæсы цæстуарзонæй; нæ уарзы хъæздгуыты.

*Фарст:* Цавæр миниуджытæ ма ис Æфсатимæ?

*Дзуапп:* Фынæй бирæ уарзы, гуымиры ныхас кæны *(гъе 'рра, оф-оф…)*

*Ахуыргæнæг:* Цымæ, цæмæн ахæм миниуджытæй фæхайджын кодта фыссæг ацы персонажы? Кæд æй, мыййаг, адæммæ фæхæстæг кæнынмæ хъавыд? Кæд, мыййаг, ирон адæмæн æнæуи дæр сæ удмæ хæстæг цы Æфсати уыд, уый ма сæм ноджы фæхæстæгдæр кæныныл бацархайдта?

«Мæгуыры зæрдæ – фынтæй хъал у», – зæгъы ирон æмбисонд. Ноджы дæр ма – иу аргъауы элемент.

*Хæслæвæрд.* Дзургæйæ сныв кæнын Æфсатийы цæрæнбынат.

*Дзуапп:* Цардис æппæты бæрзонддæр хохыл, йæ астæу зайы нæзы бæлас. Дон кæлы йæ рæзты. Фалæрдыгæй – сау дурты цæндтæ. Урс-урсид дзæгъгъатæй *(урс къæдзæхдур – кварц)* – бандæттæ, тæрхæг. Саджы сыкъатæй йын сынтæг, йæ лыстæн – арсы хъуын, тинтычъи – йæ баз.

*Ахуыргæнæг:* Аргъауы цæрæнбынаты хуызæн.

*Фарст:* Куыд æвдисы Къоста цуанæтты æддаг бакаст (мæгуыр цуанæттæ, хъæздыг цуанæттæ)? Абарæм-ма сæ, ссарут уыцы рæнхъытæ тексты. *(Æвзаргæ каст)*

*Фарст:* Цы цæстæй ракаст Æфсати фараст барæгмæ æмæ цæмæн, ссарæм æй тексты. *(Æвзаргæ каст)*

*Дзуапп:* Æфсати фæмæсты барджытæм, атардта сæ, ницы сын радта. Хъæздыг кæй уыдысты, уый сæ фæлыстæй дæр бæрæг у. Уыдон куырдтой иу мæллæг саг. Курын та хорз нæу.

*Фарст:* Авд цуанонмæ та хæлар цæстæй цæмæн ракаст? Ссарут-ма тексты уыцы бынат. *(Æвзаргæ каст)*

*Дзуапп:* Уыдон ныззарыдысты хъæлдзæгæй, цæмæй сæм Æфсати ракæса, бафæдзæхса сæ, бахъахъхъæна сæ æмæ сын исты сырд балæвар кæна. Уыдон кургæ нæ кæнынц, фæлæ – кувгæ, сæхи фæдзæхсынц.

Æфсати атæры хъæздыг цуанæтты æмæ хæрзаудæн кæны мæгуыртыл, дæтты сын рæдау лæвар – сыкъаджын саг – сион.

Бæрæг у, Æфсати мæгуырты фарс кæй у, мæгуыр фæкæсинаг у, уымæн цуан уыдис йæ цæрыны фæрæз.

*Фарст:* Сывæллæттæ, абоны цуанон та цæмæй хицæн кæны Къостайы цуанæттæй? (æддаг бакастæй, хæцæн гарзæй; бæхтыл нæ цæуынц, фæлæ машинæтыл, æдзух æртæ чъиритйы нæ хæссынц, фаг нæ кувынц, цуанæтты æвзаг нæ зонынц…)

*Фарст:* Куыд уæм кæсы, цавæр цæстæй кæсы Къоста та Æфсатимæ?

*Дзуæппытæ:*

– Къоста бирæ уарзы Æфсатийы, уымæн æмæ мæгуырты фарс у.

– Æфсатийы фæлгонц æвдисгæйæ, пайда кæны иронийæ, кæмдæр ыл худгæ дæр кæны, зæгъæм, йæ ныхас, йе змæлдтытыл æ.а.д.

– Къоста Æфсатийы идеализаци нæ кæны, æмæ йæ уымæй фæхæстæг кодта адæммæ.

*Къорды куыст:* Тексты ссарын аивадон мадзæлттæ – эпитеттæ, метафорæтæ, барæнтæ æмæ æнд.

1-аг къорд тексты агуры эпитеттæ. Зæгъæм: «урс-урсид дзæгъгъатæ», «арф, уынгæг кæмттæ», «дарддзæст лæппу»;

2-аг къорд тексты агуры метафорæтæ, барæнтæ. Зæгъæм: «хур … нывæнды/хохæй хохмæ тын», «мит лæджы цæст сайы…», «цард тындзы йæ размæ»; «Хорз сæ фен лæгау» æмæ а.д.

*Ахуыргæнæг:* Тынг цымыдисаг у цуанæтты æвзаг, алы цуанон дæр æй хъуамæ зыдтаид. Ссарут-ма сæ æмдзæвгæйы (топп-хъримаг, саг – сæрджын, сион, куыдз–цуанон, сырдтæ – цот, фос).

*Ахуыргæнæг:* Цуанæтты æвзаг алы цуанон дæр хъуамæ зыдтаид, сырдты æмæ предметты хуыдтой æндæр нæмттæй, цæмæй сæ сырдтæ ма æмбæрстаиккой, æмæ уæд сæ цуан уыдаид амондджын.

*Къорды куыст:* Скæнын хатдзæг. Абарын, Æфсатийы фæлгонц адæмон сфæлдыстады куыд æвдыст цæуы, уый Хетæгкаты Къостайы арæзт персонажы фæлгонцимæ.

*Адæмон сфæлдыстады:* Æфсати ауды сырдтыл; маст исы, йæ сырдты йын чи мары, уымæй; у уазæгуарзаг, рæдау, зондджын; архайы, цæмæй йæ сырдтæ къаддæр ма кæной; у гуманист.

Къостайы æмдзæвгæ «Æфсати»-йы Æфсати хайджын у зæххон адæмы миниуджытæй; у зæронд лæг, æргомдзырд, рæдау; хохы цъуппыл кæй цæры, уымæ гæсгæ у тыхджын æмæ ныфсхаст; райсомæй уарзы афынæй кæнын; кæмдæр гуымиры ныхас дæр акæны; зивæг дæр æм хæццæ кæны. Фæлæ уый хыгъд, нæ уарзы, давгæ чи кæны, уыдоны, ауды мæгуыртыл).

– Цы ис иумæйагæй ацы дыууæ æрфысты? *(байхъусын дзуæппытæм)*

– Цавæр хатдзæг скæндзыстæм, цæй бындурыл ныффыста Къоста йæ æмдзæвгæ, уый тыххæй?

*(Къостайы æмдзæвгæ фыст у адæмон сфæлдыстады бындурыл).*

*Хæс:* Фæйнæгыл «Æфсати»-йы нывы алыварс скæнын кластер. Нывы алыварс баныхасын персонажы миниуджытæ æвдисæг дзырдтæ. Зæгъæм: зæрдæхæлар, рæдау, растзæрдæ, тæригъæдгæнаг, æргомдзырд æ.а.д.

***Баххæст кæнын проектон куыст:***

*Ахуыргæнæг:* Хæдзары хъуамæ бацæттæ кодтаиккат нывтæ æмдзæвгæ «Фсати»-мæ гæсгæ. Нывтæй аразæм чиныг. Уæ хорзæхæй, хъусæм уæм. *(Сывæллæттæ иугай размæ рацæуынц сæхи конд нывтимæ*

*æмæ нывмæ гæсгæ дзурынц, æмдзæвгæйæ сæ зæрдæмæ кæцы скъуыддзаг фæцыдис, уый тыххæй).*

*Ахуыргæнæг:* Сымах тынг дæсны стут ныв кæнынмæ, уый бамбæрстам, фæлæ цымæ Ирыстоны нывгæнджытæй та кæй нæмттæ зонут? Ранымайут-ма сæ. *(Бедойты Шалва, Хъуысаты Сократ, Челæхсаты Магрез, Джыккайты Мурат, Дзукъаты Никъала, Басаты Олег, Козаты Ушанг, Абысалты Юрий æ.а.д.)*

*Ахуыргæнæг:* Æфсатийы фæлгонцмæ се 'ргом аздæхтой нывгæнджытæ, скульптортæ. Æрбакæсут фæйнæгмæ. *(Слайдтыл – Æфсатийы нывтæ)*



– Цавæрæй сныв кодта Цæллагты Виктор Æфсатийы? *(байхъусын дзуæппытæм)*

– Йæ нывы цавæр кувæндон равдыста? *(Реком)*

– Куыд дарын хъæуы хи кувæндоны? *(байхъусын дзуæппытæм)*

– Нывы ахорæнтæй сæйрагдæр кæцы у *(Урс хуыз)*

– Цы нысан кæны урс хуыз? *(Удварны сыгъдæгдзинад)*



*(Слайдтыл – Дзбойты Михалы скульптурæ «Æфсати». Кæсынц видео-æрмæгмæ).*

*Фарст:* Цавæрæй равдыста Æфсатийы скульптор? *(байхъусын дзуæппытæм)*

*Фарст:* Цæуыл нæ ахуыр кæны Æфсатийы фæлгонц, цы нын фæдзæхсы?

*Дзуапп:* Æрдз уарзын æмæ хъахъ-хъæнын, цæрæгойтыл аудын).

*Ахуыргæнæг:* 4 октябры фæбæрæг кæнынц цæрæгойты Æппæтдунеон бон. Ацы бон фидаргонд æрцыд æрдз хъахъхъæнджыты Дунеон конгрессы 1931 азы Флоренцийы. Бæрæгбон баст у цæрæгойты бардуаг Сыгъдæг Францискы номимæ, райгуырд 4-æм октябры 800 азы размæ.

*Фарст:* Ирыстоны та уыцы куыст чи кæны, сырдты чи хъахъхъæны? (Комитет лесного хозяйства РСО-Алания. Иристонская, 25).

*Ахуыргæнæг:* Нæ алыварс бирæ бæстæты цæуы стыр бæллæхтæ – судзынц хъæдтæ, мæлынц цæрæгойтæ, коалæтæ, кенгурутæ æмæ æнд. Æвæццæгæн дзы адæмы аххос дæр ис. Æрдз æрвылбон хъахъхъæнын хъæуы.

Адæмы миддунейы фидаргонд æрцыд ахæм хъуыды, ома, цæрæгойты чи нæ уарзы, уый зæрдиагæй уарзын нæ базондзæн адæмы дæр. Библийы фыст ис: «Праведник милует души скотов своих». Амонынц æй афтæ: «На Страшном суде Бог спросит с человека и за его отношение к животным».

Уæдæ нæ тынг фæнды, цæмæй абон дæр Æфсатийы хуызæн ауджытæ æмæ хъахъхъæнджытæ уа нæ æрдзæн, нæ алыварсы цæрæгойтæн.

**IV. Урочы кæронбæттæн.**

*Ахуыргæнæг:* Абон базонгæ стæм цуанæтты сусæгдзинæдтимæ, дзырдтам, хи æвзаг, хи æгъдæуттæ сын кæй уыд, ууыл. Цæттæ стæм цуаны цæуынмæ! Фæлæ зæрдыл æрбалæууы æмбисонд: «Æфсати алы цуанонæн сырд нæ дætты».

*Фарст:* Цы хъуамæ бакæнæм, æгъдаумæ гæсгæ, цуаны ацæуыны размæ, цæмæй нын Æфсатийы цæст сырд бауарза, уый тыххæй? *(Бакувæм, базарæм).*

*Ахуыргæнæг:* Цы фæдзæхсы Æфсати?

*Скъоладзау:* «Хорз хай бакæндзынæн æз мæ фосæй, фæлæ бынтон лæвар нæ: цуанон-иу цуаны куы цæуа, уæд-иу рахæссæд йемæ æртæ чъирийы æмæ-иу сæ æфцæгыл мæ ном ссарæд. Стæй-иу сау хохы сырд куы амара, уæд ын-иу йæ рахиз сгуы раттæд, фыццаг ыл чи сæмбæла, уымæн – æмбæлæггаг». Куы никæуыл бамбæлæм, уæд уыцы хай ратдзыстæм æппæты мæгуырдæрæн. Уыцы фæтк-фæдзæхст фидар æвæрд уыд ирон цуанæттæм, æмæ йæ мах дæр, кæстæр фæлтæр, æххæст кæндзыстæм.

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы темæ нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм: «Мах – дæ уазæг, Фсати, Ды – нæ фæдзæхсæг!»

Уæдæ-ма «Æфсатийы зарæг» дæр азарæм *(иу скъоладзау зары, иннæтæ йын хъырнынц).*

Уыцы рæстæг къласмæ æрбалидзы тæрхъус *(Сюрприз!)*

*Ахуыргæнæг:* Мæнæ диссаг, Æфсати нын нæ куывд, нæ зарæг фехъуыста æмæ нын радта тæрхъус.

Ацы тæрхъус мах балæвар кæндзыстæм не скъолайы сæргълæуууæгæн, уыдзæнис нын иудзинады символ.

Урочы нæ размæ цы хæстæ уыд, уыдон баххæст кодтам. Куыд загътам, афтæмæй нæ сюрприз дæр рауад!

**V. Рефлекси.**

Кæронмæ ахæццæ кæнын:

– Урочы мæ зæрдæмæ фæцыд…

– Æз æй нæ зыдтон.. Ныр æй базыдтон.

– Мæ царды мæ бахъæудзæн…

– Кæронмæ нæ бамбæрстон…

**VI. Хæдзармæ куыст.**

Ныффыссын цыбыр нывæцæн «Кæй бæрны бацыдтæ, ууыл ауд» *(«Мы в ответе за тех, кого приручили» Антуан де Сент-Экзюпери-мæ гæсгæ).*

***Æгкацаты Жаннæ,***
***Хæтæлдоны скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

***Темæ «Ирон дзырдтæ мын хуртæ сты…»***
***Лексикæ æмæ фразеологи***

*Урочы хуыз:* урок-хъазт; рацыд æрмæг фæлхат кæнын.

*Урочы нысантæ:*

1. Лексикæйæ рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.
2. Скъоладзауты ахуыр кæнын къорды кусын, кæрæдзийæн æххуыс кæнын; ныхасы рæзтыл бакусын.
3. Гуырын кæнын уарзондзинад ирон æвзагмæ, тырнындзинад ирон æвзаг хуыздæр базонынмæ.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг:* Нæ урок мæ райдайын фæнды Джыккайты Шамилы æмдзæвгæйæ «Дыууадæс дзырды».

*Беседæ:*

– Куыд бамбæрстат æмдзæвгæйы хъуыды?

– Цæимæ бары поэт ирон дзырдты?

– Цавæр дыууадæс дзырды рахицæн кодта поэт?

– Цавæр ныхасы хæйттæ сты? (номдартæ)

– Цы хонæм уæдæ номдар?

– Æмдзæвгæйы цавæр хатдзæг кæны поэт*? (Æппæт хæрзтæн сæ бындур Ирыстон кæй у, æнæ уый йæ хур кæй нæ тавы).*

**II. Урочы темæйыл куыст.**

*1. Ахуыргæнæг:* Ирон æвзаджы тынг бирæ рæсугъд дзырдтæ ис. Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, æвзагзонынады хæйттæй кæцы иртасы не 'взаджы дзырдтæ? *(лексикæ)*

– Иу хатт ма сфæлхат кæнæм, лексикæ æмæ фразеологийæ цы æрмæг рацыдыстæм, уый.

*2. Ерысы хуызы хъазт.*

– Лексикæйæ нæ зонындзинæдтæ сбæрæг кæнæм. Раст дзуапп чи радта,уымæн «баллты» бæсты – чысыл хуртæ. Ирон адæммæ хур мæнæ афтæ нысан кодтой *(равдисын презентаци «Хуры системæ»-йæ скъуыддзаг).*

Фылдæр хуртæ чи æрæмбырд кæна, уый – уæлахиздзау!

*Фæрстытæ ерыстæм:*

1) Цы хонæм лексикæ?

2) Цавæр къордтыл дих кæнынц ирон æвзаджы дзырдтæ?

3) Цы хонæм профессионалон дзыртæ, архаизмтæ, неологизмтæ, историзмтæ, фразеологизмтæ? (Дзуæппыты фæстæ уæлахиздзауы сбæрæг кæнын)

*3. Сфæлдыстадон хæс (диктант).*

Фразеологион дзырдбæстыты баивын синонимтæй (фыссынц æрмæстдæр дзуæппытæ)

– Куыдз æмæ гæдыйы цард кæнын (хыл кæнын, нæ фидауын).

– Йæ цæстытæ ныуурс сты (æнхъæлмæ кæсынæй бафæллайын).

– Зæрдæйы ныххаудта (бауарзын).

– Хуртæ æмæ дзы мæйтæ кæсы (тынг рæсугъд).

– Зæрдыл дарын (нæ рох кæнын).

*4. Фарст.*

– Цы хонæм синонимтæ?

– Æвзаджы мидæг та цæмæн хъæуынц?

Хæслæвæрд.

Дзырдтæм синонимтæ ссарын:

стыр, рæсугъд, зонджын, зæронд, згъорын, гыццыл, схæццæ кæнын, загъд кæнын, знаг.

*5. Дыууæрæнхъонтæ кæронмæ ахæццæ кæнын:*

Даргъ, фыдуынд сæрыхъуын дары,
Уайдзæф мурмæ дæр нæ …

Сарæзта цæрæнуат халон,
Цæй, ныр ын æй æз куыд …

Кæд къæрмæг тъыст ис йæ хъусы,
Гъе, уæддæр, нæ ныхас…

– Цæмæй пайдагонд цæуы ацы рæнхъыты? *(омонимтæй)*

*6. Ныффыссын лæвæрд дзырдтæн сæ антонимтæ:*

лæгъз – …
цæхджын – …
рынчын – …
тыхджын – …
фидар – …
рагон – …

*7. Къорды куыст.*

Æмбисæндтæ дарддæр ахæццæ кæнын.

1-аг къорды хæслæвæрд.

– Абон бакæнæн цæмæн ис, …

– Куыстæн йæ сæр сындз, …

– Размæ куы тæхай, уæд…

2-аг къорды хæслæвæрд.

– Хорз ма ракæн, æмæ…

– Хорзæн бын ма скæн, …

– Æнæ фыдæбонæй…

*8. Синтаксисон æвзæрст ракæнын хъуыдыйæдтæ, морфемон æвзæрст та – дзырдтæ.*

*(Æртæ ахуырдзауы кусынц фæйнæгыл, иннæтæ – сæ тетрæдты)*

Схъæл ныхас хъæдбыны дæр нæ фидауы.
Уæздан ныхасмæ калм дæр хъусы.

Дзырдтæ равзарынæн:
*Æмзонд, хæлардзинад, æмкусæг.*

*Фарст:* Цы у этимологи?

Грекъаг дзырд: этима – æцæг, раст, логос – дзырд, мидис.

Æвзагзонынады сæрмагонд хæйттæй иу, иртасы, дзырд куыд равзæрдис, уый.

**III. Урочы кæронбæттæн.**

*Рефлекси.*

– Нæ урок райдыдтам æмдзæвгæйæ æмæ йæ æмдзæвгæйæ фæуæм.

«Ныхасæй низ бафтауæн ис,
Ныхасæй арæх низ фæсурынц,
Ныхасæй амарæн дæр ис.
Ныхасæй зонды хай фæкурынц».
*(Быгъуылты Къола)*

– Байхъусут æм уырыссаг æвзагыл дæр.

«Словом можно убить,
Словом можно спасти,
Словом можно
Полки за собой повести».
*(Вадим Шефнер)*

*Ахуыргæнæг:* Разы стут ацы рæнхъытимæ? *(байхъусын дзуæппытæм)*

– Аргъ скæнут нæ урокæн, стæй уæхи куыстæн дæр.

– Цæй фæрцы рауад нæ урок рæвдз, зæрдæмæдзæугæ?

– Цымыдисаг уæм цы фæкаст?

***Гæззаты Иринæ,***
***Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Адæймаг æмæ цæрæгойтæ»***
***Цæсгомон номивджытæ***

*Урочы нысантæ:*

1. Фæарфдæр кæнын скъоладзауты зонындзинæдтæ номивджыты тыххæй; ахуыр сæ кæнын номивджытæй хи ныхасы раст пайда кæнын, номивджыты æххæст æмæ цыбыр формæтæ иртасын.

2. Рæзын кæнын сфæлдыстадон гæнæнтæ, дзургæ ныхас.

3. Хъомыл кæнын уарзондзинад алыварсы дунемæ, æрдзмæ, цæрæгойтæм; ахуыр кæнын æрдз хъахъхъæнынмæ, бæрнон уæвынмæ.

*Урочы хуыз:* ног æрмæг амоныны урок/урок-акци (урок-сидт).

*Урочы æрмæг:* компьютерон презентаци, карточкæтæ, цæстуынгæ æрмæг, кусæн тетрад, Mimiostudio.

**Урочы цыд**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг:* Ныртæккæ бакæсдзыстæм видеоæрмæгмæ. Бакæсут æмæ лæмбынæг байхъусут.

*(Видеоæрмæг ист æрцыд, сывæллæтты бæхыл бадын кæм ахуыр кæнынц, ахæм спортивон скъолайы)*

*Ахуыргæнæг:*

– Цавæр цæрæгойыл цæуы ныхас нæ видеоæрмæджы?

– Сымахæй дæр, æвæццæгæн, бæхтæ бирæтæ уарзынц. Мæнæн дæр тынг цæуынц мæ зæрдæмæ, фæлæ сæм хæстæг цæуын нæ уæндын.

Цы æрмæгмæ бакастыстут, уый уын феххуыс уыдзæн хæслæвæрд баххæст кæнынæн. Фæйнæгыл – хъуыдыйæдтæ цухгонд бынæттимæ. Уæ хæс у цухгонд бынæттæ баххæст кæнын.

Тынг уарзын ____ бæхтæ. _____ сты адæймаджы хуызæн зонджын. Ис сын æмбаргæ цæстытæ.

Ныртæккæ цы бæхимæ кусын, ___ æз тынг уарзын. ____ æмбæлттæ стæм. Æнцон сæм нæу зилын, кусын семæ.

– Цавæр дзырдтæ дзы цухгонд æрцыдысты? *(æз, уыдон, уый, мах)*

– Цы сæ иу кæны? (ииуылдæр сты номивджытæ)

– Цы у номивæг? *(Байхъусын дзуæппытæм)*

– Цавæр къордтыл дих кæнынц номивджытæ?

*Хæслæвæрд:* Интерактивон фæйнæгыл фыст цæсгомон номивджытæ сæ формæтæм гæсгæ къордтыл адих кæнын.




мах
æз
уыдон
уый
сымах
ды



– Цавæр у нæ урочы темæ?

*(Цæсгомон номивджытæ)*

**II. Зонындзинæдты актуализаци.**

*1. Ахуыргæнæг:* Куыд федтам, афтæмæй цæсгомон номивджытæ ивынц цæсгæмттæм æмæ нымæцтæм гæсгæ. Æмæ уæд хауæнтæ та уæ размæ цæмæн рахастон?

*(Уымæн æмæ номивджытæ ивынц æрмæст нымæцтæм гæсгæ нæ, фæлæ хауæнтæм гæсгæ дæр)*

*2. Ахуыргæнæг:* Байгом кæнут уæ кусæн тетрæдтæ. Бакæсæм фыццаг текст.

Æз тынг бирæ уарзын бæхтæ. Уыдон сты зондджын, уыдонæн ис æмбаргæ цæстытæ. *М*æн тынг фæндыди бæхыл бадын сахуыр кæнын. Бæхты спортивон скъоламæ мæн æрбахуыдта мæ мад. Уæд мæныл *10* азы цыд. Абон æз уымæн зæгъын бузныг.

Хæс: тексты ссарын номивджытæ, сбæрæг кæнын сæ хауæнты формæтæ.

*(Байхъусын дзуæппытæм)*

*Хæс:* Бакæсын дыккаг текст.

Æз тынг бирæ уарзын бæхтæ. Сты зондджын*,* ис сын æмбаргæ цæстытæ. Тынг мæ фæндыди бæхыл бадын сахуыр кæнын. Бæхты спортивон скъоламæ мæ æрбахуыдта мæ мад. Уæд мыл *10* азы цыд. Абон ын æз зæгъын бузныг.

– Куыд аивта текст? Цы бафиппайдтат?

*(Иуæй-иу цæсгомон номивджытæ ивд æрцыдысты сæ цыбыргонд формæтæй)*

– Цавæр ивддзинад бахаста уый текстмæ? *(Текст фæаивдæр ис)*

*3. Баххæст кæнын таблицæ.*

| | æххæст хуыз | цыбыр хуыз |
|---|---|---|
| Номон | æз | - |
| Гуырынон | мæн | мæ |
| Дæттынон | | |
| Арæзтон | мæнмæ | мæм |
| Иртæстон | мæнæй | |
| Æддагбынатон | | мыл |
| Цæдисон | | |
| Хуызæнон | мæнау | - |

*Ахуыргæнæг:* Цавæр хатдзæг скæндзыстæм цæсгомон номивджыты тыххæй? *(Ивынц хауæнтæм гæсгæ, ис сын æххæст æмæ цыбыр формæтæ, сæ цыбыр формæтæ дæр ивынц хауæнтæм гæсгæ)/*

*4. Хæс:* хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын.

*Абон ын æз зæгъын бузныг.*

*5. Чиныгимæ куыст.*

*Ахуыргæнæг кæсы текст.*

Æвæдза, диссаджы хабæрттæ æрцæуы хаттæй-хатт адæймаг æмæ цæрæгойы 'хсæн.

Арæх фехъусæн ис, цæрæгойæн, дам, уд нæй, ницы, дам, æмбары, зæгъгæ. Фæлæ нын цард æндæр хабæрттæ хъусын кæны. Мæнæ уын иу ахæм хабар. Хъантемыраты Алыбеджы цирчы бæхæн æмбал нæ уыдис: йæ буар урс-урсид, æрмæст йæ ныхыл уыдис чысыл тар тæлм. Уый тыххæй йæ хуыдтой «Звездочка» («Стъалы»). Тынг æмбаргæ бæх уыдис, иннæ бæхты `хсæн бæрæг дардта; цирчы-иу йæ хицауы хъæлæс куы фехъуыста, уæд-иу хъæрæй ныммырмыр кодта.

Фæлæ базæрондис бæх, программæ дæр баивтой, архайдтой дзы ног бæхтæ. Номдзыд бæрæг йæ зæрдæ не сивта йæ лымæныл: алы бон дæр æм цыдис егъау горæты иу кæронæй иннæмæ; лæвæрдта йын холлаг, сыгъдæг ын кодта йæ бынат.

Иуахæмы Алыбег уæззау фæрынчын. Бæхмæ кастысты бæхдоны кусджытæ. *Фæлæ мæнæ диссаг…*

*6. Проблемон уавæр.* Фарст. Куыд хъуыды кæнут, цы æрцыдаид бæхыл.

*(Ахуырдзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ, цæсгомон номивджытæй пайда кæнгæйæ)*

*7. Ахуыргæнæг дарддæр кæсы текст.*

Æмбаргæ цæрæгой никæй къухæй иста хæринаг, дон дæр нал нуæзта, бæхдоны къуымты æнкъардæй разил-базил кодта, йе 'нкъард цæстытæй-иу бæхдоны рудзынгмæ скастис…

Уалынмæ Алыбег дæр сдзæбæх. Йæ бæхы бабæрæг кодта. Фервæзт бæх! Йæ хицауы фенгæйæ, хъæрæй ныммырмыр кодта, йæ къухæй йын хæринаг бахордта, дон баназта.

*Фарст:* Цæуыл нæ ахуыр кæны ацы текст?

*(Байхъусын ахуырдзауты дзуæппытæм)*

*8. Тестытæ баххæст кæнын (кусынц пультытæй – Mimiostudio)*

1) Номивæг у:
сæрмагонд ныхасы хай;
æххуысгæнæг ныхасы хай.

2) Цæсгомон номивджыты рæнхъ у:
мæхицæн, дæхи, ацы, уыцы, алчи;
ды, уый, æз, мах,сымах.

3) Цæсгомон номивджытæн ис:
æрмæст æххæст формæ;
æххæст æмæ цыбыр формæтæ.

4) Цæсгомон номивджыты цыбыр формæтæ:
хауæнтæм гæсгæ нæ ивынц;
хауæнтæм гæсгæ ивынц.

5) Цыбыр формæйы номивæг ис рæнхъы:
сымах, мын, æз;
уый, мах, уыдон.

6) Цæсгомон номивджыты æххæст æмæ цыбыр формæтæ раст æвæрд сты рæнхъы:
мæныл – мын, дæуæн – дыл;
мæныл – мыл, дæуыл – дыл.

**III. Урочы кæронбæттæн.**

*1. Урокæн хатдзæгтæ скæнын.*

Бакæсын видеоæрмæгмæ. Бæхты скъолайы кусæг (тренер) ахуырдзаутæм сиды, цæмæй бæхты спортивон скъоламæ æрбацæуой, цæрæгойтыл аудой, уымæ.

*Ахуыргæнæг:* Видеоæрмæгмæ бакастыстут æмæ дзуапп раттут фарстæн: Цы нын фæдзæхсы бæхты спортивон скъолайы тренер? *(байхъусын дзуæппытæм)*

– Уый уыд нæ уазæджы фæдзæхст. Уæ партæтæм æркæсут. Уæ разы – къонверттæ. Байгом сæ кæнут. Уыдон сты цæрæгойты нывтæ. Цавæр цæрæгойтæ сты? (байхъусын дзуæппытæм)

– Цæрæгойты нывтæй уæлдай ма къонвертты ис цæсгомон номивджытæ дæр. Цымæ цæмæн? Ныртæккæ йæ базондзыстут.

Нывтыл уæ ныффыссын хъæуы уæхи фæдзæхстытæ, нæ картæйыл сæ бакæндзыстæм. Фысгæйæ спайда кæнут лæвæрд цæсгомон номивджытæй (байхъусын дзуæппытæм).

– Тынг хорз уын рауад ацы куыст! Уæхи зæрдæмæ дæр цæуы?

Ацы картæ уыдзæн уæ къласы. Æмæ уыдзæн нæ сидт се 'ппæтмæ дæр.

Уарзут, æмбарут æмæ хъахъхъæнут цæрæгойты! Сæ зæрдæхудты макуы бацæут!

Куыд федтат, афтæмæй уын уæ хъуыдытæ раргом кæнынæн аххуыс сты цæсгомон номивджытæ дæр. Ахæм хорз ныхасы хай у номивæг!

**IV. Рефлекси.**

Кæронмæ ахæццæ *к*æнын:
– Мæ зæрдæмæ фæцыд …
– Фыццаг хатт фехъуыстон …
– Урочы ахъуыды кодтон …
– Урочы бадис кодтон …
– Бафæндыдис мæ …
– Алкæмæн дæр фæдзæхсдзынæн …

**V. Хæдзармæ куыст** (хæслæвæрдтæй иу равзарын):

1) Баххæст кæнын ахуыргæнæн чиныджы 265-æм фæлтæрæн.

2) Ныффыссын цыбыр ныв æцæн «Мæ уарзон цæрæгой».

***Датиты Маринæ,***
***Алагиры 3-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

***Темæ: 5-6 кълæсты фонетикæйæ рацыд æрмæг фæлхат кæнын. «Ирон æвзаг, ирон дзырд»***

**Урочы эпиграф:**

*«Æцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн».*
Тыбылты Алыксандр

*Урочы хуыз:* рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок.

*Урочы нысантæ:*

1) æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын;

2) ныхасы рæзтыл бакусын;

3) æрдзурын мадæлон æвзаджы ахадындзинадыл царды.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Мотивацион уавæр.*

Скъоладзауты урочы архайынмæ сразæнгард кæнын.

*Æмбисонд:* «Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц».

*Ахуыргæнæг:* Куыд æмбарут ацы æмбисонд? *(Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ).*

– Мах дæр урочы кусдзыстæм æнгом бинонтау, цæмæй нын фылдæр бантыса.

*Ахуыргæнæг*: Сывæллæттæ, сæрд фæци, фесты каникултæ дæр, райдыдта ног ахуыры аз. Ивгъуыд азимæ абаргæйæ, цавæр ивддзинæдтæ уынут уæ алыварс? *(Сывæллæттæ дзурынц, бафиппайдтой, ног ахуыргæнæн чингуытæ сын кæй ис, уый дæр).*

– Цы уынут чиныджы æддаг цъарыл? *(Сывæллæтты дзуæппытæ)*

– Уæ разы – уæ ирон æвзаджы чингуытæ. Равзарæм дзырд «æвзаг»-ы нысаниуæг.

– Тыбылты Алыксандры хъуыды куыд æмбарут? (Эпиграф бакæсын, хайгай йæ равзарын).

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнынæл куыст.**

1. Ахуыргæнæн чиныджы 1-аг фæлтæрæн баххæст кæнын. Ахуырдзаутæ кусынц 3 къордæй, рафыссынц Нигеры критикон уацтæй ист цитатæтæй фæйнæ, райхалынц сын сæ мидис. Рафыссынц æнæзонгæ дзырдтæ.

*Дзырдуатон куыст:* сагъæстæ, фæрæз. Дзырд *сагъæстæ* фонетикон æвзæрст ракæнын. *(Дарддæр иумæ сæххæст кæнын фæлтæрæнмæ лæвæрд хæслæвæрдтæ).*

*2. Къорды куыст.*

Бакæсын 2-аг фæлтæрæны текст «Къоста æмæ ирон дзырд». Къорды мидæг æрдзурын йæ хъуыдыйыл. Ныффыссын тетрæдты тексты мидис æвдисæг 2-3 хъуыдыйады. Алы къорд дæр кæсынц сæ хъуыдыйæдтæ, æмбарын сæ кæнынц се 'мкъласонтæн.

*3. Индивидуалон куыст.* Рафыссын ставддæрæй фыст дзырдтæ, адих сæ кæнын уæнгтыл, сæвæрын цавды нысан, зылангон æмхъæлæсонты бын иу хахх бакæнын, æзылангонты бын – дыууæ хаххы. Сывæллæттæ дæттынц кæрæдзимæ сæ тетрæдтæ, бæрæг кæнынц кæрæдзийы куыстытæ.

**III. Урочы кæронбæттæн.**

*Ахуыргæнæг:* Де 'взаджы хъæдмæ кæс. Куыд æмбарут ацы хъуыдыйад? Кæмæн бауайдзæф кæнынц афтæ? Цæмæй уæм ацы уайдзæф ма æрхауа, уый тыххæй цы хъæуы? Æвзаджы цавæр фæрæзтæ сты царды ахадгæ? Ирон æвзаджы уроктæ цы ахъаз сты нæ царды? Раст у Тыбылты Алыксандры хъуыды? *(Сывæллæттæ хатдзæгтæ кæнынц).*

**IV. Хæдзармæ куыст:** Сæххæст кæнын 3-аг фæлтæрæн 4-æм фарсыл, кæнæ ныффыссын эссе «Цы у ирон æвзаг мæнæн».

***Хъайттаты Ларисæ,***
***Алагиры 5-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Райгуырæн бæстæ мадау адджын у» (æмб.)***

***Иумæйаг æмæ сæрмагонд номдартæ.***

**Урочы эпиграф:**

*«Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд,*
*Фыдыбæстæ, дæуæй*
*Мæнæн зынаргъдæр, адджындæр*
*Нæ уыдис æмæ нæй».*
Кочысаты Мухарбег

**Урочы нысантæ***:*

1. Бацамонын иумæйаг æмæ сæрмагонд номдарты æмбарынад æмæ растфыссынад.
2. Бакусын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл.
3. Райгурæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

*Урочы хуыз:* ног æрмæг амоныны урок.

*Урочы фæлгонц:* слайдтæ, сыфтæ къорды куыстæн, хуызджын нывтæ, музыкалон уацмыстæ.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Скъоладзауты сразæнгард кæнын урочы архайынмæ.*

*Ахуыргæнæджы ныхас:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Балæвар-ма кæнут уæ кæрæдзийæн мидбылхудт.

Царды бирæ хæзнатæ ис. Фæлæ уыдоны астæу ис, зæрдæйæн æппæтæй адджындæр æмæ зынаргъдæр чи сты, ахæм дыууæ хæзнайы. Уыдон сты Мад æмæ Фыдыбæстæ. «Райгуырæн бæстæ мадау адджын у», – зæгъы ирон æмбисонд. Сымах та цавæр æмбисæндтæ зонут? *(дзурынц æмбисæндтæ)*

*Ахуыргæнæг:* Æрбакæсут-ма нывмæ (*1 слайд.*).

… Ныртæккæ къуыппæй фæуæле уыдзынæн, сзындзæн мæм хъæу. Мæ царды хуыздæр бонтæ кæм арвыстон, уый. Зæрдæ риуы æнахуыр гуыпп-гуыпп скодта… Цæрæг, дам, дзы нал ис… Ау?! Афтæмæй стыр хъæу уыд кæддæр. Чи зоны, искæй кæрты ма дзы – йæ къодах æнæсаст, йе йæ сигæц сисы рæбын… Æмæ ахæм стыр хъæу ныр æдзæрæг… Фæхæццæ йæм кæнын. Алырдæм кæсын: мæнæ Дæлгъæуы хуымтæ. Джыккайты цæндæй фæуæле дæн… Сзынд Фæсхъæу, Хъæуы мæсыг, Фæсдагом. Къостайы ныхæстæ хъусты ныййазæлыдысты:

*«… Мæ цæстысыг донау мызти,*
*Мæ зæрдæ фыр цинæй рызти,*
*Куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм».*

Сзынд хъæу иууыл. Сзынд… æцæгæйдæр æдзæрæг хъæу. Фæлæ кæд цыфæнды æдзæрæг уыд, уæддæр риумæ æнахуыр æхсызгон тын баирвæзт, зæрдæ ныррухс… Бадын, кæсын мæ райгуырæн хъæумæ.

*(Хъайттаты Сергейы радзырд «Æдзæрæг хъæу»-æй ист скъуыддзаг).*

– Цы æвдисы ацы рæнхъыты автор? (уарзондзинад йæ райгуырæн хъæу Цъамадмæ)

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, мæнæн дæр мæ райгуырæн хъæу Цъамад у. Цъамад у Уæлладжыры комы рæсугъддæр хъæутæй иу. Æмæ кæд ныр Алагиры цæрын, уæддæр мæ райгуырæн хъæу у зæрдæйæн адджындæр. Адæймаг рухс дунемæ кæм фæзынд, йæ фыццаг къахдзæфтæ кæм акодта, уыцы зæххæй адджындæр æмæ зынаргъдæр нæй.

– Сымахæн та уæ райгуырæн хъæу цавæр у? *(Алагир, Црау, ...)*

– Цавæр горæттæ æмæ хъæутæ ма зонут Ирыстоны? *(Беслæн, Джызæл, ...)*

– Цавæр цæугæдæттæ зонут Ирыстоны? *(Терк, Цраудон, ...)*

– Цы дзырдтæ ранымадтат, уыдон цавæр ныхасы хæйттæ сты? *(Номдартæ)*

– Ацы дзырдтæ хуымæтæг номдартæ не сты. Абонæй фæстæмæ сæ хондзыстæм сæрмагонд номдартæ *(терминтæ фыссынц тетрæдты).*

– Ныр та æрхæссут уæхи дæнцæгтæ *(Заур, Зæринæ, Аслан, ...)*

– Цы сæрмагонд номдартæ ранымадтат, уыдон иумæ иу дзырдæй куыд зæгъæн ис? *(скъоладзаутæ, æмбæлттæ, чызджытæ, лæппутæ..)*

– Ацы дзырдтæ та сты иумæйаг номдартæ. Иумæйаг номдартæ сты бирæ иумыггаг предметты нæмттæ: хъæу, хох, чиныг….

– Нæ урочы темæ цавæр у? (Иумæйаг æмæ сæрмагонд номдартæ)

**II. Ног æрмæгыл куыст.**

*1. Ахуыргæнæг:* Нæ темæйæ цы базыдтам, уый бафидар кæнæм чиныджы æрмæгæй. Бакæсут раиртæст æмæ зæгъут, ногæй цы базыдтат иумæйаг æмæ сæрмагонд номдарты тыххæй.

*2. Скъоладзауты хатдзæг:* Номдартæ вæййынц иумæйаг æмæ сæрмагонд. Иумæйаг номдартæ сты бирæ иумыггаг предметты нæмттæ. Сæрмагонд номдартæ та сты, хицæн предметтыл се 'мхуызон предметтæй сæ хицæн кæныны тыххæй цы нæмттæ ис, уыдон. Сæрмагонд номдартæ фыссын хъæуы стыр дамгъæйæ (слайд).

*Ахуыргæнæг:* (слайд) Нæ урочы цы текст кастæн, уым ссарæм сæрмагонд номдартæ (Фæсхъæу, Фæсдагом, Дæлгъæу, Къоста, ...), иумæйаг номдартæ (хъæу, кæрт, зæрдæ, …)

– Куыд фыст сты сæрмагонд номдартæ? (стыр дамгъæйæ)

*3. Къорды куыст:*

*1-аг къорд:*

а) Æрхъуыды кæнын хъуыдыйад (темæ: «Ирыстон»).

б) Ныффыссын, цы ирон газеттæ æмæ журналтæ зонынц, уыдоны нæмттæ.

*2-аг къорд:*

а) Æрхъуыды кæнын хъуыдыйад *(темæ «Уæлладжыры ком»).*

б) Ныффыссын Къостайы æмдзæвгæтæй цалдæры нæмттæ (3-4).

*3-аг къорд:*

а) Æрхъуыды кæнын хъуыдыйад *(темæ «Уæлахизы бон»).*

б) Ныффыссын, Алагиры уынгтæ цы номдзыд адæймæгты нæмттæ хæссынц, уыдоны номхыгъд.

*(Байхъусын дзуæппытæм)*

Ахуыргæнæг: Фысгæйæ цавæр номдартæй спайда кодтат? (Иумæйаг æмæ сæрмагонд номдартæй)

*4. Дзырд «номдар»-имæ синквейн саразын. Зæгъæм:*

Номдар
иумæйаг, сæрмагонд
нысан кæны, тасындзæг кæны, ивы
Номдар у ныхасы хай.
предмет

**III. Æрмæг бафидар кæнынил куыст.**

*1. Проектон куыст.* Скъуыддзаг чиныг «Ирон чызджытæ»-й.

«Алагиры цæрджытæй кæй зæрдыл нæ лæууы зонддзаст, хæрзæгъдау, сабыр ирон чызг Баситы Чабæхан! Уый каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон институты литературон факультет æмæ куыста ахуыргæнæгæй Алагиры».

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

а) Радзурын Баситы Чабæханы тыххæй.

б) Рафыссын вазыгджын сæрмагонд нæмттæ.

в) Зæгъын, куыд фыст цæуынц ахæм нæмтты хæйттæ.

*Скъоладзауты хатдзæг:* (слайд) Вазыгджын сæрмагонд нæмттæй иутæн се 'ппæт хæйттæ дæр фыссын хъæуы стыр дамгъæйæ, иннæтæн та сæ кæцыдæр хай кæнæ хæйттæ фыст вæййынц чысыл дамгъæйæ (чиныгимæ куыст).

*2. Тестытæ баххæст кæнын.*

1. Нæ республикæйы ном у:

а) Цæгат Ирыстон-Алани;
æ) Хуссар Ирыстон;
б) Кæсæг-Балхъары республикæ.

2. Нæ цæрæн бынат ис:
а) Куырттаты комы;
æ) Уæлладжыры комы;
б) Хъуды комы.

*3. Алагиры ис ахæм цыртдзæвæнтæ:*
а) Æфсымæрон ингæн, Коцойты Арсены цыртдзæвæн;
æ) Баситы Чабæханы цыртдзæвæн, Ленины цыртдзæвæн;
б) Сталины цыртдзæвæн, Нигеры цыртдзæвæн.

*4. Алагиры сæйраг уынг у:*
а) Ленины уынг;
æ) Къостайы уынг;
б) Сталины уынг.

*5. Дзæуджыхъæу æмæ Алагиры æхсæн ис ахæм хъæутæ:*
а) Суадаг, Джызæл, Дзуарыхъæу;
æ) Брут, Хуымæллæг, Ногир;
б) Заманхъул, Зилгæ, Кæрдзын.




*6. Эпиграфы хъуыды раргом кæнын.*
Цавæр æнкъарæнтæ нын æвдисынц Кочысаты Мухарбеджы рæнхъытæ?
*(байхъусын дзуæппытæм)*

**IV. Урочы кæронбæттæн.**
– Нæ урочы нысан цавæр уыдис?
– Сæххæст æй кодтам?

Рефлекси: (слайд)
Дарддæр ахæццæ кæнын:
– Абон урочы базыдтон…..
– Урочы мæ зæрдæмæ фæцыдысты ахæм куысты хуызтæ….
– Мæ зонындзинæдтæ мæ бахъæудзысты….

**V. Хæдзармæ куыст (слайд)**
Ныффыссын чысыл нывæцæн «Мæ уарзон хъæу (горæт)». Спайда кæнын сæрмагонд номдартæй.

*Урочы кæрон.*
*Ахуыргæнæг*: Сывæллæттæ, мæнæн ма мæ зæрдæ мæ райгуырæн хъæумæ æхсайы, – æмæ йын баххуыс кæнæм (ватмæныл хъæуы ныв). Цæмæй йæм у нæ бон фæкæсын? *(скъоладзауты хъуыдытæм байхъусын)*
– Хъæу æдзæрæг у, æмæ дзы хæдзæрттæ «самайæм». Уæ хæдзæртты нывтыл ныффыссут арфæйы дзырдтæ – номдартæ.
*(Скъоладзаутæ ныхасынц нывыл хæдзæрттæ)*





*Цард, фарн, бæркад, æгъдау, амонд, иудзинад, уарзондзинад*

*Ахуыргæнæг:* Бузныг! Бахъæлдзæг мын кодтат мæ райгуырæн хъæу! Адæймаг хъуамæ уарза æмæ хъахъхъæна йæ райгуырæн къона. Уый у алкæй хæс дæр.

***Бызыккаты Регинæ,***
***Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ «Хор цард у»*
*Дзесты Куыдзæджы радзырд*
*«Хорхæссæг»-мæ гæсгæ*

## Разныхас

Ирон литературæйы бирæ ис, нæ фыдæлты царды хабæрттæ æвдисæг уацмыстæ. Уыдон дзурынц фыдæлты уæззау цардыл, рæзгæ фæлтæрæн æхххуыс сты ргзаманты хабæрттæ сæ цæстытыл ауайын кæнынæн.

Уыцы уацмыстæй иу у Дзесты Куыдзæджы радзырд «Хорхæссæг». Радзырд уæззаугомау у 7-æмкъласонтæн – æгæр трагикон у персонажты хъысмæт. Раст зæгъгæйæ, мæхæдæг дæр нæ фæразын ахæм æвирхъау хабæрттæм хъусын. Ацы уацмыс кæсгæйæ, бирæ хатт мæ цæссыг нæ бауромын. Уæд ма 7-æм къласы ахуырдзаутæ та? Фæлæ, æвæццæгæн, нæ фæсивæд куы нæ зоной сæ фыдæлты хъизæмар царды хабæрттæ, уæд сæ абоны цардæн дæр аккаг аргъ скæнын нæ базондзысты.

Урокыл кусгæйæ, мæ размæ сæвæрдтон ахæм нысан: уацмысы фæрцы фæарфдæр кæнын скъоладзауты зонындзинæдтæ фыдæлты царды тыххæй, радзырды сюжеты бындурыл сбæрæг кæнын сæйраг хъуыды: «хор у цард». Нæ нысан къухы бафтынæн ахуыр кæнын тексты аивадон мадзæлттæ агурын, тексты сæ нысаниуæг иртасын.

Урочы рæзынадон нысан: бакусын универсалон ахуырадон архæйдтыты райрæзтыл. Ахуырдзауты сфæлдыстадон гæнæнтæ, ныхасы рæзт; чиныгимæ кусыны арæхстдзинад, литературон уацмысы анализ, хъæугæ информаци ссарынил куыст; текстыл кусгæйæ, лæмбынæг уæвыны арæхстдзинад; дискуссийы архайыны арæхстдзинад; цыбырæй хи хъуыдытæ дзурынмæ арæхсын, хи хъуыдытæ равæрын æмæ раргом кæнын зонын (коммуникативон арæхстдзинад).

Ацы уацмысæн ис стыр хъомыладон ахадындзинад, йæ фæрцы сæвзæрынц хорæн, адæймаджы фæллойæн аргъ кæныны æнкъарæнтæ, цардмæ бæрнондæр цæстæй кæсыны хъуыдытæ.

Ранымад хъуыддæгтыл дзургæйæ та ахуырдзаутæм сæвзæры цымыдисдзинад аив литературæмæ.

*Урочы хуыз:* урок-дискусси.

Урочы структурæ аразгæ уыд йæ хуызæй, нæ размæ æвæрд хæстæй. Ахуырадон системæ урочы размæ æвæры стыр хæстæ. Урок хъуамæ уа ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты æмгуыстады бындурыл арæзт. Фылдæр æргом здахын хъæуы хибарæй куыстмæ, интерактивон формæтæм, аразын хъæуы проблемон уавæртæ. Уымæ гæсгæ урочы алы этапы бафиппайæн ис ахуырадон стандарты домæнтæ: мотивацион уавæр, зонындзинæдты актуализаци, æрмæг бафидар кæнынил куыст, урочы хатдзæгтæ – æппæт хæйтты дæр пайдагонд цæуы раззагдæр методтæй æмæ мадзæлттæй.

Мотивацион уавæр саразынæн æхххуыс у цыбыр раныхас, йæ фæрцы ахуырдзаутæ сбæрæг кæндзысты уацмысы сæргонд, сæвзæрдзæн сæм цымыдисдзинад текстыл бакусынмæ.

Равзарын хъæуы дзырд «хорхæссæг», ацы дзырды ис арф хъуыды æвæрд: хор цард у, мæлæтæй ирвæзынгæнæг хос.

Ахуырдзаутæ уацмысимæ базонгæ сты раззаг урочы. Урочы зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы тексты цаутæ. Уымæн нын фехххуыс уыдзæни иртасæн метод – карточкæтыл куыст. Къорды кусгæйæ, ахуырдзаутæ лæвæрд хъуыйæдты 'хсæн агурдзысты, тексты цаутæ чи æвдисы, ахæмтæ, æмæ

афтæмæй зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм тексты сюжет.

Уацмысы ис, цаутæ кæуыл æнцайынц æмæ кæй алыварс зилдух кæнынц, ахæм æнцойгæнæн дзырдтæ. Хъæуы сæ фæйнæгмæ рахæссын, уыдон феххуыс уыдзысты уацмысы сæйраг хъуыды раргом кæнынæн. Ацы метод литературæйы методикæйы ымад у ахадгæдæрыл, æнцондæр кæны тексты анализ.

Ахуырдзаутæ сæ хъуыдытæ иудадзыгдæр фидар кæндзысты текстæй ист рæнхъытæй. Урочы пайда кæндзыстæм æвзаргæ кастæй. Ацы метод скъоладзауты ахуыр кæны текстмæ цæст дарыныл, лæмбынæг уæвыныл.

Текстыл кусгæйæ, ахуырдзаутæ дзуапп дæттынц проблемон фæрстытæн, æргом кæнынц сæхи хъуыдытæ, сæхи ахаст уацмысы цаутæм.

Дзургæ æрфысты фæрцы скъоладзаутæ равзардзысты персонажты – фыд æмæ фырты фæлгонцтæ, сæ хъизæмайраг уавæр фæндагыл.

Литературон уацмысы идейон мидис раргом кæнынæн æнæмæнг фæхъæуы тексты аивгæнæн мадзæлттæм æркæсын. Дзесты Куыдзæг сæ арæхстджынæй спайда кодта фыд æмæ фырты уæззау уавæр равдисынæн. Ахуырдзаутæ баххæст кæндзысты чысыл иртасæн хæс – ссарын сæ хъæудзæн эпитеттæ, олицетворенитæ, æмбисæндтæ. Равзарын хъæуы сæ нысаниуæг тексты. Ацы куыст стыр пайда хæссы ныхасы рæзтæн, дзырдуат хъæздыг кæнынæн.

Урочы стыр æргом здахын хъæуы хибарæй куыстмæ, скъоладзаутæ хъуамæ сæхæдæг æрцæуой хатдзæгтæм: Куыдзæг йæхæдæг зындзинæдтæ куы нæ бавзæрстаид, уæд нæ бауыдаид йæ бон афтæ ирдæй равдисын ахæм трагикон нывтæ, искæй ныхæстæм гæсгæ афтæ нæ рауадаиккой уацмысы цаутæ.

Хатдзæг нын феххуыс уыдзæн фыссæджы царды хабæрттыл æрдзурынæн. Урочы кæрон радзурын хъæуы, тексты хъуыды чи æвдисы, ахæм чысыл цау фыссæджы цардæй. Ацы кары сывæллæттæн фыссæджы царды хабæрттæ хуыздæр у йæ уацмысы текстыл æнцой кæнгæйæ дзурын, уæд сæ хуыздæр бахъуыды кæндзысты, цымыдисдзинад сæм æвзæрдзæн авторы уацмыстæ кæсынмæ.

Урочы кæрон ногæй раздæхын хъæуы темæмæ: «Хор цард у». Цардæгас нывты фæрцы скъоладзаутæ сæхæдæг æрцæудзысты хатдзæгмæ, хор цард кæй у, ирвæзынгæнæг хос. Дзулæн аргъ кæнын кæй хъæуы, къухы æнцонтæй кæй нæ æфты, ууыл цæуы ныхас урочы кæрон.

Урочы пайдагонд цæуы компьютерон презентацийæ, карточкæтæй, цæстуынгæ æрмæгæй, кусæн тетрæдтæй, сюжетон нывтæй.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Мотивацион уавæр.*

Ахуыргæнæджы къухы – къус хоримæ.

*Ахуыргæнæг:* Цы ис ацы къусы? *(Хор, мæнæу)*

– Мæнмæ та афтæ кæсы, цыма мæ къухы цард ис. Цымæ æцæгæй дæр хор цард у? *(Фæйнæгыл – урочы темæ)*

– Цавæр уацмыс æвзардзыстæм урочы? *(Дзесты Куыдзæг, «Хорхæссæг»)*

Дзырд «хорхæссæг» морфемикон æвзæрст ракæнын.

*Ахуыргæнæг:* Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй ацы дзырд у вазыгджын миногми.

**II. Зонындзинæдты актуализаци.**

*Ахуыргæнæг:* Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм радзырды сюжет.

*1. Къорды куыст.* Карточкæтыл фыст хъуыдыйæдты 'хсæн ссарын, раст хъуыды кæцы æвдисы, уыдон.

1) Хуымтæ диссаджы зад æркодтой, æмæ адæм цин кæнынц.

Хуымтæ не 'рзадысты

2) Халас æрбадт хуымтыл.

Боныхъæд нæ аивта.

3) Адæмæн сæ фæллой фесæфт.

Адæм сæ хъæздыг фæллой æрæмбырд кодтой.

4) Темсыр æмæ Додийы хъæуы ацæуын хорагур.

Темсыры стыр бинонтæ сæ хорæрзадыл цин кæнынц.

5) Дард фæндагыл стыр амонд хъæуы.

Фыд æмæ фырт зæрдæрухсæй æмæ дзагармæй ссардтой сæ хæдзар.

*(байхъусын дзуæппытæм)*

2. Хъуыдытæ логикон рæхысы хуызы равæрын.

Хорæрзад – халас – фæллойы сæфт – цардагур – фæндаджы амонд.

*3. Ахуыргæнæг:* Нæ хъуыдытæ бафидар кæнæм уацмысы текстæй *(Æвзаргæ каст. Скъоладзаутæ кæсынц цыбыр скъуыддзæгтæ уацмысæй).*

*4. Ахуыргæнæг:* «Дард фæндагыл стыр амонд хъæуы», – зæгъы ирон æмбисонд. Фæндагыл амонд цæмæн хъæуы? *(байхъусын дзуæппытæм)*

– Темыр æмæ Додийы фæндагæй амонд фæци? (байхъусын дзуæппытæм)

– Цы сын бакъуылымпы кодта сæ фæндаг?

**III. Зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнынил куыст.**

1. Дзургæ æрфыстæй равдисын фыд æмæ фырты хъизæмайраг уавæр фæндагыл.

2. Сæ хатдзæгтæ ирддæрæй равдисынæн пайда кæнынц кластерæй. Фыд æмæ фырты нæмтты алыварс фыссынц сæ архæйдтытæ, сæ уавæр æвдисæг дзырдтæ, абарынц сæ кæрæдзиуыл.

*Ахуыргæнæг:* Кæмæн бауыдаид йæ бон афтæ ирдæй равдисын ахæм трагикон нывтæ? Искæй ныхæстæм гæсгæ афтæ ныффыссæн нæй. Куыдзæг ахæм нывтæ федта йæхи цæстæй, бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста царды, æмæ йын уымæн бантыст æцæгдзинад равдисын йæ уацмысты.

*Къорды куыст.* Равзарын тексты аивгæнæн мадзæлттæ.

– Цавæр аивадон мадзæлттæй спайда кодта автор, фыд æмæ фырты уæззау уавæр æвдисгæйæ?

*(Скъоладзаутæ тексты агурынц æмæ сæ тетрæдты фыссынц эпитеттæ, олицетворенитæ, абарстытæ, æмбисæндтæ).*

*Хатдзæг.* Авторы æвзаг у тынг хъæздыг, Куыдзæг хорз зыдта адæмон сфæлдыстад – уацмысы ис бирæ æмбисæндтæ.

**IV. Урочы кæронбæттæн.**

*Ахуыргæнæг:* Рацыд азтæ, æмæ та ацы дзулы къæбæр сси царды хос æмæ ирвæзынгæнæг сæдæгай адæмæн Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Ленинграды блокадæйы *(Слайдтыл – блокадæйы къамтæ)*

*Ахуыргæнæг:* Азтæ рацыдысты, æмæ абон дæр хор у цард. Разы стут мемæ?

*(ахуырдзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ)*

Слайдтыл – хоры куыст. Хатдзæг кæнынц – абон дæр хор цард у, йæ бакусын æнцон нæу.

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ аргъ кæнут хорæн, кæрдзынæн, дзулæн. Уæ зæрдыл дарут, куыдæй æфты нæ къухы, уый!

Царды уæ фæндаг уыдзæн стыр æмæ даргъ, æмæ уæ фæндаджы амонд уæд!

***Датиты Маринæ,***
***Алагиры 3-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Нигеры таурæгъ «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»***

## Разныхас

Таурæгъыл дзургæйæ, ахуыргæнджытæ арæхдæр сывæллæтты æргом аздахынц æцæг æмæ мæнг хæлардзинады темæмæ. Æмбалдзинады темæ, кæй зæгъын æй хъæуы, у ацы уацмысы проблематикæйæн йæ сæйрагдæртæй иу. Фæлæ йыл 6-æмкъласонтимæ бæлвырддæр æрдзурынæн хуыздæр фадат ис, Мамсыраты Дæбейы уацау «Æрдхорд» æвзаргæйæ. Æнæмæнг, Мамсыраты Дæбейы уацау «Æрдхорд» æвзаргæйæ, раздæхын хъæудзæн ацы таурæгъмæ дæр.

Нигеры таурæгъ «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман» равзарынæн ныхасы темæйæн равзæрстон «Уды сыгъдæгдзинад – лæгдзинад æвдисæн».

Уацмыс æвзаргæйæ, мæ зæрды ис ахуырдзауты æркæнын ахæм хъуыдытæм: «Мулкæй, исбонæй зынаргъдæр у уды сыгъдæгдзинад. Мæнгарддзинад, хæлæг адæймаджы фыдвæндаг кæнынц».

Ахæм у мæ урочы хъомыладон хæстæй иу.

Урочы темæ æмæ хæстæ сбæрæг кæндзыстæм ахуырдзаутимæ иумæ.

*Урочы тип: комбинарон.*

*Урочы нысан æмæ хæстæ:*

1. Равзарын таурæгъы арф моралон-этикон проблематикæ.

2. Ахуырдзауты фæхæстæгдæр кæнын аивадон уацмысы комплексон анализмæ.

3. Æрдзурын адæймаг æмæ æрдзы æххæсæн бастдзинадыл. Сабиты зæрдæты æвзæрын кæнын æнæуынондзинад хæлæг æмæ мæнгарддзинадмæ æмæ уый фæрцы – уды сыгъдæгдзинад хъахъхъæнын.

Мæ урочы ахуырдзаутæм рæзын кæнын ахæм универсалон ахуырадон архæйдтытæ:

*Предметон.* Уацмысæн анализ скæнын; пейзажы ахадындзинад тексты; тексты хæйттæ: кульминаци, йæ райхæлд; тексты анализ.

*Регулятивон.* Скъоладзауты ахуыр кæнын хи хъуыдытæ раст дзурыныл; ахуырадон нысантæ æвæрын; æххæст кæнын ахуырадон архæйдтытæ; хатдзæгтæ кæнын; зонынадон хъæппæрис æвдисын.

*Коммуникативон.* Хи хъуыдытæ бæлвырдæй, аивæй æмæ æххæстæй дзурын; æвзаджы фæрæзтæй æмбæлгæ уагыл пайда кæнын зонын; алыхуызон хъуыдытæ хынцын æмæ сæ бæлвырд уагыл аразын; ныхмæлæуд хъуыдытæ халын; къорды кусгæйæ, æмбæлтты хъуыдытæм байхъусын зонын, хи хъуыды раргом кæнынмæ арæхсын.

*Удгоймагон.* Ныхасы рæзтыл кусын; ахуыры мотиваци рæзын кæнын; адæймаджы миддунейæн, йæ архæйдтытæн моралон-эстетикон æгъдауæй аргъ кæнын зонын; æрдзурын адæймаджы фæзминаг æмæ фауинаг миниуджытыл; хи архæйдтытæн раст аргъ кæнын.

*Базонынадон.* Анализ кæнын, хатдзæгтæ кæнын, чысыл иртасæн куыст тексты бындурыл (тексты ссарын, рахицæн кæнын).

*Предметты 'хсæн бастдзинад урочы:* нывкæнынад, географи.

Цы æрмæгæй спайда кодтон урочы, цы куысты хуызтæ æвзæрст æрцыдысты, уыдон баст сты сывæллæтты каримæ, сæ психологиимæ. Зæгъæм, ацы кары сывæллæттæ зонынц литературон уацмысæн цыбыр анализ кæнын, тексты архайджыты фæзминаг æмæ фауинаг миниуджытæ хицæн кæнын, дзурынц æргомæй, фæлæ хатгай сæ хъуыдыты арф нæ фехъусын кæнынц. Уар-

зынц хи æмæ æмкъласонты куыстæн аргъ кæнын. Фæлæ горæтаг сывæллæттæ кæй сты, уый хынцгæйæ, æмбарын, сæ дзырдуат уыйбæрц рæвдз кæй нæ уыдзæн, цæмæй цы зæгъынмæ хъавынц, уый æххæстæй раргом кæной. Уый мын, æвæццæгæн, уыдзæн цæлхдур нæ урочы. Фæлæ цы куысты хуызтæ бацæттæ кодтон, уыдон мын кæд феххуыс уаиккой ахуырдзауты миддуне раргом кæнынæн.

Урочы спайда кæндзынæн, куыд активон, афтæ интерактивон методтæй: беседæ, индивидуалон куыст, фронталон куыст, къорды куыст, тестытæ.

Куысты хуызтæ рацаразынæн мын æххуыс сты алыхуызон ресурстæ æмæ техникон фæрæзтæ: компьютер, интерактивон фæйнæг, презентаци, чингуытæ, карточкæтæ, цæстуынгæ æрмæг, компьютерон презентаци, проектор.

Урок арæзт у Федералон Паддзахадон Ахуырадон Стандартты домæнтæм гæсгæ.

*Урочы хæйттæ.* Мотивацион уавæр саразынын куыст. Бацæттæгæнæн рæстæг скъоладзауты урочы архайынмæ сразæнгард кæндзынæн чысыл проблемон уавæрæй. Сæ разы уыдзæн чысыл цæлхдур, йæ дзуаппæн ис хъомыладон ахадындзинад (5-7 минуты).

*Зонындзинæдты актуализаци.* Кейс-методы (исследуя ситуацию, предложить варианты ее разрешения, выбрать лучшие из возможных решений) фæрцы ахуырдзаутæ сбæрæг кæндзысты, цавæр хæстæ æвæрд уыдзæн нæ разы урочы. Ома, фæрстытæн дзуапп ратгæйæ, ахуырдзаутæ хъуамæ сарæхсой урочы темæ базонын, сæ бон суыдзæн урочы нæ архæйдтытæн фæтк скæнын (кæй зæгъын æй хъæуы, ме 'ххуысæй).

Таурæгъы мидис зæрдыл цæмæй æрлæууын кæнæм, уый тыххæй баххуыс уыдзæн интерактивон фæйнæг, индивидуалон куысты фæрцы ахуырдзаутæ хъуамæ раргом кæной сæ хъуыдытæ.

Уацмысы сæйраг архайджыты фæлгонцтæ равзарынæн нын баххуыс уыдзæн критикон хъуыдыкæнынады метод (Не принимать ничего на веру без доказательств).

Къорды куысты фæрцы ахуырдзаутæ аиуварс кæндзысты сæ размæ æвæрд цæлхдур, фæцалх уыдзысты ахæм коммуникативон арæстдзинæдтыл, куыд алыхуызон хъуыдытæ хынцын æмæ сæ бæлвырд уагыл æвæрын, искæй хъуыдымæ хъусын, хи хъуыды раст рацаразын, аивæй йæ раргом кæнын, искæй хъуыдымæ дæр байхъусын зонын.

*Зонындзинæдтæй пайда кæныны этап.*

Скъоладзауты миддуне, дунеæмбарынад фæхъæздыгдæр, фæпарахатдæр кæнынæн мæ урокмæ æрбахастон пейзажон нывтæ. Уыдоны æхсæн ис нæхи ирон нывгæнджыты куыстытæ. Ацы куысты спайда кæндзынæн ассоциативон методæй. Мæнмæ гæсгæ, ахæм куыст феххуыс уыдзæн сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад райрæзынæн, æрдзы ахадындзинад ацы таурæгъы куыд стыр у, уый банкъарынæн.

Зонындзинæдтæ сбæлвырд кæнынæн спайда кæндзынæн тестытæй. Тестыты фæрстытæ баст сты канд тексты мидисимæ нæ, фæлæ литературæйы теориимæ дæр.

Куысты кæрон ахуырдзаутæ сбæлвырд кæндзысты кæрæдзи куыстыты растдзинад æмæ кæрæдзийæн сæвæрдзысты бæрæггæнæнтæ. Ацы куысты хуыз равдисдзæн, урочы цы æрмæгыл куыстам, уымæй сæм цы зонындзинæдтæ ис, æмæ уыцы зонындзинæдтæй пайда кæнынмæ куыд арæхсынц, уый.

Урокæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, спайда кодтон ПОПС-методæй. Уырыссагау йæ хæйттæ сты: Позиция – позици, хи хъуыды раргом кæнын; Обоснование – бындурæвæрд, хъуыды бафидар кæнын; Пример – дæнцæг, цæвиттон æрхæссын; Следствие – фæстиуæг сбæрæг кæнын. Ацы метод нын феххуыс уыдзæн нæ куысты фæстиуджытæ чысыл чиныджы хуызы æрæмбырд кæнынæн. Уый уыдзæн, урочы нæ темæ «Уды сыгъдæгдзинад – лæгдзинад æвдисæн» кæй у, уымæн хатдзæг скæнынæн, уацмысы персонажты тыххæй цы хатдзæгтæм æрцæуыдзыстæм, уый æвдисæн (баххуыс кæндзæн сæ зæрдæты арф этикон æнкъарæнтæ сæвзæрынæн).

Рефлексийы фæрцы сывæллæттæ раргом кæндзысты сæ хъуыдытæ урочы тыххæй, ахуырадон архæйдтыты фæрцы къухы цы бафтыд/нæ бафтыд, цы базыдтой ногæй, урокæй сæхицæн цы райстой, иумæйаг аргъ скæндзысты сæхи архайдæн урочы.






**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Мотивацион уавæр.* Экраныл – Цæгат Ирыстоны картæ æмæ тырыса.

*Ахуыргæнæг:* Цы уынут экраныл? (Ирыстоны картæ æмæ тырыса).

– Картæмæ гæсгæ, æвæццæгæн, уæ цæстытыл географийы урок ауад. Цымæ, цы бар дары ацы картæ нæ урокмæ?

– Мах цæрæм Ирыстоны, дзурæм ирон æвзагыл, бадæм ирон литературæйы урочы... Урочы кæй кой кæндзыстæм, кæй уацмыс æвзардзыстæм, уый базонынæн уын чысыл информаци.

Райгуырд Нары зылды, Сындзысæры, йæ зæрдæмæ арф иста Къостайы зарджытæ, йæ фæсномыгтæ уыдысты «Ололи», «Сау лæппу». Цавæр фыссæджы кой кæндзыстæм? (Нигер – Дзанайты Иван)

– Куыд уæм кæсы, цы иу кæны Нигеры Дыгургомимæ? *(Йæ уацмысы бындуры ис дыгурон таурæгъ)*

– Цымæ, Уæлладжыры комы цæргæйæ, Нигер йæ уацмысы бындурæн дыгурон таурæгъ кæй райста, уый цæуыл дзурæг у? *(Хорз зыдта адæмон сфæлдыстад)*

– Нæ картæ та нын æвдисы уый, æмæ дыгурон уæм, ирон – не 'ппæт дæр стæм Ирыстоны хъæбултæ, ис нын иу зæхх, иу æвзаг, иу тырыса...

Нæ тырысайы кой кæм скодтам, уым ма йæ уæллаг хуызы нысаниуæг нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм *(Урс – уды сыгъдæгдзинад)*

**II. Урочы темæйыл куыст.**

*1. Ахуыргæнæг:* Нæ дзуæппытæ куы æрбамбырд кæнæм, уæд дзы рауайдзæн нæ абоны урочы темæ – Дзанайты Иван (Нигер) «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман». Уацмыс æвзарæм ахæм проблемæмæ гæсгæ: «Уды сыгъдæгдзинад – лæгдзинад æвдисæн». Ацы таурæгъы сюжетыл ма æмном поэмæ ныффыста Малиты Геуæрги. Нигер таурæгъ рацарæзта ног хуызы, скодта дзы аив поэтикон уацмыс.

Урочы хæстæ *(целеполагание урока).* Темæ райхалынæн нæ цавæр хæстæ сæххæст кæнын хъæудзæн?

1) Тексты мидис равзарын.

2) Геройты ныхмæвæрд фæлгонцтыл æрдзурын.

3) Сбæрæг кæнын уацмысы сæйраг хъуыды.

2. Нæ фыццаг хæс баххæст кæнынæн нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм тексты сюжет. Лæвæрд хъуыдыйæдтæ сюжетмæ гæсгæ равæрын кæрæдзи фæдыл *(Куыст цæуы интерактивон фæйнæгыл)*

Интерактивон фæйнæгыл – текстæй ист хъуыдыйæдтæ. Ахуырдзаутæ сæ равæрдтой тексты хæйттæм гæсгæ: бацæуæн хайы хъуыдыйæдтæ; кульминацион хайы хъуыдыйæдтæ, сюжеты райхæлды хъуыдыйæдтæ *(Зæрдыл æрлæууын кодтой, цы у сюжет; литературон уацмысы хæйттæ)*

– Цавæр у таурæгъы темæ? *(Мæнгард лæппу хæлæг кæны йæ сæрæн æрдхордмæ, хинæй йыл рацæуы æмæ йæ амары)*

3. Таурæгъы архайджыты характеристикæ.

*Хæс:* Текстæй рафыссын, автор архайджыты фæлгонцтæ равдисынæн цы эпитеттæй спайда кодта, уыдон.

| *Гуыйман* | *Хъæсбол* |
|---|---|
| цæхæрцæст | мæнгард |

– Цы нысан кæны дзырд «цæхæрцæст»? *(дзырды хæйттæм гæсгæ йæ равзарын)*

– Кæмæй фæзæгъынц, «цæхæрцæст у», зæгъгæ?

– Цавæр у Гуыйманы æддаг бакаст? *(æвзаргæ каст).*

– Эпитет «чысыл» цы нысан кæны? *(Ацы эпитет цæуы фольклорæй, хъайтарон зарджыты нысан кæны «сæрæн», «хъæбатыр»).*

Дзырд «мæнгард»-мæ синонимтæ ссарын *(сайаг, фæлитой, хæлæггæнаг, дыдзæсгом).*

– Куыд уæм кæсы, цæмæн афтæ хæлæг кæны Хъасбол Гуыйманмæ? *(Дзуапп ратт-тынæн феххуыс уыдзæн Хъасболы монолог. Бакæсын æй, скæнын хатдзæг. Социалон аххосæгтæ ис Хъасболы хæлæгæн. Ам нын автор равдыста адæмы зондахаст: мæгуыр у æнæхай мулкæй, фæлæ хайджын у хъаруйæ æмæ удыхъæдæй. Уыйхыгъд, мулкджын вæййы буцхаст, фæлæ йæм нæ вæййы лæгдзинад, æфсарм, намыс).*

*Къорды куыст.* Диамантæйы хуызы равдисын дыууæ персонажы ныхмæвæрддзинад.

Диамантæ у авд рæнхъæй арæзт æмдзæвгæ, йæ фыццаг æмæ фæстаг дзырдтæн вæййы ныхмæвæрд нысаниуджытæ. Хорз æххуыс у ныхмæвæрд æмбарынæдтæ бацамонынæн.

1, 7 рæнхъытæ – ныхмæвæрд номдартæ;
2 – дыууæ миногоны фыццаг номдармæ;
3 – æртæ мивдисæджы фыццаг номдармæ;
4 – фæйнæ дзырдбасты дыууæ номдаримæ;
5 – æртæ мивдисæджы дыккаг номдармæ;
6 – дыууæ миногоны дыккаг номдармæ.

*Гуыйман*
цæхæрцæст, сæрæн
цуан кæны, амары, æргæвды
зæрдæхæлар Гуыйман, хæлæггæнаг Хъасбол
хæлæг кæны, мæстæй мæлы, амары
мæнгард, æгъатыр
*Хъасбол*

– Цавæр миниуджытæн кæны кад автор?

Æрдзурын æрдзы нысаниуæгыл уацмысы. Бакæсын æрдзы нывтæ æвдисæг бынæттæ.

Фæйнæджы раз – дыууæ ахуырдзауы. Скъоладзаутæ иугай кæсынц, дыууæ фæйнæджы раз нывтæ æвæрынц тексты мидисмæ гæсгæ кæрæдзийы фæдыл:

1) бон уыд рæсугъд, арв ирд, дуне райдзаст;

2) бæстæ ныттар, сыстад дымгæ;

3) Силæм дæр у æрдзы тыхтæй, уый нæ быхсы Хъасболы мæнгарддзинадæн æмæ исы Гуыйманы туг. Уый хæд фæстæ æрдз ногæй раивта, дуне ныррухс. Цæмæн? *(Силæм йæ хицауы туг райста, рæстдзинад фæуæлахиз, хæрамдзинад æфхæрд баййæфта)*

*Хатдзæг.* Фольклорон традицитæм гæсгæ автор удджын кæны æрдз.

Ацы темæ стыр бынат ахсы дунеон литературæйы. Зæгъæм, В.А. Жуковскийы балладæ «Ивиковы журавли» *(цыбырæй радзурын сюжет).*

– Фæлæ нал раздæхдзæн Гуыйман, æмæ æрдзы гармони халы цы? *(Силæмы ниуын)*

*Хибарæй куыст.* Баххæст кæнын тестытæ. Кæрæдзийы куыстытæ бæлвырд кæнынц, æвæрынц бæрæггæнæнтæ.

**III. Урочы кæронбæттæн.**

*1. Хатдзæгтæ:*

**П**озиция – Мæнгарддзинад æмæ хæлæг кæнынц фыдбылызмæ.

**О**боснование – Уымæн æмæ...

**П**ример – Зæгъæм...

**С**ледствие – ис скæнæн ахæм хатдзæг...

*(Нигер йæ таурæгъæй кад кæны лæгдзинадæн, фидар кæны рæстдзинад, карз тæрхон хæссы хæлæг, дыдзæсгомдзинадæн æмæ хæрамæн).*

*2. Рефлекси.* Кæронмæ ахæццæ кæнын:

– Æз урокæй хæссын ахæм зонд (*хъуыды)...*

– Мæ царды мæ бахъæудзæн...

– Абоны урочы базыдтон...

– Кæронмæ нæ бамбæрстон...

*Ахуыргæнæг:* Нæ урок райдыдтам нæ тырысайы хуызтæй æмæ загътам, урс у уды сыгъдæгдзинады символ. Ахæм сыгъдæг уд уыд Гуыйманæн. Ахæм сыгъдæг удты хицау уыдисты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатырдзинад чи равдыста, нæ бæстæ чи бахъахъхъæдта, уыдон. Ирыстоны зæхх та кæддæриддæр бæркадджын уыд æмæ уыдзæн йæ адæмæй. Сымах дæр уды рæсугъддзинæдтæй хайджын ут!

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
***АКЗУИ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Темæ «Сæрд æмæ каникултæ»***

*Урочы хуыз:* ныхасы рæзтыл кусыны урок.

*Урочы нысантæ:*

1. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæныныл куыст.
2. Ныхасы рæзтыл бакусын.
3. Ахуыр кæнын къорды кусын; хъомыл кæнын хистæртæн аргъ кæныны æнкъарæнтæ.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

***1. Мотивацион уавæр.***

Ныхмæ гæсгæ куыст баххæст кæнын. Слайдтæм гæсгæ беседæ скæнын. Темæ: «Æрымысæм сæрдыгон бонтæ».

Ахуырдзауты бафæрсын, куыд арвыстой сæ улæфты рæстæг, уымæй. Кæм уыдысты? Цымыдисагæй цы федтой? Чи сæ уыд балцы? Чи уыд денджызы йæ бинонтимæ? Чи сахуыр ленк кæнын? Чи уыд кæсаг ахсынмæ? Чи уыди хос кæрдынмæ? Чи сæ уыд йæ хæстæджытæм уазæгуаты? Ног æмбæлттæ кæмæн фæзынди? æ.а.д.

*(Фæрстытæ хъæуы рагацау бацæттæ кæнын, ахуырдзаутæ сæ сæрдыгон каникултæ куыд арвыстой, уый базонгæйæ)*

**II. Урочы темæйыл куыст.**

***1. Ахуыргæнæг:*** Нæ урочы темæ у «Æрымысæм сæрдыгон бонтæ». Куыд æмбарут дзырд «æрымысæм»? Ссарут æм синонимтæ. (Зæрдыл æрлæууын кæнæм, æрхъуыды кæнæм).

– Ацы дзырдæн ма ис æндæр нысаниуæг дæр: «æрымысын» – уырыссагау – «придумать», цы нæ уыд, уый æрхъуыды кæнын.

Сæрды тыххæй радзурынæн нын феххуыс уыдзысты, цы нывтæ æмæ къамтæ æрбахастон, уыдон.

Фæлæ уал нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, сæрды тыххæй радзурынæн нын æххуыс чи уыдзæн, ахæм дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ.

***2. Дзырдуатон-орфоэпион куыст.***

*(Слайдыл – алыхуызон ахорæнтæй фыст дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ)*

Сæрд, сæрдыгон бонтæ, хуры хъарм тынтæ, æнтæф бон; цæугæдон, ленк кæнын, доны ныггæпп кæнын; кæсаг ахсынмæ, æнгуырæй ахсын, стыр кæсаг æрцахсын; хосгæрдæнтæ, хос кæрдын, хос ласын; быдыр, тезгъо кæнын, сыгъдæг уæлдæф; хæхбæсты, балцы цæуын.

*Ахуыргæнæг:* Дзырдтæ алыхуызон ахорæнтæй цæмæн сахуырстон? (Сæрды ахорæнтæ – бур хуыз, кæрдæгхуыз, æрвхуызцъæх æ.а.д.)

– Цавæр ахорæнтæ ма сæм бафтауиккат? *(Дзуæппытæм байхъусын)*

***3. Ахуыргæнæг:*** Ныхтæм гæсгæ нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм сæрдыгон бонтæ. *(Слайдты нывтæ баивæн ис скъоладзаутæн сæхи къамтæй. Рагацау сæ райсæн уыдзæн ныййарджытæй. Уæд сæм урок цымыдисагдæр фæкæсдзæн, æмæ цырддæрæй архайдзысты)*

*Ахуыргæнæг:* Цымæ уæ чи арвыста йæ сæрд ацы сабиты хуызæн? Дзуапп дæтгæйæ, пайда кæнут лæвæрд дзырдтæй æмæ дзырдбæстытæй.

*(Байхъусын дзуæппытæм; семæ аныхас кæнын).*

*Ахуыргæнæг:* Уæхæдæг та ма цы бафтауиккат ацы къамтæм? Искæмæ уæ йæ телефоны ис сæрды ист къамтæ? *(Æркæсын телефонты къамтæм, байхъусын скъоладзауты раныхæстæм)*

***4. Улæфты рæстæг.***

– Не 'взæгтæ базмæлын кæнæм – тагъддзуринаг ацахуыр кæнæм.

Уæртт-уæртт!
Джын-джын!
Хæфс-хæфс!
Дынджыр!
Сæр ын,
Кæс-кæс!
Уæртджын –
Хæфс-хæфс!

– Чи зоны, цы у уæртджын хæфс? *(черепаха, уæрт – панцирь)*

– Сæрды уæ хæфс чи федта? Калм та? Фæтарстыстут сæ?

Тæрсын сæ нæ хъæуы, фæлæ хъахъхъæнын. Ацы цæрæгойтæ дæр бирæ уарзынц сæрд. Сæрдыгон рахилынц сæ хуыггæмттæй.

***5. 5-æм къласы ахуыргæнæн чиныджы 1-аг фæлтæрæныл бакусын.***

*Ахуыргæнæг:* Сæрд фæцис. Скъоламæ цæуын афон æрхæццæ. Абон фыццаг хатт æрбакъахдзæф кодтат ирон æвзаджы урокмæ. Уæ чингуытæ байгом кæнут, æмæ æркæсæм фыццаг фæлтæрæнмæ.

Байхъусут æмдзæвгæмæ. Каст куы фæуон, уæд-иу зæгъут, кæм æрвыста йæ улæфты рæстæг, æмдзæвгæйы цы сывæллоны кой цæуы, уый.

*(Бакæсын, дзуæппытæм байхъусын)*

– Æмдзæвгæйы чи дзуры йæхи тыххæй, Ãæппу æви чызг? Цæмæй бæрæг у?

– Ныхтæм гæсгæ цыбыр хъуыдыйæдтæ саразут (Лæппу сугтæ фæхæссы. Лæппу цъылынæй мæрзы).

– Чызджытæ та цы куыстытæ фæкæнынц сæ ныййарджыты бæсты?

*(Чызджыты дзуæппытæм байхъусын)*

*Ахуыргæнæг:* Сымах та куыд æххуыс кодтат уæ ныййарджытæн сæрды каникулты рæстæг? *(Дзуæппытæм байхъусын)*

*6. Дыгуронау адзурæм:*

хосгæрдджытæ – хуасæкæрдгутæ;
сихор – рæфтад.

– Дырд «хосгæрдджытæ» – «хуасæкæрдгутæ» равзарæм дзырды хæйттæм гæсгæ.

– Дзырд «сихор» – «рæфты» арæх æмбæлы ирон ныхасы дæр. Зæгъæм: «бонрæфты», ома «сихорафон».

*(Кæд къласы дыгурæттæ ис, уæд уыдоны фæрцы аныхас кæнын. Уыдон саразæнт хъуыдыйæдтæ ацы дзырдтимæ. Ратæлмац сæ кæнæнт ирон æвзагмæ)*

**IV. Æрмæг бафидар кæныныл куыст.**

***1. Къорды куыст.***

1) Æнцойгæнæн дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй пайда кæнгæйæ, ныхтæм гæсгæ саразын 2-3 хъуыдыйады. Тетрæдты сæ ныффыссын.

Ныхтæн æрхъуыды кæнын сæргæндтæ.

2) Нысангонд дзырдтæм синонимтæ æмæ антонимтæ ссарын.

*1-аг ныв.* Кæсаг ахсынмæ.



Кæсаг ахсын, донмæ кæсын, æнхъæлмæ кæсын, хинæйдзаг гæды, сусæгæй давын, цæугæдон, æнгуыр, хъæдын бандон, доны был, давын.

*2-аг ныв.* Чысыл фыййау.



Сæрвæт, фос хизын, бирæ фос, фыстæ æмæ родтæ, фосуарзаг, фæллойуарзаг, æххуысгæнæг, æнхъæлмæ кæсын, æххормаг уæвын, кусаг, бинонты кæстæр, хистæртæн æххуыс кæнын.

*3-аг ныв. Футболæй хъазынмæ.*



Улæфты рæстæг, футболæй хъазын, пурти æппарын, пурти раст цæвын. Чызджыты бафæндыд футболæй хъазын; хотæ æмæ æфсымæртæ, хорз хæлæрттæ, хорз хъазын, хъазын амонын, разæй згъорын.

*(Лæвæрд нывтæ баивæн ис æндæртæй. Æрбахæссæн ис, сывæллæттæ сæрды нывйарджытæн куыд æххуыс кæнынц, уый æвдисæг нывтæ дæр. Уæд хъуыдыйæдтæ араздзысты ацы темæйыл)*

**V. Урочы хатдзæгтæ.**

***1. Къорды куыст (кæнæ къæйттæй куыст)***

Дзырд СÆРД-*имæ синквейн саразын.*

(Синквейн у фондз рæнхъæй арæзт æмдзæвгæ:

1-аг рæнхъ – темæ-номдар;

2-аг рæнхъ – темæ-номдары æууæлтæ æвдисæг дыууæ миногоны;

3-аг рæнхъ – темæ-номдары архæйдытæ æвдисæг æртæ мивдисæджы;

4-æм рæнхъ – цыбыр хъуыдыйад темæ-номдары тыххæй;

5-æм рæнхъ – синоним темæ-номдармæ).

*2. Рефлекси.*

*2. Дарддæр ахæццæ кæнын:*

– Урочы мæ зæрдæмæ фæцыд….

– Урочы ма иу хатт æрымысыдтæн ….

– Мæ цæстытыл ауадысты …

– Урочы ахъуыды кодтон…

**VI. Хæдзармæ куыст.**

Ныффыссын сочинени «Уыцы сæрдыгон бон арæх æрымысын…»

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Бигъаты Светланæ,***
***Беслæны 5-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Зымæгон нывтæ».***

***Номдар, йæ иумæйаг нысаниуæг.***

*Урочы нысантæ:*

1. Фæарфдæр кæнын ахуырдзауты зонындзинæдтæ номдары тыххæй.
2. Рæзын кæнын логикон æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад.
3. Гуырын кæнын цæрæгойтæм уарзондзинад; æрдзурын зымæгон æрдзы нывтыл.

### Урочы цыд:

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1. Сбæрæг кæнын урочы темæ æмæ нысантæ.

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы темæ сбæрæг кæнынæн баххæст кæнæм дзырдбыд. Урочы темæ бакæсдзыстæм бæрæггонд цæджындзы *(Куыст цæуы интерактивон фæйнæгыл).*

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 н | а | р | т | х | о | р |
| 2 к | а | р | т | о | ф | | | | | |
| 3 а | д | æ | й | м | а | г | | | | |
| | | 4 а | в | д | æ | н | | | | |
| | | | | 5 а | й | к | | | | |
| | | | 6 æ | р | ф | г | у | ы | т | æ |

Нæ чысыл мæсыг лыстæг дурæй амад. *(нартхор)*

Карк дæлдзæхы къуыртт уадзы. *(картоф)*

Райсомæй цæуы цыппар, сихорæй – дыууæ, изæрæй – æртæ къахыл. *(адæймаг)*

Тулы, тулы æмæ никæдæм хæццæ кæны. *(авдæн)*

Урс дзæкъулы – бур фæрдыг. *(айк)*

Дыууæ калмы кæрæдзимæ лæбурынц, фæлæ не 'ххæссынц. *(æрфгуытæ)*

*Ахуыргæнæг:* Цавæр темæйыл кусдзыстæм?

– Дзырдбыды дзуæппытæ цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц?

– Цавæр ныхасы хæйттæ сты?

– Цавæр нысантæ æвæрæм нæ размæ?

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.***

1. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.

2-3 скъоладзауы кæсынц, хæдзары темæ «Зымæгон нывтæ»-м гæсгæ цы цыбыр радзырдтæ æрхъуыды кодтой, уыдон.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр ныхасы хæйттæ бахахх кодтат? Куыд хицæн кæнут ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ? *(Сæ нысаниуджытæ æмæ фæрстытæм гæсгæ.)*

***III. Урочы темæйыл куыст.***

1. Сывæллёттæ номдары тыххæй цы зонынц, уый зæрдыл æрлæууын кæнын.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц номдартæ? Цы нысан кæнынц?

2. Текстимæ куыст.

Бакусын ахуыргæнæн чиныджы 134-æм фæлтæрæныл.

*Дзырдуатон куыст:*

æхсæрæг – белка,

бæрæгбон – праздник,

гагадыргътæ – ягоды,

зокъотæ – грибы,

къалати – клетка,

минас кодтой – хордтой.

*Текст бакæсын.*

*Ахуыргæнæг:*

– Ранымайут радзырды архайджыты нæмттæ.

– Цавæр хорздзинад скодтой сабитæ æхсæрæгæн?

– Куыд дардта йæхи æхсæрæг? Ссарут уыцы бынат тексты æмæ йæ бакæсут.

– Текст адих кæнут хицæн хæйттыл æмæ сын сæргæндтæ æрхъуыды кæнут.

*Дзуапп:* 1) Сывæллæттæ сдзæбæх кодтой æхсæрæджы. 2) Æхсæрæджы бæрæгбон. 3) Æхсæрæгмæ уазæгуаты.

*Ахуыргæнæг:* Ссарут тексты синонимтæ.

Дзуапп: сабитæ – сывæллæттæ, цъиутæ – мæргътæ.

– Цавæр у тексты хуыз?

Хæслæвæрдтæ: Текст хи ныхæстæй радзурын. Уæлæмхасæн фарстæн дзуапп раттын.

– Куыд æххуыс кæнын хъæуы цæрæгойтæн?

Хæслæвæрдтæ: Баххæст кæнын 135-æм фæлтæрæн. Бакæсын 134-æм фæлтæрæнæй ист дзырдтæ.

Ссарын номдартæ æмæ сæ ныффыссын дыууæ къордæй, фæрстытæ чи? æмæ цы?-мæ гæсгæ.

Уæлæмхасæн куыст (дзургæйæ). Дзырдтæ сæ хъуыдымæ гæсгæ æмæ сæ фæрстытæм гæсгæ фæкъордтæ кæнын:

***IV. Ног æрмæг бафидар кæныныл куыст.***

1. Тексты номдартæ агурын, 136-æм фæлтæрæн.

Ссарын номдартæ æмæ сæ ныффыссын тетрæдты. Раттын сæм фæрстытæ. Сæвæрын сыл цавды нысантæ æмæ сын фæбæрæг кæнын сæ кæрæттæ.

2. Раиртæст бакæсын, хатдзæгтæ скæнын.

3. Релаксаци музыкæимæ.

*Ахуыргæнæг:* Уæ цæстытæ сæхгæнут æмæ хъусут æрмæстдæр мæ хъæлæсмæ.

Уæ цæстытыл ауайын кæнут зымæгон хъæд. Араст стут заз бæлæстæм. Уæ рæуджытæ сыгъдæг уæлдæфæй дзаг кæнынц. Уæ улæфт æнцад, арф, уæгъдибар. Цæут хæмпус митыл. Уæ къахайст рог, афтæ уæм кæсы, цыма миты ленк кæнут.

Бахæстæг стут заз бæлæстæм. Къалиутæй мит æрцагътат æмæ сындæггай бавнæлдтат иу къалиумæ. Смудут æм. Æмбарут ын йæ хæрздæф. Уыцы тæф зæрдæйæн æхсызгондзинад дæтты. Ам уæ зæрдæмæ тынг цæуы. Тезгъо кæнут, æмæ æрдзы рæсугъддзинадæй уæ зæрдæтæ рухс кæнынц.

Афæстиат-ма ут ацы хъæды иучысыл. Улæфут сындæг, фæлæ арф. Сулæфут. Раулæфут. Æнкъарут, ацы æрдзы рæсугъддзинад уын цыдæр тых кæй дæтты, уый. Уæ зæрдыл бадарут ацы æнкъарæнтæ. Бацархайут, цæмæй сæ æнæхъæн бон дæр хатат.

Сындæггай фæстæмæ раздæхут æмæ уæ цæстытæ байгом кæнут.

4. Сфæлдыстадон куыст *(137-æм фæлтæрæн)*

*Хæс:* Дзырдтæй хъуыдыйæдтæ саразын.

Хъуыдыйæдтæ æрæмбырд кæнын интерактивон фæйнæгыл æмæ сæ тетрæдтæм рафыссын.

1) Зымæг зæхх урс хъæццулæй бамбæрзта.

2) Зымæг бæлæстыл урс-урсид фæлыст скодта.

3) Мад йæ сывæллæттыл хъарм дзаумæттæ скодта.

4) Чызджытæ æмæ лæппутæ дзоныгътæ райстой æмæ бырынмæ ацыдысты.

*Хæс:* Бахахх кæнын номдарты бын, фæрстытæ сæм раттын. Зæгъын, цы нысан кæнынц. Чиныджы уæлæмхасæн фæрстытæн дзуæппытæ раттын.

– Цы ныффыстат, уымæн текст рахонæн ис?

– Цавæр миниуджытæм гæсгæ бæрæггонд цæуы текст?

*V. Урочы хатдзæг.*

1. Беседæ:

– Цы нысан кæнынц номдартæ?

– Цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц?

– Цæмæн хъæуынц мах уыцы зонындзинæдтæ?

2. Рефлекси.

Экраныл фыст:

– Æз базыдтон…

– Урочы мæ зæрдæмæ фæцыд…

–Зын мын уыд…

– Урочы мæм сæвзæрд ахæм хъуыды…

*VI. Хæдзармæ куыст.*

138-æм фæлтæрæн 70-æм фарсыл.

Раиртæстытæ 69-æм – 70-æм фæрстыл.

***Хадаты Фатимæ,***
***Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Æрдз хъахъхъæнын у Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнын».***

**Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.**

*Урочы хуыз:* рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок.

*Урочы нысантæ:*

1) хъуыдыйады сæйраг уæнгты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын;

2) ныхасы рæзтыл куыст;

3) сывæллæттæм рæзын кæнын уарзондзинад Ирыстоны æрдзмæ, ирон æвзагмæ, гуырын сæм кæнын сæрыстырдзинад.

Цæстуынгæ æмæ æххуысгæнæн æрмæг: предметон нывтæ, Ирыстоны æрдзы нывтæ, музыкæ.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг:* Абон урочы уæ дзуæппытæн аргъ кæндзыстут ахуыргæнæджы бæсты æмæ куыд бакусат, уымæ гæсгæ уæхæдæг æвæрдзыстут бæрæггæнæнтæ. Фæнды мæ, цæмæй хæларзæрдæ дарат кæрæдзимæ, æххуыс дæр-иу акæнат, чи фæкъуылымпы, уыдонæн.

– Иумæ дзурæм:
«Дзæнгæрæг ныццагъта,
Райдыдта урок.
Мах ирон æвзагыл
Дзурдзыстæм та ног».

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæныныл куыст.***

*1. Текстыл куыст, 2-æм фæлтæрæн.*

*2. Дзырдуатон куыст:*

Цадтæ –
Тезгъо кæнын –
Æрдз хъахъхъæнын –

– Цæуыл цæуы ныхас тексты? (ныхас цæуы нæ Ирыстоны диссаджы рæсугъд æрдзыл).

– Куыд æмбарын кæны автор Райгуырæн бæстæ æмæ æрдзы бастдзинад?

– Цæмæн нымайы автор йæ хæсыл æрдз хъахъхъæнын? (Уымæн æмæ Фыдыбæстæ æмæ йæ æрдз кæрæдзийæ хицæнгæнæн нæй)

– Рафыссут 3-аг хъуыдыйад, сæйраг уæнгты бын бахахх кæнут.

***III. Ног æрмæгыл куыст.***

1. Урочы темæ сбæрæг кæныныл куыст (ахуырдзаутимæ иумæ). Ам проблемон уавæр саразын, 2 уыци-уыцийыл кусгæйæ.

– «Хъуыдыйадæй уыцы дзырдтæ куы аппарæм, уæд иннæ дзырдтæ æххæст хъуыды нал æвдисдзысты». Цавæр хъуыдыйады уæнгтыл цæуы ныхас? (хъуыдыйады сæйраг уæнгтыл).

– «Сызгъæрин доны тылд хæхтæ мидбылты худгæ кæсынц». Цавæр бæстæйы кой кæны поэт? (нæ райгуырæн бæстæ Цæгат Ирыстоныл фыссы поэт)

– Уæдæ ацы 2 уыци-уыцийы руаджы куыд сбæрæг кæндзыстæм нæ урочы темæ? (Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Ныхасы темæ «Æрдз хъахъхъæнын у Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнын»).

– Нæ урок у рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок. Уымæ гæсгæ рацыд æрмæг ныффидар кæндзыстæм алыхуызон куыстыты хуызтæй.

*Къорды куыст (ерысы хуызы)*

**1-аг къорд («Скифтæ»)** – Дзырдбыд баххæст кæнын.

*Хæс:* Чырæгты фæрсырдæм рафыссын зæгъинæгтæ алы хъуыдыйадæй дæр. Раст сæ куы рафыссат, уæд бынырдæм бакæсдзыстут нæ республикæйы ном.



1) Уалдзæг ралæууыд.
2) Нæ хæдзар лæууы доны был.
3) Скъолайы раз зайы бæрз бæлас.
4) Къæвда банцад.
5) Ме 'мбал ацыдис киномæ.

– Сбæрæг кæн, дзырдбыды бынырдæм цы дзырд рауадис, уый.

– Йемæ æрхъуыды кæн хъуыдыйад.

– Ныффысс æй тетрады æмæ йæ равзар хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ. Сæйраг уæнгтæ цавæр ныхасы хæйттæ сты? Бахахх сын кæн сæ быны.

Зæгъæм, «Цæгат Ирыстон-Алани бацахста фыццаг бынат иннæ кавказаг республикæты æхсæн».

**2-аг къорд («Сæрмæттæ»)**

*Хæс:* Чырæгты фæрсырдæм рафыссын сæйраттæ алы хъуыдыйадæй дæр. Раст сæ куы рафыссат, уæд бынырдæм бакæсдзыстут нæ республикæйы горæттæй иуы ном.



1) Сау хохæй урс дур нæ ратулдзæн.
2) Мисын у пайдахæссæг хойраг.
3) Хорз лæг йæ адæмæн лæггад кæны.
4) Бон цæуы æмæ йемæ фарн хæссы.
5) Уæрæх быдыр айтыгъта йæхи иу хохæй иннæмæ.

6) Адæм айдæнау алы адæймаджы дæр уынынц.

– Сбæрæг кæнут, дзырдбыды бынырдæм цы дзырд рауадис, уый. Йемæ æрхъуыды кæнут хъуыдыйад. Ныффыссут æй тетрады æмæ йæ равзарут хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

(Сывæллæттæ иумæ кусынц. Къордты капитантæ дзуапп дæттынц).

***IV. Ног æрмæг бафидар кæнынил куыст.***

1. 271-æм фæлтæрæн дзургæйæ баххæст кæнын.

Рæсугъд дæ, Ирыстон,
Нæ Райгуырæн бæстæ,
Дæ урссæр къæдзæхтæ,
Дæ хосгæрдæн фæзтæ.
Аланты фæдонтæ,
Къостайы фæзмут,
Нæ ирон æвзаг нын
Хъæздыгдæр кæнут.

– Цы зæгъы поэт Райгуырæн бæстæйы тыххæй?

– Сымах та куыд хоны?

– Кæй уын фæзмын кæны?

– Чи уыди Къоста?

– Цæмæ сиды поэт йе 'мдзæвгæйы?

– Сывæллæттæ, цавæр æмбисæндтæ зонут Райгуырæн бæстæ æмæ мадæлон æвзаджы тыххæй?

*Дзуапп:*

Райгуырæн бæстæ мадау адджын у.
Райгуырæн бæстæ мадау иу у.
Мадæлон æвзаг мады ад кæны.

– Не 'взаг, сывæллæттæ, у нæ хæзна, баст у нæ историимæ. Æмæ йæ ма ферох кæнут. Нæ фыдæлтæ йæ куыд бахъахъхъæдтой, афтæ йæ хъуамæ мах дæр хъахъхъæнæм. Дзурут иронау, уарзут уæ мадæлон æвзаг!

Райгуырæн бæстæ…Райгуырæн зæхх!

Цас хорз æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытыл æфтауы адæймаджы. Уайтагъд зæрдæ айдзаг вæййы цыдæр æхсызгондзинадæй, цæстытыл ауайынц нæ урссæр хæхтæ, нæ диссаджы цъæх фæзтæ æмæ быдыртæ. Адæймаг сулæфы арфдæр æмæ уæндондæр. Райгуырæн бæстæ алкæмæн дæр зынаргъ у. Йæ æрдз та у аргъæутты бæстæйы хуызæн. Уымæн нæм цæуынц æнæхъæн дунейæ туристтæ.

*Ахуыргæнæг:* Рæсугъд у Ирыстоны æрдз. Фæлæ уый дæр хъæуы хъахъхъæнын. Цæмæн хъæуы æрдз хъахъхъæнын? (Байхъусын дзуæппытæм)

(Сывæллæттæ иумæ кæсынц урочы ныхасы темæ: «Æрдз хъахъхъæнын у Райгуырæн бæстæ хъахъхæнын»).

– Тынг раст. Сымах куы ацæут æрдзы хъæбысмæ, уæд уæхи куыд фæдарут? (Быræттæ æрæмбырд кæнæм, бæласты къалиутæ нæ сæттæм æмæ а.д.)

2. Баххæст кæнын 272-æм фæлтæрæн (фысгæйæ).

*Беседæ:*

– Куыдæй ауадис уæ цæстытыл Дыгургом?

– Чи уæ уыдис Дыгургомы?

– Уæ зæрдæмæ дзы цы фæцыдис?

– Цавæр кæмтты нæмттæ ма зонут? (Куырттаты ком, Уæлладжыры ком, Цъæйы ком, Уæллаг ком æмæ æнд.)

– Диссаг у нæ хохбæстæ! Нæ цæстытыл уайынц нæ рæсугъд хæхтæ, æнусон цъититæ, æхсæрдзæнтæ, дидинæгджын фæзтæ, тар хъæдтæ.

***V. Урочы кæронбæттæн.***

1. Синквейн

Ахуыргæнæг: Нæ урочы темæ балхынцъ кæнæм, саразæм синквейн дзырд «хæхбæстæ»-имæ.

Хæхбæстæ
бæркадджын, аргъауæнгæс
райхъал, дисы æфтауы, йæхимæ æлвасы
Цы диссаг у нæ хæхбæстæ!
къæдзæхтæ

2. Хатдзæг скæнын.

– Нæ урочы нысан цавæр уыди?

– Сæххæст æй кодтам?

– Цы базыдтат урочы?

– Сывæллæттæ, ныр та уæхицæн бæрæггæнæнтæ сæвæрут, чи куыд бакуыста урочы, уымæ гæсгæ.

***VI. Хæдзармæ куыст:*** ахуыргæнæн чиныджы 273-æм фæлтæрæн.

# ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ

***Будайты (Астемыраты) Изетæ,***
***фыссæг, тæлмацгæнæг,***
***ирон æвзаджы чингуыты***
***редактор***

## ÆМДЗÆВГÆТÆ СЫВÆЛЛÆТТÆН

Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы 'взæгтæ,
Нæ дзы 'взары хæстæг æмæ дæрддаг,
Фæлæ ныххоис зæрдæйы къæсæртæ,
Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг!

*Фыдуаг дзыгы*

Æрбацæуы фыдуаг дзыгы,
Æрбацæуы цæваг дзыгы,
Гæккытæй тъупп-тъупп,
Къæсæртæ къупп-къупп!

Чи нæ хæра баппатæ,
Чи нæ нуаза гуыппатæ
Зыг-зыг-зыг-зыг-зыг!

*Нæхи Арсæго*

Арсæго-бырсæго
Хъæдбынты цæуы,
Агуры гыркъотæ,
Зарджытæ кæны.

Уалынмæ йын гыркъо
Йæ гоппайæн – къупп!
Рамæсты Арсæго,
Æмæ гаккæй – тъупп!

– Нал æрбацæудзынæн
Тулдзы бынмæ æз,
Нал æмбырд кæндзынæн
Ам гыркъотæ æз!

– Цавæр у, Арсæго?!
Мауал маст кæн цæй,
Ницы дын уыдзæни
Гыркъойы цæфæй.

– Ногæй та цæудзынæн
Тулдзы бынмæ æз,
Ногæй агурдзынæн
Ам гыркъотæ æз.

*Чунгæ-чангæ*

Чунгæ-чангæ – алырдыгæй дон,
Чунгæ-чангæ – сæрдæн нæй кæрон.
Чунгæ-чангæ – хъæлдзæгæй цæрæм,
Чунгæ-чангæ – зарджытæ кæнæм.

*Базард:*
Чунгæ-чангæ сакъадахы
Тынг æнцон цæрæн у махæн,
Тынг æнцон цæрæн у махæн,
Чунгæ-чангæ!..

Амонддживн, фæрныг бынат у,
Хæр кокостæ, хæр банантæ,
Хæр кокостæ, хæр банантæ,
Чунгæ-чангæ!

Чунгæ-чангæ – мах нæ зонæм маст,
Чунгæ-чангæ – алы бон нæм хъазт.
Чунгæ-чангæ – цины сакъадах,
Никæй хæссы ардыгæй йæ къах.
*Базард.*

***Пухаты Оксанæ,***
***Беслæны 5-æм рæвдауæндоны***
***хъомылгæнæг***

## ХÆДЗАРОН ФОС ÆМÆ МÆРГЪТÆ

***Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй ахуыр кæныныл куыст***

**Ахуыры нысантæ:**

1. Сабиты базонгæ кæнын Рæмонты Алыксандры æмдзæвгæ «Нæ рауад къам»-имæ, разæнгард сæ кæнын æмдзæвгæтæ зæрдывæрдæй ахуыр кæнынмæ.

2. Сывæллæтты ахуыр кæнын æмдзæвгæйы хъуыды æмбарын æмæ иртасыныл; ныхасы рæзтыл бакусын.

3. Хъомыл кæнын кæрæдзийæн аргъ кæныны, хæларæй цæрыны хъуыдытæ.

Æххуысгæнæн æрмæг: компьютер, проектор, магнитон фæйнæг, предметон нывтæ, мнемосхемæ, дыууæ чыргъæды: иуы – хъæлдзæг цæсгæмттæ, иннæйы та – æнкъард цæсгæмттæ.

**Ахуыры цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

*1. Сывæллæтты иронау дзурынмæ сразæнгард кæнын.*

*(Сывæллæттæ лæууынц зылды)*

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, нæ кæрæдзийæн мидбылхудт балæвар кæнæм.

*Хъомылгæнæг:* Зæгъут-ма, цавæр афæдзы афон у ныртæккæ?

*Сывæллæттæ:* Зымæг.

*Хъомылгæнæг:* Цавæр зымæгон мæйтæ зонут? Ранымайут-ма сæ.

*Сывæллæттæ:* Цыппурсы мæй, тъæнджы мæй, æртхъирæны мæй.

*Хъомылгæнæг:* Ныртæккæ та кæцы мæй у?

*Сывæллæттæ:* Æртхъирæны мæй.

*(Экраныл – зымæгон нывтæ)*



*Хъомылгæнæг:* Бакæсут-ма нывтæм. Кæй дзы уынут? Цы ми кæнынц сабитæ?



*Хъомылгæнæг:* Цавæр зымæгон хъæзтытæ зонут?

*Сывæллæттæ:* Къуыбырæй дзоныгъыл бырын, къахдзоныгътыл бырын, миты къуыбæрттæ æхсын.

*Хъомылгæнæг:* Æмæ уын уарзондæр та кæцы хъазт у?

*Сывæллæттæ:* Кæрæдзиуыл миты къуыбæрттæ æхсын.

*Хъомылгæнæг:* Цæй-ма, ахъазæм дзы!

***2. Фонетикон зарядкæ. Бакусын мыр [къ]-йыл.***

*Хъомылгæнæг æмæ сабитæ иумæ:*

«Миты рагъыл мах лæууæм,
Митын къуыбæрттæ кæнæм,
Иу къуыбар, дыууæ къуыбары –
Кæрæдзиуыл сæ æппарæм!»

*Хъомылгæнæг:* Дзурæм иумæ дзырд «къуыбæрттæ».

*Сывæллæттæ:* Къуыбæрттæ!

*Хъомылгæнæг:* Цавæр мыр дзы хъуысы разæй?

*Сывæллæттæ:* Мыр [къ].

*Хъомылгæнæг:* Тынг раст.

*(Кулисæтæй райхъуыст карчы «Къо-къо-къо!»)*

**II. Ног æрмæгыл куыст.**

*(Кулисæтæ байгом сты)*

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, фехъуыстат мыр [къ]?

*(Хъуысы мелоди, февзæрдыстæм «фосы кæрты»: лæууынц дзы «хъуг» æмæ «уасæг»)*

*Хъомылгæнæг:* Кæм февзæрдыстæм, сабитæ?

*Сывæллæттæ:* Фосы кæрты.

*Хъомылгæнæг:* Цы дзы уынут?

*Сывæллæттæ:* Хъуг æмæ уасæг.

***1. Театралон равдыст.***

*(Райдыдта театралон равдыст. Архайджытæ сты хъомылгæнджытæ æмæ ныййарджытæ)*



*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, ацы равдыст æвæрд æрцыди Рæмонты Алыксандры æмдзæвгæмæ гæсгæ, æмдзæвгæ хуыйны «Нæ рауад къам». Мах абон сахуыр кæндзыстæм ацы хъæлдзæг æмдзæвгæ.

**2.** Æмдзæвгæйы фыццаг бакаст. Хъомылгæнæджы кастмæ *гæсгæ* архайджытæ æвдисынц сценкæ**.**

Нæ рауад къам
– Фосæй, маргъæй – се 'ппæт ам!
Цæй-ма, сисон уын уæ къам! –
Гогыз рауад кафгæйæ,
Базыр зæххыл хафгæйæ.

Комкоммæ ныккасти бæх:
– Къамы уайын æз дзæбæх.

Ралæууыди карк æд цъиутæ:
Буртæ, саутæ сты сæ иутæ.

Кæрты астæу куыдз ныддæргъ,
Балæууыд йæ фарсмæ дзæргъ.

Фысы хъусы дзуры сæгъ:
– Цу-ма, хæрæгæн дæр зæгъ.

Уыйадыл дын бæх фæмæсты:
– Слæууæд цъæх хæрæг мæ бæсты!

Сызмæст кæрт, нæ рауад къам.
Хæрæг цы аххосджын у ам?

3. Æмдзæвгæйыл куыст.

*Хъомылгæнæг:*

– Цавæр цæрæгойты æмæ хæдзарон мæргъты кой цæуы æмдзæвгæйы? *(ранымадтой сæ).*

– Цы федтат фосы кæрты? *(хъуг, гогыз æмæ æнд.)*

– Бæх та куыд ныккасти?

*Сывæллæттæ:* Комкоммæ.

*Хъомылгæнæг:* Чи уæ фехъуыста ацы дзырд? Нысан кæны «æмраст», ома, бæх касти æмраст, комкоммæ къамисæгмæ.

*Хъомылгæнæг:* Уый фæстæ рацыди карк æд цъиутæ. Цавæр цъиутæ уыдысты? Сæ хуызтæ сын ранымайут.

*Сывæллæттæ:* Саутæ, буртæ!

*Хъомылгæнæг:* Кæрты астæу та цавæр цæрæгой ныддæргъ?

*Сывæллæттæ:* Куыдз.

*Хъомылгæнæг:* Куыдз ныддæргъ. Куыд æмбарут ацы дзырд? Ома, куыдз схуыссыд, йæхи ауагъта кæрты астæу. Чи равдисдзæн, куыдз куыд ныддæргъ уый? *(Сывæллæттæй иу æрхуыссыд пъолыл, «ныддæргъ»).*

*Хъомылгæнæг:* Цæмæн ралæууыдысты цæрæгойтæ? Цы сæ фæндыд?

*Сывæллæттæ:* Сæ къам сисын сæ фæндыд.

*Хъомылгæнæг:* Цæуылнæ рауадис къам?

*Сывæллæттæ:* Уымæн æмæ бæх смæсты, хæрæгимæ йæ иумæ йæ къам исын нæ бафæндыд.

*Хъомылгæнæг:* Раст бакодта бæх?

*Сывæллæттæ:* Нæ, раст нæ бакодта. Хæрæг дæр цæрæгой у, уый дæр йæ къам хъуамæ систаид.

*Хъомылгæнæг:* Цавæрæй равдыста йæхи бæх?

*Сывæллæттæ:* Æвзæрæй.

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, æмдзæвгæйы бæх у хиуарзон. Сывæллæттæ, «хиуарзон» фæзæгъынц адæймагæй дæр, иннæтыл чи нæ фервæссы, йæхи æппæтæй хуыздæр чи фæхоны, ахæмæй.

*Хъомылгæнæг:* Чи зæгъдзæни, цы пайда хæссы бæх адæймагæн?

*Сывæллæттæ:* Бæх ласы уæззæуттæ, бæхыл фæбадынц искуыдæм цæугæйæ.

4. Улæфты рæстæг

*Хъомылгæнæг:* Бæхыл чи фæбады, уый хонынц «барæг».

Цæй уæдæ, мах дæр баулæфæм æмæ барджытæй ахъазæм. *(Барджытæй хъазт)*

5. Æмдзæвгæйы дыккаг бакаст *(Аудиофыст)*

*Хъомылгæнæг:* Иу хатт ма байхъусæм æмдзæвгæмæ. Цымæ йæ хуыздæр чи бахъуыды кæнид?

6. Æмдзæвгæйы æртыккаг бакаст *(Хъазт «Кæронмæ ахæццæ кæн»)*

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, ахъазæм та? Æз мæ хъуыды райдайдзынæн, сымах та-иу æй кæронмæ ахæццæ кæнут.

7. Æмдзæвгæйы цыппæрæм бакаст *(Хайгай кæсы æмдзæвгæ)*

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, æз уын ныртæккæ райуардзынæн нывтæ, хæдзарон цæрæгойты хуызтимæ. Цы цæрæгойы кой кæнон, уый ныв-иу ссардзыстут æмæ-иу æй баныхасдзыстут фæйнæгыл.

*(Куыд кæсы, афтæ сабитæ уайынц фæйнæгмæ нывтимæ. Ныхасынц сæ. Раади сын дзы мнемотаблицæ).*

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, цы нывтæ баныхæстат, уыдонмæ гæсгæ æмдзæвгæ дзурæм иумæ.

8. Сабитæ дзурынц æмдзæвгæ, мнемотаблицæйæ пайда кæнгæйæ.

*Хъомылгæнæг:* Чи радзурдзæн æмдзæвгæ, чи йæ бахъуыды кодта?

*(2-3 сывæллонмæ байхъусын)*

9. Уыци-уыцитыл куыст.

*Хъомылгæнæг:* Базон-базон, уый та циу?

– Æххормагæй «æмму» кæны,
æфсæстæй та сынæр цæгъды,
сывæллæттæн æхсыр дætты.

– Раджы фесты уый æдзух,
Зары нын: «Хъи-хъри-хъу!»

**III. Æрмæг бафидар кæнынил куыст.**

***1. Беседæ:***

– Цы куыстам абон? Ногæй цы базыдтат?

– Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис?

– Цавæр ног дзырдтæ базыдтат абон?

***2. Рефлекси:***

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ! Ис мæм диссаджы дыууæ чыргъæды: иуы – хъæлдзæг цæсгæмттæ, иннæйы та – æнкъард цæсгæмттæ. Кæй зæрдæмæ фæцыдис нæ абоны куыст, уый сисæд худгæ цæсгом, кæмæн нæ фæцыдис, уый та – æнкъард.

*Хъомылгæнæг:* Мæнæ мын цы æхсызгон у, уе 'ппæты зæрдæмæ дæр кæй фæцыдис, уый! Цæй æмæ нæ хæдзарон цæрæгойтæ æмæ мæргътимæ нæ къам сисæм. Уæд къам æнæмæнг рауайдзæн!



# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

***Цæллагкаты Светланæ,***
*Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ТЕАТРАЛОН РАВДЫСТ «НÆРТОН СИМД»

*(Нарты каджыты быдурыл)*

### 1-аг ныв

*Хъуысы хъисын фæндыры цагъд.*
*Сценæмæ рацыдысты амонджытæ.*
*1-аг амонæг:*
Ис а дунейы фарн æмæ рæстдзинад,
Фыдæй-фыртмæ сæ хъахъхъæны ирон…
Нæрæмон Нарт, ныууагътат нын лæгдзинад, –
Æвзыгъд лæджы ысхонæм мах «нæртон».
*2-аг амонæг:*
Хæрын Сырдоны рихийæ æз ард:
Нæ басастаид Нарты фидар иу дæр,
Бæттæм сæ цытимæ нæ фидæн,
Кæнæм сæ буц номæй лæггад.
*3-аг амонæг:*
Æнустæ ивдзысты æнусты, –
Кæм вæййы рæстæгæн кæрон?
Дæлдзæхы уа кæнæ уæлæрвты, –
Нæ фесæфдзæнис стыр Нартæн сæ ном…
*Слайд ныв «Нарты фæткъуы».*
*Музыкæ.*
*1-аг амонæг:*
Нæртон фæткъуы, дам, адавта æхсинæг,
Æхсар куы æрфынæй æхсæв,
Фæцæф кодта æхсинæджы Æхсæртæг,
Сæ фыд та уыд зæронд Уæрхæг.
Сценæ «Дзерассæ æмæ Æхсæртæг».
*(Хъуысы Плиты Жаннæйы музыкæ)*

*2-аг амонæг:* Æхсæртæг, Нарты фæткъуымæ цы æхсинæг тахти, уый фæцæф кодта, йæ туджы 'ртæхтæ йын зæлдаг кæлмæрзæны батыхта æмæ ацыдис йæ тугвæдыл. Бафтыдис денджызы бын Донбеттырты хæдзармæ.

*(Æфсымæртæ фынджы уæлхъус æнкъардæй бадынц)*

*Æхсæртæг:* Фарн ацы хæдзары, æмæ уæ райсом хорз!

*1-аг æфсымæр:* Хорз дæ хай уæд! Мидæмæ! Мидæмæ!

*(Æхсæртæджы æрбадын кодтой).*

*2-аг æфсымæр:* Дæ хуызæн уазæгыл бацин кæнын бæргæ хъæуы, фæлæ мастыл стæм.

*Æхсæртæг:* Хуыцау уæ мастæй бахизæд… Цæуыл мæсты стут?

*3-аг æфсымæр:* Æртæ хойы нын уыдис, æмæ сæ фыдбылызæн сахуыр сты Нарты цæхæрадонмæ.

*1-аг æфсымæр:* Нæ хо Дзерассæ иу æх-

сæв уырдыгæй æхсинæджы хуызы радавта Нарты сызгъæрин фæткъуы.

*2-аг æфсымæр:* Бæргæ йын дзырдтам, Нартмæ фыдуаг фæсивæд ис, уыдонæй арвыл цъиу атæхын дæр нæ уæнды, зæгъгæ, фæлæ нæм нæ байхъуыста.

(хъуысы хъæрзын)

*Æхсæртæг:* (фестадис) Уый кæй хъæрзын у?

*1-аг æфсымæр:* Уый нæ хо Дзерассæ цæфæй хуыссы.

*Æхсæртæг:* Æмæ йын ницы хос ис?

*2-аг æфсымæр:* Йæ туджы 'ртæхтæ – уыдон сты йæ хос; куы сæ æрæмбырд кæнай, æмæ йыл сæ куы бафу кæнай, уæд аирвæздзæн.

*Æхсæртæг:* Æмæ йæ чи фервæзын кæна, уымæн цы хорз ракæндзыстут?

*3-аг æфсымæр:* Уыцы лæгæн раттиккам нæ хо Дзерассæйы – Хуыцау æй уымæн саккаг кодта.

*Æхсæртæг:* Уæдæ æз дæн Нарты Уæрхæджы фырт Æхсæртæг, – цæвгæ дæр æй æз ныккодтон, æмæ йæ дзæбæх дæр æз скæндзынæн (æфсымæртæ фæгæппытæ кодтой). Ракæнут-ма йæ ардæм.

*1-аг æфсымæр:* Чызг уæззау рынчын у, уатмæ йæм бахиз.

*(Фæфæсвæд ис, стæй рацыдис Дзерассæимæ иумæ. Æфсымæртæ сцин кодтой).*

*1-аг æфсымæр:* Мæнæ диссæгтæ!

*2-аг æфсымæр:* Авд хатты рæсугъддæр фестадис нæ хо Дзерассæ!

*3-аг æфсымæр:* Чындзæхсæв! Чындзæхсæв!

*(Хъуысы фæндыры цагъд. Æхсæртæг æмæ Дзерассæ кафынц «Рагон хонгæ»)*

**2-аг ныв**

*Хъуысы ирон музыкæ*
*Слайд:* Тугъанты Махарбеджы нывтæ.
*1-аг амонæг:*
Сатана, сфыхтай-иу зæххы сойæ æлутон,
Ды Нарты скодтай иу тугау æрвад.
Дæ зæрин къух, дæ фарн æмæ дæ зонд
Лæвæрдтой Ирæн амонд æмæ кад.
Дæу ничи зыдта Нарты ‘хсæн æгадæй,
Дæ фынг-иу дзаг уыдис бæркадæй.
*2-аг амонæг:*
Хъысмæты цæфæн ничи ссардта уарт:
Цыдис йæ амондмæ Уырызмæг…
Сатана – хин æмæ мæнгард –
Нæртон зæрдæйы ссыгъта пиллон арт.

*Слайд Тугъанты Махарбеджы ныв.*
*Хъуысы ирон музыкæ.*

*Сценкæ «Уырызмæг æмæ Сатана»*
*3-аг амонæг:*
Уырызмæг йæ лæджы бынатмæ куы бахæццæ ис, уæд ракуырдта Алæгаты рæсугъд Елдайы. Сатана дæр рæзын байдыдта: мæймæ афæдздзыды цахъхъæн кодта, афæдзмæ та – æртæаздзыды цахъхъæн. Мой кæнын афон ын куы ‘рцыди, уæд хъуыдытæ кæнын райдыдта, æмæ Уырызмæгæй хъаруджындæр æмæ зонджындæр никæй ссардта Нарты 'хсæн.

*Хъуысы ирон музыкæ.*

*(Уырызмæг фынджы уæлхъус бады)*

*Уырызмæг:* Сатана, фынг мын!

*(Сатана цæрдæг æвæры фынг)*

*Сатана (хинæйдзаг хъæлæсæй):* Уырызмæг, йæ хорзы æддæмæ ничи дæтты. Искæй мыггагмæ ацæуынæн æвгъау дæн. Мæнæн æндæр хос нæй, ды мæ мой куы нæ уай!

*Уырызмæг*: Кой дæр æй мауал скæн, адæмæй худинаг у, Нарты 'хсæнмæ ма цы цæсгомæй ацæудзынæн… Фæхудинаг мæ кæндзынæ, Сатана.

*Сатана*: Адæмы фидис – дыууæ боны. Худинаг цæмæй ферох уа, уымæн æз амал скæндзынæн. Баздæх, хæрæгыл фæстæрдæм сбад æмæ йыл æртæ здæхты акæн Ныхасы астæуты. Ныхасы адæммæ кæс, æмæ чи куыд кæна, уый мын-иу радзур.

*Хъуысы хъæлдзæг цагъд.*

*(Уырызмæг хæрæгыл сбадтис æмæ цалдæр хатты рацыдис Ныхасмæ. Адæм (залы цы скъоладзаутæ бадынц) худæгæй гуыбындихтæ кæнынц)*

*Сатана*: Цæй, цы ми кодтой адæм?

*Уырызмæг*: Фыццаг хатт Нарты адæм худæгæй мардысты, уæлæмæ стын дæр нал фæрæзтой.

*Сатана*: Дыккаг хатт та?

*Уырызмæг*: Дыккаг хатт ма чи бахудтис, чи – нал, бирæтæ та мæм смæсты сты, цы рацу-бацу кæны, зæгъгæ…

*Сатана*: Уæдæ æртыккаг хатт та цы уыдис?

*Уырызмæг*: Æртыккаг хатт куы раздæхтæн, уæд мæм кæсгæ дæр ничиуал ракодта.

*Сатана*: Гъе уæдæ мах хъуыддаг дæр афтæ у: ахуддзысты ныл, стæй нæ хъуыды дæр ничиуал æркæндзæнис.

*Хъуысы «Симд»-ы музыкæ: Уырызмæг æмæ Сатана симгæ ацыдысты.*

### 3-аг ныв

*1-аг амонæг:* Дæ намыс калдта арвы бын тæмæн,

Дæ къабæзты ныффидар ис нæртон тых,
Батрадз – дæ ном, ‘мæ а дунейыл дæу
Нæ басастаид хотыхæй зæххон гуырд.

*Слайд Тугъанты Махарбеджы ныв.*

*Хъуысы музыкæ.*

*Сценкæ «Батрадз æмæ Хъулонзачъе Уæйыг».*

*2-аг амонæг:* Нартæн сæ хæхты фæзындис Хъулонзачъе Уæйыг. Сæ фосы сын хизынмæ нал уагъта, хынджылæг сæ кодта. Уæд Нарты хистæртæ бауынаффæ кодтой, куывд саразæм, зæгъгæ, æрхонæм Нарты адæмы æмæ равзарæм фосгæс. Уырызмæг хонджыты арвыста Æртæ Нартмæ дæр.

*(Фынджы уæлхъус лæууынц Нарты адæм æмæ Уырызмæг æлутоны кæхцимæ)*

*Уырызмæг:* Нарты адæмæн фосгæс ацæуынмæ йæ ныфс чи хæссы, уый кувæггаг айсæд! *(ничи йæм цæуы)*

*Уырызмæг:* Ацæут æмæ цъиузмæлæг дæр мауал ныууадзут фæсте! *(æрбакодтой Сырдоны дæр)*

*Уырызмæг:* Чи хæссы йæ ныфс фосгæсæй ацæуынмæ, уый кувæггаг айсæд! *(ничи йæ исы)*

*Сырдон (цингæнгæйæ):* Гъе уый уын кæй федтон, Нарт!

*Уырызмæг:* Исчи ма баззадис Нарты адæмæй æдде?

*1-аг амонæг:* Уæлæ ма иу чысыл лæппу бæгъæввадæй фæнычы хъазы.

*Уырызмæг:* Ацæут æмæ йæ тагъд ардæм æркæнут *(æрбакодтой лæппуйы* )

*Уырызмæг:* Чи ацæудзæн Нартæн фосгæсæй, уый кувæггаг айсæд! *(лæппу сæрæн æвнæлд фæкодта кувæггагмæ)*

*3-аг амонæг:* Дыккаг бон аскъæрдта Батрадз Нарты фос хизынмæ.

*(Батрадз бады хизæны, йæ сæрыл ныммæтхуд, йæ размæ богътæ кæнгæ æрбахæццæ Уæйыг)*

*Уæйыг:* Чи куыдз, чи хæрæг, ам мæ зæхмæ йæ ныфс чи æрбахаста?

*Батрадз*: Куыдз дæр дæхæдæг æмæ хæрæг дæр, кæд дæ сæт цæуыл калыс?

*Уæйыг (хæстæгдæр бацыдис Батрадзмæ):* Лæппу, ды Нарты Батрадзы нæ зоныс?

*Батрадз:* Зонын, бæгуыдæр.

*Уæйыг:* Æмæ уагæр цавæр хъæзтытæ фæкæны?

*Батрадз:* Хæстæгдæр-ма мæм рацу, æмæ дын æй зæгъон.

*(Уæйыг æм хæстæгдæр бацыдис)*

*Батрадз:* Мæнæ ахæм!

*(Уæйыджы йæ быны ракодта æмæ йæ цирхъæй бариуыгъта. Адæм цин кæнынц)*

*1-аг амонæг:* Уæ дæ цæрæнбон бирæ уа, Нарты адæмы чи фервæзын кодта Хъулонзачъе Уæйыгæй!

*2-аг амонæг:* Гъе уый дын нæртон лæппу!

*3-аг амонæг:* Гъе уый дын Батрадз!

*1-аг амонæг:* Батрадзæн иу кафт!

*(Батрадз кафы «Хохаг кафт»)*

### 4-æм ныв

*Слайд Тугъанты Махарбеджы ныв «Нарты куывд».*

*Хъуысы ирон музыкæ.*

*2-аг амонæг:* Хуыдтой йæ буцæн Нарт «фæйнæгфарс»,

Нæ фидыдта æнæ Сосланæй хъазт,
Уыдис-иу хосгæнæг фыртыхстæн,
Æмæ-иу 'рцыдис знаджы фидар саст.

*Сценкæ «Сослан æмæ Челæхсæртæг».*

*Нарт ныхасы бадынц.*

*1-аг лæг:* Цæй, Нарт, цы ног хабæрттæ уæм ис?

*2-аг лæг:* Афтæ фехъуыстон, æмæ, дам, Сослан Бедухайы куры, фæлæ йын æй йæ фыд нæ дætты.

*3-аг лæг:* Чи? Челæхсæртæг?

*4-æм лæг:* О-о… хъал Челæхсæртæг!

*5-æм лæг:* Абон, дам, фæбыцæу сты, чи сæ хуыздæр ракафдзæн, зæгъгæ.

*2-аг лæг:* Челæхсæртæг загъта, кæд Сослан амбула, уæд ын мæ чызджы ратдзынæн, зæгъгæ.

*3-аг лæг:* Сослан та афтæ, Челæхсæртæг куы рамбула, уæд, дам ын, ратдзынæн мæ диссаджы хотыхтæ.

*Сырдон:* Уыдон мæн куы уаиккой…

*4-æм лæг: (æнæрвæссонæй)* Куыннæ, дæумæ куы 'рхаудтой, Гæтæджы фырт!

*Музыкæ. «Ерыс-кафт».*

*1-аг лæг:* Хызы фырт, хорз кафыдтæ, фæлæ дзы Сосланæн æмбал нæ уыдис, æмæ хæснаг уый у *(рахæцыдис Нарты Сосланы уæхскыл)*. Уæдæ, Сослан, амæй фæстæмæ фыддæсны кафæджы ном – дæу!

**5-æм ныв**

*Слайд Тугъанты Махарбеджы нывтæ.*
*Хъуысы хъæлдзæг музыкæ.*
*1-аг амонæг:*
Хуыдтой йæ «бурзачъе фыдлæг»,
Уый кодта Нартмæ ‘дзух хæлæг,
Нывæста Нарты зæххыл хин,
Сæ цинып никуы кодта цин.
*2-аг амонæг:*
Уæддæр-иу Нарт Сырдонæн барстой,
Фыдрæстæг-иу æй арæх фарстой.
Æрцыд-иу райсом бон фæсмонæй, –
Хынджылæг кодта Нарты кадджын номæй.

*Сценкæ «Сырдоны хæрæг»*

*Сыхаг:* Сырдон, гъе, Сырдон, æддæмæ ма ракæс!

*Сырдон (хъуыр-хъуыргæнгæ):* Сырдон дарæг дæ мауал уæд! *(хъæрæй)* Кæцæй фæдæ, кæцæй?

*Сыхаг:* Æфсоны загъд мын мидæмæ уæддæр ракæ…

*Сырдон:* Æмæ дзы мæхæдæг мидæгæй куы ницы арын, уæд дзы ды цы ссаринаг дæ? Цæй, цы та дæ хъæуы?

*Сыхаг (йæ сæр батылдта):* Сырдон, дæ хæрæг ма мын авæр, кæд дзы ницы кусыс, уæд.

*Сырдон:* Уæуу, фæлтау мын мæ мард куы федтаис, æмæ мæм гыццыл раздæр куы ‘рбацыдаис.

*Сыхаг:* Хуыцау бахизæд!

*Сырдон:* Дæ хæдразмæ йыл нæ лæппу хъæдмæ суг ласынмæ ацыдис. (Уыцы рæстæг хæрæг хъæрæй ныуувасыдис)

*Сыхаг:* Худинаг дын нæу, Сырдон… Дæ хæрæг скъæты куы ис, уæд мæ цæмæн сайыс?

*Сырдон:* Æмæ йæ цæмæй зоныс, скъæты ис, уый?

*Сыхаг:* Уæртæ йын йæ уасын нæ хъусын?

*Сырдон:* Нæ фæлæ худинаг дæуæн у, мæныл ма бауæнд, фæлæ цавæрдæр хæрæгыл бауæнд?! *(Йæ къух ауыгъта æмæ ацыдис)*

*Хъуысы музыкæ. Сценæмæ рацыдысты архайджытæ иуууылдæр.*

*Слайд архайджыты ныхæстимæ*

*1-аг амонæг:* Нарт Нарт уæд уыдысты, арв сæ нæрын уæд нæ уæндыди, æмæ мæлын куы зыдтой сæ дзыллæйы сæрыл!

*2-аг амонæг:* Нарт Нарт уæд уыдысты, æмæ нæртон адæймаджы дзыхæй рæстдзинад йеддæмæ куы ницы ирвæзти!

*3-аг амонæг:* Адæмтæ хæлæг уæд кодтой Нартмæ, сæ гуыбыныл хæцын куы фæрæзтой, нозтæй сæхи куы хъахъхъæдтой, сæ зонд, се 'хсар куы нæ састой!

*4-æм амонæг:* Нæ адæм адæм уæд уыдысты, æмæ нæ кæстæр хистæры куы ныммадта, кад ын куы лæвæрдта, кæрæдзимæ куы хъуыстой; сылгоймаджы тыххæй йæ цæсгом куы ничи сæфта!

*1-аг амонæг:* Уæдæ нæ фæсивæд Нарты хуызæн æмзонд, хъæбатыр æмæ хæрзæгъдау куыд уа, ахæм амонд сын Хуыцау раттæд!

*2-аг амонæг:* Нæртон фарнæй хайджын ут!

*Зарынц «Бæрæгбоны зарæг»*

*3-аг амонæг:* Ныр та – симд, фæсивæд, симд! Æрсимæм-ма нæртон симдæй!

*(Архайджытæ иуууылдæр кафынц «Симд»)*

*Кæрон*

***Гагиева Л.А.,***
***учитель осетинского языка и литературы***
***МБОУ СОШ№27 г. Владикавказа***

# ПРОГРАММА КРУЖКА «ЮНЫЙ КРАЕВЕД»

## *Пояснительная записка*

Школьный краеведческий кружок обладает огромным образовательно-воспитательным потенциалом, так как он сохраняет и развивает подлинные исторические знания учащихся. Важно эффективное использование этого потенциала для воспитания учащихся в духе патриотизма, гражданского самосознания, высокой нравственности. Краеведение имеет большое значение в патриотическом воспитании школьников, расширении кругозора, развитии их интеллектуального и творческого потенциала.

Программа кружка «Юный краевед» направлена на изучение истории Северной Осетии-Алании, ее местных событий, явлений в трех временных измерениях: прошлого-настоящего-будущего. Путешествуя по родному краю, изучая памятники истории и культуры, беседуя с участниками и очевидцами изучаемых событий, знакомясь с документальными источниками в музеях и архивах, учащиеся получают более конкретные и образные представления об истории и культуре своего народа. Школьники учатся понимать, как история малой Родины связана с историей России, с историческими, политическими и социально-экономическими процессами, происходящими в государстве и в мире. Накапливая опыт отношений с окружающим миром, ребенок развивается как личность – духовно, интеллектуально, нравственно.

Материалы программы могут быть использованы на уроках истории, родного языка и литературы при изучении тем с использованием краеведческого материала, на внеклассных занятиях. Изучение родного края способствует воспитанию патриотического духа, дает возможность привлечь к поисково-исследовательской работе. Обучение путем открытий – актуальная проблема нашего времени. Она имеет две черты: исследовательскую активность учащихся и самостоятельное приобретение знаний.

Краеведческая работа дает ученикам моральное удовлетворение, способствует быстрому росту чувства человеческого достоинства, внушает веру в творческие силы духа. Материал кружка актуален и современен, позволяет уяснить учащимся важные нормы человеческой жизни, понять, почему мы должны сохранять и преумножать историческое и культурное наследие прошлых поколений.

Программа направлена на воспитание чувства любви к Родине, гордости за своих земляков. В её реализации действует принцип преемственности, что способствует накоплению и систематизации материала. Выполнение программы основано на теоретической и практической деятельности в работе кружка. Это обусловлено его спецификой, необходимостью сбора материала, связанного с историей родного края.

Программа рассчитана на развитие речи учащихся средних классов. Занятия включают теоретическую часть, предусматривающую усвоение детьми необходимых знаний, и практическую часть, предполагающую работу над отдельными источниками, организацию встреч, проведение экскурсий.

В программе кружка дополнительного образования по краеведению представлена система работы с детьми по краеведческому воспитанию школьников.

Предложены разнообразные формы и

методы работы с детьми. Это и целевые прогулки, экскурсии, краеведческий музей, игровые обучающие ситуации.

Чтобы быть достойным гражданином своей Родины, надо, прежде всего, любить, уважать, ценить свою малую родину, жить с природой в мире и согласии.

*Цель кружка:*

Краеведческая поисковая деятельность, направленная на воспитание гражданско-патриотических качеств личности, на познание традиций своего народа, истории родного края.

*Задачи кружка:*

– интегрировать основное и дополнительное образование детей;

– создать максимальные условия для освоения обучающимися духовных и культурных ценностей осетинского народа, их быта и обычаев;

– формировать у обучающихся учебно-исследовательские навыки, навыки проектно-исследовательской работы, подготовки к публичному представлению результатов краеведческого исследования.

*Воспитанники должны уметь:*

– находить и использовать дополнительную информацию о родном крае;

– работать в семейных архивах;

– работать с историческими документами;

– самостоятельно или в группе собирать краеведческий материал для творческой работы;

– оформлять материалы, создавать экспозиции;

– посещать музеи и другие культурные учреждения города.

| № | Наименование раздела | Тема | Форма и содержание занятия | Кол-во часов |
|---|---|---|---|---|
| 1. | ***Введение в краеведение*** | 1. Вводное занятие. Что такое краеведение? | История изучения края. Беседа. | 1 |
| 2. | ***Мой край на карте Родины*** | 1.Северная Осетия-Алания. | Территория и географическое положение Северной Осетии. Составление кратких сообщений, сбор материалов. | 2 |
| 3. | ***Я и моя семья*** | 1. Моя родословная.<br>2. Профессии моих родителей. | Откуда я родом? Составление генеалогического дерева. Лекция о семье (с использованием ИКТ) Игра «Профессии родителей». | 2 |
| 4. | ***Дом, в котором я живу или хотел бы жить*** | 1. Рассказ-описание своего дома.<br>2. Творческая мастерская. | Виртуальная экскурсия по архитектурным памятникам города Владикавказа. Мастер-класс. Проект – изготовление дома моей мечты | 2 |
| 5. | ***Моя улица*** | 1.Улицы нашего города. | Виртуальная экскурсия по улицам города, названных в честь наших земляков. Акция «Познакомь жителей города с историей земляков». Написание эссе «Улица, на которой я живу». | 2 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 6. | ***Наша школа*** | Моя школа. | Творческая мастерская. Знакомство с традициями, историей школы. Встреча с знаменитыми выпускниками школы. Поисково-исследовательская работа. | 2 |
| 7. | ***Моя малая Родина*** | Владикавказ – город воинской славы. | Экскурсия по местам боевой славы. Посещение музея «История Владикавказа». Знакомство с памятниками города и республики. | 3 |
| 8. | ***Природа нашего края*** | 1. Растительный и животный мир нашей республики.<br>2. Природные заповедные места республики.<br>3. Красная книга – важная книга. | Поход в Дендрарий.<br>Акция «Чистый город». Знакомство с Красной книгой Осетии. Написание эссе «Я занес бы в Красную книгу Осетии…» | 5 |
| 9. | ***Таланты РСО-Алании*** | Ими гордится Осетия. | Земляки, прославившие родную Осетию. Посещение творческих выставок, встречи. | 5 |
| 10. | ***Наш край в годы Великой Отечественной войны*** | 1. Герои-земляки<br>2. Труженики тыла.<br>3.Дети войны | Знакомство с героями войны. Форма занятия: видеоурок, встреча, беседа. «Расскажи о своем герое», «Письмо ветерану». Встречи с тружениками трудового фронта, детьми войны. | 4 |

***Список использованной литературы:***

1. Алборов. Музыкальная культура осетин. – Владикавказ, 2004.
2. Айларты Измаил. Ирон фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996.
3. Бзаров Р.С. История об осетинском предании. – Владикавказ, 1993.
4. Дзантиев А. Художники Северной Осетии. – Л., 1988.
5. История Северной Осетии. – Владикавказ, 2004.
6. Кусов Г. Поиски краеведа. Орджоникидзе, 1975.
7. Осетия и осетины. Сост. Челехсаты К. – Владикавказ, С-П., 1994.
8. Уарзиати В.С. Народные игры и развлечения осетин. – Орджоникидзе, 1987.
9. Хрестоматия по истории осетинского народа. – Цхинвал, 1993.
10. Худалов Т.Т. Северная Осетия в ВОВ. – Владикавказ, 1992.
11. Цаллаев Х.К. Традиции и обычаи осетин. – Владикавказ, 1994.
12. Янко М.Я. Литературное краеведение. – М., 1998.

***Хуыдæлты Мæдинæ,***
***Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты ахуыргæнæг***

# ВИКТОРИНÆ «ИРОН ÆВЗАДЖЫ БÆСТÆЙЫ»

*(Абайты Васойы райгуырæн бонмæ)*

***Викторинæйы нысантæ:***

1) фæуæрæхдæр кæнын ахуырдзауты зонындзинæдтæ ирон æвзагæй;

2) рæзын кæнын ахуырдзауты логикон хъуыдыкæнынад, фæхъæздыгдæр кæнын сæ миддуне;

3) рæзын кæнын ахуырдзауты коммуникативон культурæ, уæлдæр кæнын ныхасы рæзты фæлтæрддзинад.

***Æрмæг:*** Васойы портрет, карточкæтæ хæслæвæрдтимæ, видеоæрмæг.

**Разныхас:**

Ирон æвзаджы райрæзтыл æнтыстджынæй чи фæкуыста, ахæм ахуыргæндтæ бирæ ис. Фæлæ се 'хсæн зынгæдæр бынат бацахста стыр ахуыргонд Абайты Васо. Абон йæ райгуырдыл сæххæст 120 азы.

Ирон адæмы гений Абайты Васо кæстæртæн фæдзæхста: «Мæ зæрдæ сриссы, нæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл куы ахъуыды кæнын, уæд. Куыстуæтты æмæ æхсæнадон æмбырдты нæ, фæлæ ма хæдзары, бинонты 'хсæн дæр тæссаг уавæры бахауд. Хъуамæ алчи дæр æмбара, æвзаджы фесæфт кæй у адæмы фесæфт. Нæй æвзаг – нæй адæм. Фæдисы хъæр: не 'взаг бахъахъхъæнæм, бавæрæм æй! Æппæты фыццаг хæдзары, бинонты 'хсæн. Алы хæдзары къулыл дæр хъуамæ фыст уа егъау дамгъæтæй: «Ам иронау (дыгуронау) дзурынц». Ахæм фæдзæхст æмæ зæрдæрисгæ дзырдтимæ Абайты Васо кæстæртæм сидти 1990-æм азты.

Мæ зæрдæ уын зæгъы абон афтæ бакусын ирон æвзагыл, цæмæй Васо цы бæстæйы ис, уырдыгæй уына, – «Ам дзурынц иронау».

**I тур «Чи тагъддæр!»**

1. Чи у Абайты Васо? Кæд æмæ кæм райгуырд?
2. Нарты гуппырсартæ чи сты?
3. Цы ахуыр кæны фонетикæ?
4. Нарты хæцæн бон уыд ....
5. Цавæр хæрзиуджытæ уыдис Васомæ?
6. Цы ахуыр кæны синтаксис?
7. Чи ныффыста уацмыс «Фатимæ» æмæ цавæр æвзагыл?
8. Кæм æвæрд сты Васойæн цыртдзæвæнтæ?
9. Æмбисонд ахæццæ кæнут: «Куыстæн йæ сæр – сындз, …..»
10. Цал дамгъæйы ис ирон алфавиты?
11. Чи сарæзта фæндыр нартæн?
12. Цал азы фæцард Васо? Кæд амард æмæ кæм ныгæд æрцыдис?
13. Æмбисонд ахæццæ кæнут: «Мыст къахта æмæ ….»
14. Цавæр чингуытæ ныффыста Васо?
15. Нарты кадджыты Батрадзы бадæн бынат кæм уыд?
16. Цавæр хæрзиуджытæ уыдис Абайты Васомæ?
17. Чи цагъта Нартæй уадындзыл?
18. Æмбисонд ахæццæ кæнут: «Арв куыд нæры, ….»
19. Лæмæгъ хъæлæсонтæ сты: ….
20. Чи скодта фыццаг хатт бæгæны?

**II тур «Цымыдисаг фæрстытæ»**

1. Кæцы хауæн нæ вæййы фæсæвæрдимæ?
2. Къуырийы бонты кæцыты ис дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ? (дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм)
3. Цы иу кæны ацы дзырдтæ: адæм, зæнæг.

4. Стыр – гыццыл, бæрзонд – ныллæг, хорз – æвзæр, адджын – æнад. Цы сты ранымад дзырдтæ?

5. Дзырды кæцы хай ис ссарæн зæхxы?

6. Цы ис иумæйагæй, хъæды цы бæлас зайы, уымæн æмæ дзырд «бæлас»-æн?

7. Дыгуронау «хуæрæ», иронау та – …..

8. Дзидза дæр у, дур дæр у, зын, хъыг, æвзæр ми дæр. Цы у?

**III тур «Рох дзаумæтты уат» кæнæ «Сау къопп»**

Цавæр уацмысты æмбæлынц ацы дзаумæттæ?

1. Бæласы сыф (аргъау «Фаззæттæ»).
2. Айдæн (аргъау «Арвы айдæн»).
3. Фæткъуы (кадæг «Нарты фæткъуы»).
4. Дыууадæстæнон фæндыр (кадæг «Фæндыр куыд фæзындис»).
5. Ардуан (радзырд «Челе»).

***Цаллагова С.Ю.,***
***учитель МАОУ БСОШ №7***
***г. Владикавказа***

## СЦЕНАРИЙ КЛАССНОГО ЧАСА
## «ЖИЗНЬ КАК ПОДВИГ» (К 120-ЛЕТИЮ В.И. АБАЕВА)

Учитель: Послушайте короткую притчу. Она называется «Белый цветок». Вам надо будет закончить последнюю фразу притчи.

Была у одного народа примета: тот, кто сорвет белый цветок на горе в канун Нового года, будет счастлив. Гора, на которой расцветал цветок счастья, была необычной. Она постоянно сотрясалась, и никто не мог удержаться на ней. Но на каждый Новый год находились смельчаки, которые пытались взойти на эту гору.

Однажды три друга тоже решили попытать счастья. Перед тем, как начать подъём, зашли друзья к мудрецу совета спросить.

– Упадешь семь раз – поднимись восемь раз, – посоветовал им мудрец.

Стали подниматься друзья на гору с разных сторон. Через час вернулся первый юноша, весь в синяках.

– Не прав был мудрец, – сказал он. - Я упал семь раз, а когда восьмой раз поднялся, то увидел, что прошел только четверть

горы. Тогда я решил вернуться.

Второй юноша пришел через два часа, весь побитый, и сказал:

– Мудрец нас обманул. Я упал семь раз, а когда на восьмой раз поднялся, то увидел, что прошел только половину горы. Тогда я решил вернуться.

Третий юноша пришел через день с белым цветком в руках, и на нем не было ни царапинки.

– Разве ты не падал? – спросили его друзья.

– Падал, может, сто раз падал, а может, и больше. Я не считал, – ответил юноша.

– Почему на тебе нет синяков и ссадин? – удивились друзья.

– Перед тем как идти на гору, я научился падать, – засмеялся юноша.

А мудрец сказал:

– Этот человек научился …

*Учитель:* Что сказал мудрец, по-вашему?

*Ответы детей.*

*Учитель:* ...не падать, а подниматься, значит, он достигнет цели в жизни! – сказал мудрец, узнав о юноше.

*Учитель:* Как вы думаете, о чем эта притча?

*Ответы детей.*

Учитель: Большинство людей хотят быстрого успеха, поэтому они склонны бросать начатое дело после нескольких неудач. Достигают вершин лишь те, кто не считает количество своих ошибок, а просто упорно идет к своей цели. Сегодня мы будем говорить о человеке, ученом, известном в научных кругах всего мира. Человеке, который всю жизнь упорно шел к своей цели и достиг ее. А вот узнать, о ком именно пойдет речь, нам поможет следующее задание.

*(Работа в группах. Учитель раздает каждой группе тексты стихов).*

*Учитель:* Внимательно прочитайте стихотворные тексты и найдите подсказки, которые помогут вам раскрыть фамилию, имя, род занятий учёного (дети должны определить, что каждый фрагмент – это акростих).

1. Абсурден этот мир порой… в нем всё не просто,
Бывают взлёты… чаще же паденья…
А человек, тот, кто… ЧЕЛОВЕК,
Ему пытается с рожденья, беря отчаянный разбег,
Всё доказать, что недостин пораженья.

*2.*
Воистину был прав мудрец:
«Атланты – карлики порой»...
Смеётся так над догмами юнец,
Объятый жаждой жизни молодой.

*3.*
Любовь людей, признанье их, как бремя:
И ноша тяжела, и тяжек этот груз…
Несётся скакуном, лихим галопом, время,
Гадать ведь не приходится: какая жизнь на вкус…
Вираж за виражом, вновь поворот за поворотом,
И так за годом год…
Слететь с седла или закончить жизнь полётом
Туда, где звёздный небосвод, где пьедестал воздвиг тебе народ?

*(Акростихи, в которых были зашифрованы слова «Абаев», «Васо», «лингвист»).*

*Слово учителя.* Да, сегодня мы будем говорить об известном учёном-иранисте, лингвисте с мировым именем – Василии Ивановиче Абаеве (в Осетии его больше знают как Васо Абаева), докторе филологических наук, профессоре, действительном члене Королевского азиатского общества Великобритании и Ирландии, члене-корреспонденте Финно-Угорского общества в Хельсинки, почетном члене РАН, лауреате Государственной премии СССР, Заслуженном деятеле науки РСФСР.

В этом году вся научная общественность России и вся Осетия отмечают 120-летие ученого.

Знаете, я хочу вас познакомить с отдельными фрагментами жизни Васо Абаева. Вам предстоит по этим фрагментам биографии заполнить пустые места кластера. Это будут черты характера этого неординарного человека.

***(Работа с кластером)***

Учитель читает фрагменты из биографии Васо Абаева, дети пишут в кластере черты характера.

(Из воспоминаний Казбека Челехсаты и Азалии Григорьевны Цхурбаевой – младшей сестры Ксении Григорьевны, супруги и музы Василия Ивановича Абаева).

1. Родился Васо Абаев в селении Коб, в Тифлисской губернии, в семье простого труженика-горца 15 декабря 1900 года. Матери очень хотелось, чтобы ее сын стал образованным человеком. Васо очень любил свою мать, старался ее не огорчать.

Окончив Тифлисскую гимназию, работал сначала учителем в сельской школе, но не расставался со своей мечтой поступить в Петроградский университет. В 1922 году мечта осуществилась: он стал студентом этого института. А уже в 1924 году вышел в свет первый научный труд студента. Тяжело пришлось в эти годы юноше в большом городе, но Васо не сдавался. Он всегда помнил, что в далеком горном селе, в отцовской сакле, около очага, сидит маленькая хрупкая женщина, которая верит в него. *(Целеустремленность, сыновнее почитание, упорство).*

2. «С момента первого с ним знакомства мне запомнилось его скульптурное лицо, сухой нос, чуть с горбинкой, узкие, твердо вылепленные губы. Обратила я тогда внимание на отсутствие привычки жестикулировать. Руки Василия Ивановича всегда спокойно лежали на кафедре. Речь была окрыленной, каждая фраза отточенной. Он на равных общался со студентами». *(Простота)*

3. Академик В.В. Виноградов сказал о нем: «К Абаеву не подходите с обычным мерилом, он – особая личность. Может быть, особенность В.И. Абаева в том, что он один из тех редких людей, кто, не заигрывая с судьбой, отдавал себя делу настолько, что сама судьба в итоге стала «работать» на него». *(Трудолюбие, преданность делу, неординарность)*

4. «Знания Васо были удивительно обширны. … Эрудиция его была огромна и разнообразна. Затрагивались порой и глобальные вопросы истории, философии, эстетики, с древности до современности. За 75 лет кропотливого, титанического и многогранного труда из-под его пера вышло более 300 научных работ. *(Эрудированность, многогранность)*

5. В редкие моменты променада великий ученый мог часами наблюдать за птицами, слушать их пение, кормить с рук белок; был большим почитателем осетинской и русской классической музыки; любил общаться с детьми и остро переживал, что ему не суждено было испытать радость отцовства. Мог огорошить своих аспирантов тонкими лирическими отступлениями. Как-то раз в весеннее солнечное утро спросил своих учеников: «А у кого из русских поэтов описывается такое же чудесное утро?», – и не дождавшись ответа, стал читать стихи классика. *(Человечность, тонкость восприятия мира, поэтичность)*

6. В 50-ые годы он был в черном списке так называемых «врагов народа» Лаврентия Берии. На заседании Института языкознания Академии наук решалась судьба его не только как ученого, но и как человека. На этом заседании он подробно осветил основные направления своей исследовательской научной работы, после чего на него обрушилась жесткая критика. Все ждали от него раскаяния и самокритики. Один из ведущих заседания предложил ему свои услуги в обмен на раскаяние, произнеся: «Я хочу Вас спасти, оставьте свои заблуждения!» Василий Иванович с возмущением ответил: «Спасибо за сочувствие, но, право, от моей совести меня никто не может спасти, кроме меня самого». С гордо поднятой головой, пройдя через весь зал, он покинул заседание. К его большому удивлению, на выходе его никто не задержал. Наоборот, через несколько дней Васо Абаев получил известие о переводе его в Москву на должность заместителя директора Института языкознания. *(Мужество, гражданственность, принципиальность)*

7. Абаев убедительно доказывает принадлежность осетинского языка к иранской группе индоевропейской языковой семьи. Именно к этой группе принадлежал древ-

ний язык скифов и сарматов. Основным проводником языкового наследия этих племен стали аланы – их прямые потомки, которые, в свою очередь, являются непосредственными средневековыми предками современных осетин. Выстраивает генеалогическую ветвь «скифы-сарматы-аланы-осетины». Сквозь этнолингвистическую историю небольшого кавказского народа собирает как пазл картину целого – загадочного скифского мира. Таким образом, академик Абаев дает ключ к разгадке одной из тайн в истории человечества. *(Новаторство, прозорливость, интуиция, логика)*

8. Как-то на одном из юбилеев кто-то из научной элиты, желая польстить ученому, произнес фразу: «Коста Хетагуров – солнце осетинской литературы, а Васо Абаев – солнце науки». На что ученый весьма резко ответил: «Солнце бывает одно» *(Скромность)*

*Дети читают свои варианты. Учитель делает краткое обобщение:*

Обратите, пожалуйста, внимание на тему нашего классного часа «Жизнь как подвиг». Как вы думаете, что такое подвиг и можно ли применить это понятие к обычной размеренной жизни, скажем, к жизни ученого-языковеда?

*Ответы детей.*

*Дополнения учителя.*

Подвиг – это самоотверженно героический поступок. Поступок имеет большое значение в жизни человека, он может, в какой-то мере, определить человека в целом: его отношение к окружающим людям, к друзьям, самому себе. Поступок – это как решающий шаг, это своеобразный выбор, который человек делает наедине с собой. Такой шаг бывает разным по своему значению, он всегда характеризует человека, говорит о его качествах характера. Но совершить поступок, а тем более подвиг непросто: нужна воля, упорство человека, совесть. Подвиг – это каждодневный труд во благо людей, народа. Подвиг – это преодоление себя, своих сомнений. Подвиг – это отрицание догм и утверждение новой истины. Подвиг – это забыть о своих личных амбициях и помнить о нуждах общества.

*Учитель показывает «Историко-этимологический словарь» В.И. Абаева.*

– Как вы думаете, можно ли назвать служением народу научный труд практически всей жизни человека?

*Ответы детей.*

*Учитель рассказывает, с какими трудностями столкнулся ученый во время работы над словарем, о принципах построения словаря, о неожиданных открытиях ученого.*

Вот что говорил о своем труде сам ученый: «Чувство долга к благородному и любимому делу, святое служение науке стали надежной основой для появления *«Историко-этимологического словаря осетинского языка».* Выход такого глобального научного труда явил целую эпоху в развитии отечественной филологии и языкознания. В словаре Василий Иванович прослеживает генеалогическую ветвь: скифы – сарматы – аланы – осетины, раскрывая этимологию и историю осетинских слов на материале 190 языков мира и связи осетинского языка с иранскими, индоевропейскими, финно-угорскими и другими языками. Как говорил Василий Иванович, «не только народы, но и языки за много веков перемешивались. Теперь другие народы населяют эту землю, но до сих пор называют реки юга Украины и России этимологически скифскими, сарматскими, аланско-осетинскими словами. Скифский мир с его языком и культурой не исчез без следа, он растворился и ушел в нас, в эти обширные пространства, на которых теперь живут другие народы».

*Учитель:* А теперь мы на несколько минут представим себя учеными, и не просто учеными, а лингвистами. Нам предстоит сопоставительный анализ слов. Предлагаю провести небольшой брэйн-ринг по словарю Абаева.

***Вопросы брэйн-ринга:***

1. И в осетинском, и в русском языках это слово означает время года. Оно имеет одни и те же индоевропейские корни и близкое звучание. Что это за слово?

Ответ: **zymёg – zima – зима.**

2. У этого слова очень много разных толкований. Василий Абаев предложил

монгольский вариант: nara – «солнце», т.е. буквально «дети солнца». А кто эти дети?

Ответ: **Nart – Нарты.**

3. В переводе с осетинского языка это слово означает «реветь». От него произошло название одного из месяцев. Кстати, во многих славянских языках этот месяц так и называется: «ревун». Что это за месяц?

Ответ: **ryxæny mæj – сентябрь.**

4. Назовите слово, которое пришло в осетинский язык из русского языка, а в русский – из немецкого. В переводе с немецкого языка это сложное слово означает «год» и «рынок».

Ответ: **armuk'a – ярмарка.**

5. А этот вопрос связан с современными молодежными трендами. В английский язык это слово пришло из тюркских языков, означает «капюшон», а в осетинский язык это слово пришло из иранских языков и в большинстве случаев означает «шлем». О каком слове идет речь?

Ответ: **hoodie – hood – hud.**

*(Определяется победитель игры)*

*(Учитель показывает 2 дерева, одно из которых устойчиво стоит, потому что у него мощные корни, а другое, практически без корней, падает)*

Учитель: Посмотрите на эти деревья и скажите, почему одно дерево крепко стоит, а другое падает? Что символизируют, на ваш взгляд, крона дерева, ствол, корни?

Ответы детей.

Учитель: Корни дерева – это язык народа, ствол – это сам народ, а крона – это обычаи, традиции, мировоззрения. Без корней нет жизни дереву – оно погибает.

Васо Абаев был не только ученым-лингвистом, он был большим патриотом своей малой родины. Принимал близко к сердцу все проблемы, большие и малые. Особенно его удручало то, что во многих осетинских семьях не говорят по-осетински, что дети не владеют родным языком.

Послушайте заповедь Васо:

Мæ кæстæртæм! Мæ зæрдæ риссы, нæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл куы ахъуыды кæнын, уæд. Куыстуæтты æмæ æхсæнадон æмбырдты нæ, фæлæ ма хæдзары, бинонты 'хсæн дæр тæссаг уавæры бахауд. Хъуамæ алчидæр æмбара, æвзаджы сæфт кæй у адæмы сæфт. Нæй æвзаг – нæй адæм. Фæдисы хъæр: не 'взаг бахъахъхъæнæм, бавæрæм æй! Æппæты фыццаг хæдзары, бинонты 'хсæн. Алы хæдзары къулыл дæр хъуамæ фыст уа егъау дамгъæтæй: «АМ ИРОНАУ (ДЫГУРОНАУ) ДЗУРЫНЦ».

(Моим младшим! Мне больно, когда думаю об участи нашего родного языка. Его место не только в служебных кабинетах и на собраниях, но и в быту, в кругу семьи внушает опасения. Гибель языка есть гибель народа – это должен понимать каждый. Нет языка – нет народа. Бью тревогу и взываю: защитим, сохраним наш язык! Прежде всего – дома, в семье. В каждом доме на стене должен висеть плакат, написанный крупными буквами: «ЗДЕСЬ ГОВОРЯТ ПО-ОСЕТИНСКИ!»)

*Учитель:*

Мы завершаем наш разговор. Вспомните еще раз, чем заканчивалась притча?

*Ответы детей:*

Достигают вершин лишь те, кто не считает количество своих ошибок, а просто упорно идет к своей цели.

*Учитель:*

А вы готовы подниматься вновь и вновь, чтобы прийти к своей Мечте?

*Ответы детей.*

Учитель: Важно помнить при этом, что ты, прежде всего человек, не ронять своего человеческого достоинства, чтобы о вас могли сказать: «Он или она талантливый ученый, учитель, врач, инженер, летчик… и прекрасный человек». Не зря народная мудрость гласит: «Завтрашний характер в сегодняшнем поступке».

И хотелось бы, чтобы вы, ребята, приняли близко к сердцу, что именно в каждом сегодняшнем поступке, вашем сознательном выборе решения, как поступить – закладывается завтрашний характер, а значит частичка героического самоотверженного поступка. Не забывайте делать правильный выбор между добром и злом.

Васо Абаев писал: «На каждом из нас лежит долг – делать все от нас зависящее,

чтобы скорее настало царство – царство доброты. Вы спросите, что можно каждому из нас для этого сделать? Ответ очень простой. Прежде всего, быть добрым самому. Будучи добрым, вы будете заражать добром и окружающих. Ведь добро заразительно, гораздо заразительней, чем эгоизм и зло».

Запомните, ребята, слова нашего великого земляка. Я хочу, чтобы мы сегодня закончили наш разговор стихами Р.Киплинга. Называется стихотворение «Заповедь». Оно очень ёмкое и глубокое по смыслу. Это своеобразное напутствие для вас и продолжение темы классного часа. Мне кажется, оно удивительно тонко передает силу духа Васо Абаева. Мы услышим его в оригинале, а также на русском и осетинском языках.

Дети читают стихи:

Владей собой среди толпы смятенной,
Тебя клянущей за смятенье всех,
Верь сам в себя, наперекор вселенной,
И маловерным отпусти их грех;
Пусть час не пробил, жди, не уставая,
Пусть лгут лжецы, не снисходи до них;
Умей прощать и не кажись, прощая,
Великодушней и мудрей других.

Идя с толпой, умей не слиться с нею,
Останься прям, служа при королях.
Ничьим речам не дай звучать слышнее,
Чем голос истины в твоих ушах.
Свой каждый миг сумей прожить во славу
Далекой цели, блещущей с вершин.
Сумеешь – и Земля твоя по праву,
И, что важней, ты Человек, мой сын!

If you can talk with crowds and keep your virtue,
Or walk with Kings – nor lose the common touch,
If neither foes nor loving friends can hurt you,
If all men count with you, but none too much;
If you can fill the unforgiving minute
With sixty seconds' worth of distance run,
Yours is the Earth and everything that's in it,
And – which is more – you'll be a Man, my son!

Хуымæтæг у, сыгъдæгзæрдæ, æргом,
Ды паддзах æви кусæгимæ дзурай,
Дæ разы уа хæлар æви æзнаг,
Уæддæр-иу ма аив дæ уаг,
Æдзухдæр у сæрыстыр, Адæймаг!
Уыдзæнис уæд æрмæст дæ номæн кад,
Уыдзæнис иууыл дуне уæд дæ фаг,
Уæд дзурдзысты дæу тыххæй адæм:
«Лæджы ном уый нæ фæкодта æгад!»

*Учитель:* Думаю, для каждого из нас есть повод задуматься после сегодняшнего разговора, выстроить собственные приоритеты, выверить свои жизненные планы. Всё … в наших руках.

***Рефлексия.***

Учитель предлагает повесить на дерево яблоки.

*Учитель:* Яблоки – символ познания, символ жизненных ориентиров, «Яблоко нартов» – национальная премия в Осетии.

Зелёные – «Мне сегодня было не совсем интересно».

Жёлтые – «Тема классного часа заставила задуматься над какими-то вещами».

Красные – «Хотел бы что-то поменять в себе».

***Заключение.***

# ФÆЛТÆРДДЗИНАД – БАФÆЗМ ÆЙ

***Къæлхидты Эльвирæ,***
***Дзæуджыхъæуы скъола-гимназ***
***«Диалог»-ы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Нывæцæн-радзырд Абысалты Юрийы ныв «Аххосджын»-мæ гæсгæ»***

*Урочы хуыз:* ныхасы рæзтыл кусыны урок.

*Урочы нысантæ:*

1. Базонгæ кæнын радзырды (таурæгъон тексты) композициимæ; сфæлхат кæнын таурæгъон стилы æмæ диалогон ныхасы хицæндзинæдтæ.
2. Фæхъæздыг кæнын скъоладзауты дзырдуат.
3. Гуырын кæнын цымыдисдзинад ирон раивадмæ, уарзондзинад – цæрæгойтæм.

*Урочы фæлгонц:* компьютер (презентаци), интерактивон фæйнæг, нывгæнæг Абысалты Юрийы репродукциты альбом.

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

***1. Мотивацион уавæр.***

Ахуыргæнæджы раныхас:

Зындгонд ирон нывгæнæг Абысалты Юрий йæ иу интервьюйы загъта: «Цæрæгойтæ мæ кæддæриддæр цымыдис кодтой. Нæ хæдзары æдзухдæр уыд куыйтæ. Сывæллонæй семæ бирæ рæстæг æрвыстон. Семæ-иу дзырдтон – уыдон мæ æмбæрстой. Ныры онг дæр хъуыды кæнын мæ алы куыдзы дæр, суанг йе 'ддаг бакаст дæр. Куыдзæн дæр адæймаджы хуызæн йæ бон у худын, æнкъард кæнын, кæуын. Нæ сыхæгты куыдз чи-хуа-хуа-иу мæ куы федта, уæд-иу йæ мидбылты худти».

*Фарст:* Цæуыл дзурдзыстæм нæ урочы? (Абысалты Юрийы сфæлдыстадыл).

*Ахуыргæнæг:* Абон урочы нæ размæ æвæрæм ахæм хæс: Абысалты Юрийы ныв «Аххосджын»-ы бындурыл нывæцæн-радзырд ныффыссынæн æрмæг бацæттæ кæнын (тетрæдты фыссынц нывæцæны темæ).

**II. Зоныдзинæдты актуализаци.**

***1. Радзырды композиционыл куыст (слайд)***

*Къæйттæй куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй нæ хæс нæ къухы бафта, уый тыххæй нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, цы у радзырд. Уæ разы тексты хуызтæ. Ссарут таурæгъон текст æмæ йын йе 'ууæлтæ ранымайут:

1) «Хъусой уыди лæгъзхъуын, стæй хæрзуынд, æмæ йæ бинонтæ тынг бауарзтой, тынгдæр та дыууæ лæппуйы – дæсазыккон Гаппо æмæ астазыккон Сослан. Лæппутæ къæбыламæ зылдысты, æхсырæй йæ хастой, хъазыдысты йемæ. Зæрдæ хъæлдзæгæй рæзыди Хъусой…» (Коцойты А. «Хъусой»)

2) «Астазыккон Черменæн йæ мады ’фсымæр ралæвар кодта хъазæн фæрæт. Чермен йæхицæй хъæддзау акодта æмæ уæртæ фæцæуы. Лæппын фæткъуы бæлæстæй рæсугъддæр чи уыди, уый равзæрста æмæ йæ лыг кæныныл ныллæууыди. Бæлас афæлдæхти. Дыккаг бон Чермены фыд уыди цæхæрадоны. Фæткъуы бæлас калдæй куы федта, уæд рамæсты ис...» (Коцойты А. «Хъæддзау»).

Скъоладзауты хатдзæгтæ: Радзырды æвдыст фæцæуы исты цау. Йæ композицийы хæйттæ: бабаст, архайды рæзт, кульминаци, райхæлд. Фылдæр дзы вæййы мивдисджытæ, мивдисæджы æууæл æвдисæг фæрсдзырдтæ. Сæмбæлæн дзы вæййы монологон, диалогон ныхасы хуызтыл.

**III. Ног æрмæгыл куыст.**

***1. Абысалты Юрийы нывты равдыст (*слайдтæ*).***

1. Уæлæмхасæн фæрстытæ*:*

– Цы æвдыст цæуы нывты? (Адæмы æрвылбоны цард).

– Чи сты Абысалы-фырты нывты архайджытæ? (Хуымæтæг адæймæгтæ, цæрæгойтæ).

– Афтæ зæгъæн ис, æмæ дзы цавæрдæр архайд цæуы? (О. Нывты æвдыст цæуы адæмы архайд)

– Куыд хуыйнынц ахæм нывтæ? (Сюжетон нывтæ).

***2. Развæлгъау хæслæвæрд. Индивидуалон хæс.***

Ахуырдзауы хъусынгæнинаг (дæнцæг). Абысалты Юрийы цард æмæ сфæлдыстадыл афæлгæст (слайд)

Абысалты Юрийы фыццаг сæрмагонд нывты равдыст уыд 1997 азы, Дзæуджыхъæуы. Дыккаг равдыст «С парижским акцентом» – 2010 азы. Абон у Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны кадджын нывгæнæг. Абысалы– фырт йæ нывты æвдисы хуымæтæг адæмы, сæ куыст, сæ фæлладуадзæн рæстæг. Уарзы нæ цыппæркъахыг хæлæрттты ныв кæнын. Йæ нывтæ сты Цæгат Ирыстоны Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы, Третьяковы галерейы, Францы, Германийы, Великобританийы, Япониы, АИШ, Швейцарийы, Испанийы галерейты.

Абысалты Юрий йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй ныв кæнын райдыдта æрæгмæ, 8-æм къласы ахуыргæнгæйæ. Кæддæр æй йе ’мбал йемæ бакодта Цыколайы сывæллæтты галуанмæ ныв кæныны студимæ. Йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ зæрдæргъæвдæй ахуыр кæнын райдыдта. Йæ фыццаг ахуыргæнæг – Андрей Лукич Ткаченко. Абысалыфырт æй абон дæр хæларзæрдæйæ мысы: «Мæ ахуыргæнæг уыд хæстон лæг. Суанг Берлинмæ фæхæцыд. Æрмæст нывкæнынад нын нæ амыдта, фæлæ нæ ахуыр кодта æгъдауыл, намысджын адæймаг уæвыныл».

Скъолайы фæстæ фидæны нывгæнæг ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны аивадон училищемæ. Йæ ахуыргæнджытæ уыдысты зындгонд нывгæнджытæ Саккаты Эльбрус, Бедойты Шалва, Дзантиаты Юрий. 1987 азы Абысалты Юрий фæци Ленинграды Репины номыл живопись, скульптурæ æмæ архитектурæйы институт. Ам студентты æргом фылдæр здæхтой уырыссаг нывгæнджытæ Репин, Суриков, Перовы сфæлдыстадмæ. «Мæнæн та мæ зæрдæмæ тынгдæр цыдысты Ныгуылæн Европæйы нывгæнджытæ, уæлдайдæр та – голландийаг дæсныты пейзажон æмæ жанрон цардыуаджы нывтæ», – мысы нывгæнæг.

Ахуыры фæстæ сыздæхт Ирыстонмæ. Ам кусын райдыдта ЦИПУ-йы аивæдты факультеты. Фæзынд ын хорз ахуыргæнинæгтæ, фæдонтæ. Абысалы-фырт йæ нывты æвдисы реалон царды нывтæ: æрвылбоны цардыуаджы сценæтæ, хъæууон царды нывтæ, бæрæгбонты эпизодтæ. Йæ куыстыты ирдæй зыны ирон национ колорит, нæ культурæ. Аивады дæсныйы нывтæ хæссынц æхсызгондзинад æмæ хъæлдзæгдзинад, гуырын кæнынц хæлар зæрдæйы уаг æмæ фæлмæн мидбылхудт.

***3. Беседæ нывы бындурыл (слайд).***

*Ахуыргæнæг:* Уæ разы Абысалты Юрийы нив «Аххосджын». Чи сты архайджытæ? (Зæронд лæг æмæ куыдз). Нæмттæ сын раттæм (Абысал æмæ Хъусой).

– Архайд нæ рæстæджы цæуы? Цавæр детальтæ «дзурынц» рæстæджы тыххæй? (Архайд ивгъуыд рæстæджы цæуы. Уый бæрæг у Абысалы уæлæдарæсæй).

– Нив сюжетон схонæн ис? Цæмæ гæсгæ? (Ис æй сюжетон схонæн, уымæн æмæ дзы архайд цæуы).

– Цавæр архайд дзы уынæм? (байхъусын дзуæппытæм)

– Нив «Аххосджын» цæмæ схуыдта автор? (Æвæццæгæн, куыдз цыдæр фыдбылыз ракодта).

– Цæй руаджы æвдисы уый нывгæнæг? (Куыдзы гуыры æвæрд, йæ цæстæнгасæй. Абысал куыдзæн уайдзæф кæны, Хъусой йæ рæдыд æмбары, фæсмон кæны).

– Æмæ мæнæ Хъусой аххосджыны лæуд кæны Абысалы раз. Таурæгъон тексты æнæмæнг вæййы æрфысты элементтæ. Кæм сæ спайда кæндзыстæм? (Фæлгонцтыл дзургæйæ).

***4. Сфæлдыстадон куыст (къорды). Нывы персонажты фæлгонцты æрфыст.***

*1-аг къорды хæс:* Æрфыссын Абысалы фæлгонц. Æрдзурын, нывгæнæг Абысалы хъыг куыд равдыста, ууыл, йæ лæуд, йæ цæстæнгас цы амонынц, уыдоныл.

*Æнцойгæнæн дзырдтæ:* нымæтхуд, фæсмын хæдон, уæфсбын дзабыртæ.

(Дæнцæг: «Æфснайд лæг у Абысал. Йæ уæлæ – урс нымæтхуд, цъæх фæсмын хæдон лыстæг сау ронæй æлвæст, уæрæх тар хæлаф. Йæ къæхтыл – морæ цъындатæ æмæ уæфсбын хæцъилдзабыртæ. Абысал, йæ къухтæ йæ синтыл æвæрдæй, æргуыбыр кодта йæ куыдзмæ æмæ йын уайдзæф кæны).

*2-аг къорды хæс:* Бацæттæ кæнын Хъусойы æрфыст.

(Куыд равдыста автор куыдзы зæрдæйы уаг? Цы æвдисынц йæ цæстæнгас, йе 'рфгуыты æвæрд?)

*Æнцойгæнæн дзырдтæ:* фæстаг къæхтæ, фæсмон кæнын, æркъул кæнын, хъусты кæрæттæ, азым æмбарын.

(Дæнцæг: «Хъусой йæ фæстаг къæхтыл æруагъта йæхи. Йæ сæр æркъул кодта. Йæ лæуд, йæ цæстæнгас æвдисынц стыр фæсмон. Йе 'рфгуытæ – уæлæмæ ист, йæ хъусты кæрæттæ – бынмæ уагъд, афтæмæй йæ хицауы раз лæууы. Йæ азым æмбары, фæлæ ма ныр цы?..»)

***5. Фронталон бафарст:***

– Сымахмæ гæсгæ, цавæр ахаст ис зæронд лæгæн куыдзмæ? Хæлæрттæ схонæн сæ ис æви нæ? (Хуызæг: «Абысал, йæ къухтæ йæ синтыл æвæрдæй, æргуыбыр кодта йæ куыдзмæ æмæ йын уайдзæф кæны. Цæвгæ йæ никуы ныккодта, уый бæрæг у: Хъусой нæ бамбæхст, йæ разæй нæ лидзы, тæрсгæ дзы нæ кæны. Æмбары, йæ хицау та йын кæй ныххатыр кæндзæн. Мæн уырны, кæрæдзийыл æнувыд кæй уыдысты кæддæриддæр, уый»).

– Куыд уæм кæсы, цавæр у нывы сæйраг хъуыды? (Зæгъæм: «Мæнмæ гæсгæ, йæ азым чи бамбары, уымæн хатыр кæнын хъæуы») *(слайдтæ)*

– Цæй руаджы равдыста Абысалты Юрий йæ куысты сæйраг хъуыды? (Персонажты лæуд, сæ цæстæнгасы руаджы).

**IV. Улæфты рæстæг.**

**V. Нывæцæныл куыст.**

***1. Нывæцæнæн пълан цæттæ кæнын.***

Иумæйаг куыст нывæцæны пъланмæ гæсгæ:

*1. Бабаст. Абысал нурыйы хуым бакодта.*

– Кæд æмæ куыд уыдаид, нывы цы цау æвдыст æрцыд, уый райдайæн?

(Дæнцæг: «Иу фæззыгон хъарм бон Абысал йæ нурыйы хуым бакодта. «Ныр мын цæхæрадоны уалдзæгмæ куыст нал ис», – афтæтæ дзургæ, кæртмæ рацыд æмæ йæхи бæласы бын æруагъта»).

*(слайдыл – æнцойгæнæн дзырдтæ: иуахæмы, иу бон, иу хатт, кæддæр).*

*2. Архайды рæзт. Кæрчытæ хуым скалдтой æмæ сæ Хъусой асырдта.*

– Дарддæр куыд цæуы архайд?

(Хуызæг: «Уалынмæ райхъуыст кæрчыты удаист хъæр. Абысал фехъал, фæгæпп

кодта æмæ цæхæрадоны 'рдæм атындзыдта. Кæсы, æмæ йæ куыдз Хъусой кæрчыты расур-басур кæны. Йæ нурыйы хуым ын сызмæстой»).

*(слайдыл – æнцойгæнæн дзырдтæ-фæрсдзырдтæ: æвиппайды, уæд, уалынмæ, уыцы афон).*

*3. Кульминаци. Абысал уайдзæф кæны Хъусойæн.*

– Куыд уайдзæф кæны хицау йæ куыдзæн? Монолог æрхъуыды кæнут æмæ йæ афæзмут.

(Хуызæг: «Абысал смæсты йæ куыдзмæ æмæ йын уайдзæф кæны: «Цы бакуыстай, Хъусой?! Æркæс-ма хуыммæ! Мæ нурытæ хуымы уæле куы фесты! Тæригъæд дæр мын нæ кæныс?! Мæ фыдæбон мын куы дфæзæгъæл кодтай… Хъусой фæсмонæй йæхи хæры»).

– Уæ сочиненийы ацы хайы лæмбынæг æрфыссут Хъусойы фæлгонц.

*4. Райхæлд. Хæлæрттæ кæрæдзи бамбæрстой.*

– Куыд хъуыды кæнут, цæуыл фæцис ацы цау? (Абысал бамбæрста, Хъусой кæрчыты цæхæрадонæй кæй сырдта, уый. Хъусой йæ разæй нæ лидзы. Æмбары, йæ хицау та йын кæй ныххатыр кодта йæ рæдыд, уый).

*(слайдыл – æнцойгæнæн дзырдтæ, дзырдбæстытæ: уæдæй фæстæмæ, афтæмæй, ныртæккæ дæр ма, гъе афтæ).*

***2. Дзырдуатон куыст.***

– Цæмæй нæ радзырд цымыдисаг æмæ аив рауайа, уый тыххæй ма нæ хъæуы дзырдуатон куыст бакæнын (слайд).

*Хæс:* Фыццаг цæджындзы дзырдтæм дыккаг цæджындзы ссарын синонимтæ:

| | |
|---|---|
| Нывгæнæг | хуыз |
| Ахорæн | автор |
| Ныв | цыппæркъахыг |
| Куыдз | азым |
| Аххос | кæттаг |

*Хæс:* Бамбарын кæнын фразеологизмтæ, семæ хъуыдыйæдтæ ныффыссын (слайд):

Фæсмонæй хи хæрын – .... (истæуыл тынг мæт кæнын);

Зæрдæ мæстæй атыппыр – …. (тынг смæсты уæвын);

Хорзау нал фæци – …. (æнæнхъæлæджы истæй тыххæй фефсæрмы кæнæ фергъуыйау уæвын).

*Хæс:* Ахæццæ кæнут уавæрæвдисæг æмнысаниуæг мивдисджыты рæнхъ (слайд):

хъынцым кæнын – …. (тыхсын, катай кæнын, хи æфхæрын, фæсмон кæнын …);

уайдзæф кæнын – …. (æфхæрын, хыл кæнын, загъд кæнын …).

***3. Фæлварæн куыст.*** Байхъусын скъоладзауты кæнæ ахуыргæнæджы фыст радзырдмæ. Сочинени-радзырд (дæнцæг).

Иу фæззыгон хъарм бон Абысал нурыйы хуым бакодта. «Ныр мын цæхæрадоны уалдзæгмæ куыст нал ис»,– афтæтæ дзургæ кæртмæ рацыд æмæ йæхи æруагъта бæласы бын къæлæтджыныл. Æфснайд лæг у Абысал. Йæ уæлæ урс нымæтхуд, цъæх фæсмын хæдон лыстæг сау ронæй æлвæст, уæрæх тар хæлаф. Йæ къæхтыл – морæ цъындатæ æмæ уæфсбын хæцъилдзабыртæ. Фæллад уыд урсрихи зæронд лæг, æмæ йыл хуыссæг уайтагъд фæтых.

Уалынмæ райхъуыст кæрчыты удаист хъуыдатт. Абысал фехъал. «Цавæр хъæлæба у уый?» Зæронд лæг фæгæпп кодта æмæ цæхæрадоны æрдæм атындзыдта. Кæсы, æмæ йæ куыдз Хъусой кæрчыты рассур-бассур кæны. Йæ нурыйы хуым ын сызмæстой!

– Хъусой, Хъусой, æнаккаг! Ныууадз кæрчыты! Цы бакуыстай уый?!

Абысал йæ хуыммæ куы æркаст, уæд йæ зæрдæ фырмæстæй атыппыр. Хъусой йæ хицауы цæсгом куы ауыдта, уæд хорзау нал фæци. Бамбæрста, цыдæр раст нæ бакодта.

– Цы бакуыстай, Хъусой?! Æркæс-ма хуыммæ! Мæ нурытæ хуымы уæлæ куы фесты! Тæригъæд дæр мын нæ кæныс?! Мæ фыдæбон мын дзæгъæлы куы фæкодтай!

Хъусой йæ фæстаг къæхтыл æруагъта йæхи. Йæ сæр æркъул кодта. Йæ лæуд, йæ цæстæнгас æвдисынц стыр фæсмон. Йе 'рфгуытæ уæлæмæ ист, йæ хъусты кæрæттæ бынмæ уагъд, афтæмæй йæ хицауы раз лæууы. Йæ азым æмбары, фæлæ ма ныр цы?

Абысал, йæ къухтæ йæ синтыл æвæрдæй, æргуыбыр кодта йæ куыдзмæ æмæ йын уайдзæф кæны. Цæвгæ йæ никуы ныккодта, хæринаг цух æй никуы ныууагъта, кæрæдзийыл æнувыд уыдысты кæддæриддæр.

– Цæхæрадонмæ та куыд ахызтысты уыцы кæрчытæ? Ævæццæгæн мын дуар гомæй аззад, æмæ уым смидæг сты?

Ныр бамбæрста Абысал, Хъусой ын æххуыс кæй кодта, кæрчыты цæхæрадонæй кæй ссырдта, уый.

– Хъусой, бахатыр кæн. Ævæццæгæн, мæхи аххос у. Фæлæ мæ райхъал кодтаис… Æнхъæлдтай, æнæ мæн сæ ратæрдзынæ, нæ? Гъе, мæ дзæбæх куыдз Хъусой, мæ дзæбæх æмбал. Хæрзаг, хъуыды кæныс: «Хорз ма ракæн, æмæ фыд ма ссарай». Афтæ дæр вæййы, мæ лымæн…

Афтæ дзургæйæ, Абысал йæ хуым æфснайын райдыдта. Хъусой йæ разæй нæ цæуы. Æмбары, йæ хицау та йын кæй ныххатыр кодта йæ рæдыд.

**VI. Рефлекси.**

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, урочы уæ къухы цы бафтыд?

*Дзуæппытæ:*

– Базонгæ стæм Абысалты Юрийы сфæлдыстадимæ, йæ нывтимæ.

– Равзæрстам ныв «Аххосджын»;

– Нæ зæрдыл æрлæууын кодтам радзырды арæзт, сочиненийæн æрмæг æрæмбырд кодтам.

*Ахуыргæнæг:* Æз разы дæн уæ куыстæй. Сымах та? Алчи дæр уæ равзарæд, урочы куыд куыста, уый бæрæггæнæг фразеологизм: хъустæ æмæ цæстытæ фестадтæн, мæ сæр дæр нæ аныхтон, зонд нæ хæлæг кодтон, бандон нæ фезмæлын кодтон, айк мæцъисæй фæлдæхтон, мæ базыртыл схæцыдтæн.

**VII. Хæдзармæ куыст.**

Абысалты Юрийы ныв «Аххосджын»-мæ гæсгæ ныффыссын нывæцæн-радзырд.

***Къæлхидты Эльвирæ,***
***Дзæуджыхъæуы скъола-гимназ***
***«Диалог»-ы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Нывæцæн-æрфыст Абысалты Юрийы ныв «Насджынæн»-мæ гæсгæ»***

*Урочы хуыз:* ныхасы рæзтыл кусыны урок.

*Урочы нысантæ:*

1. Бацæттæ кæнын ахуыргæнинæгты нывæцæн-æрфыст фыссынмæ; сфæлхат кæнын текст-æрфысты æууæлтæ, сбæрæг кæнын, автор йæ хъуыды равдисынæн цы мадзæлттæй пайда кæны, уыдон.

2. Ныхасы рæзтыл бакусын; фæхъæздыг кæнын скъоладзауты лексикæ адæймаджы сурæт æвдисæг дзырдтæй.

3. Гуырын кæнын цымыдисдзинад ирон аивадмæ, хъомыл кæнын удварны хæзнатæ: уарзондзинад, æнгомдзинад, хæлардзинад.

*Урочы эпиграф:*

*Лæгмæ куыд фæцæуы цæрын,*
*Куыд рæсугъд æм фæкæсы дуне,*
*Куы фенай хорз адæймаг.*
*Тын*
*Цыма ныххауы риумæ хурæй…*

Дзаболаты Хазби

**Урочы цыд:**

**I. Бац**æттæгæнæн рæстæг.

*1. Мотивацион уавæр.* Скъоладзауты сразæнгард кæнын урочы архайынмæ.

*Ахуыргæнæг:* Урочы эпиграфыл бакусæм. Ахъуыды-ма кæнут, абон уын кæй уынд уыд æхсызгон? Цы банкъардтат? (Байхъусын дзуæппытæм).

– Мæнæн та æхсызгон у уæ фенд. Урокмæ уын бацæттæ кодтон диссаджы фембæлд. Экранмæ ракæсут.

– Цæуыл дзурдзыстæм абон нæ урочы? (Кусдзыстæм нывмæ гæсгæ).

**II. Зонындзинæдты актуализаци.**

*1. Урочы нысан сбæрæг кæнын.*

*Ахуыргæнæг:* Нывты равдысты куы вæййæм, уæд нын экскурсигæнæг цы фæдзуры? (Радзуры нын нывгæнæджы царды тыххæй, базонгæ нæ кæны йæ нывтимæ æмæ а. д.).

– Абон нæхи бафæлварæм экскур-сигæнæджы бынаты. Æнцон хæс нæу, фæлæ хъуамæ нæхи бацæттæ кæнæм Абысалты Юрийы ныв «Насджынæн»-мæ гæсгæ нывæцæн-æрфыст фыссынмæ.

*(Тетрæдты фыссынц урочы темæ)*

*2. Сбæрæг кæнын развæлгъау лæвæрд хæс.*

*Ахуыргæнæг:* Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут æрфыстон тексты æууæлтæ. Куыд арæзт цæуы? (Æвдыст дзы цæуынц æрдзы фæзындтæ, адæймаджы æддаг бакаст æмæ йæ миниуджытæ, алыхуызон предметтæ. Æрфысты фылдæр æмбæлынц номдартæ æмæ миногонтæ, нывæфтыд цæуы эпитеттæй, метафорæтæй, абарстытæй).

– Мах зонгæ стæм Абысалы-фырты сфæлдыстадимæ. Уæ зæрдыл цы бадардтат? Цавæр куыстытæ? (Абысалты Юрийы фыццаг сæрмагонд нывты равдыст уыд 1997 азы, Дзæуджыхъæуы. Дыккаг равдыст, «С парижским акцентом», – 2010 азы. Абон у Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны кадджын нывгæнæг. Абысалы – фырт йæ нывты æвдисы хуымæтæг адæмы, сæ куыст, сæ фæлладуадзæн рæстæг. Уарзы нæ цыппæркъахыг хæлæртты фыссын. Йæ нывтæ сты Цæгат-Ирыстоны Тугъанты Махарбеджы

номыл аивадон музейы, Третьяковы галерейы, Францы, Германийы, Великобританийы, Японы, АИШ, Швейцарийы, Испанийы галерейты).

– Чи сты йæ куыстыты сæйраг архайджытæ? (кусæг адæм, цуанон, фыййау, зæронд лæгтæ; йæ нывты арæх æвдисы куыйты, хæдзарон фосы).

– Абысалты Юрийы къухайстæн фæхæццæ кæнæн нæй. Цæмæй хицæн кæны?

**III. Нывы æрфыстыл куыст.**

*1. Индивидуалон хæс.* Цыбыр хъусынгæнинаг «Нывгæнæджы аивадон здæхт»

Абысалты Юрийы сфæлдыстад хаст цæуы примитивизмы, адæмон «наив»-ы здæхтмæ.

«Примитивизм, наивное искусство, наив – стиль живописи, в котором картина намеренно упрощается, её формы делаются примитивными, как народное искусство, творчество ребёнка или первобытного человека. У истоков европейского примитивизма стояли Гоген, Матисс». (Википедия)

Нывгæнæг йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй «баиу кодта дунеон фæл-тæрддзинад æмæ ирон адæмон културæ, нæ традицитæ. Аивæдты бастдзинад сæвзæрын кодта ног тыхджын скъола – жанрон националон нывкæнынад».

Абысалы-фырты жанрон нывкæнынад у реалистон, æвдисы æрвылбоны царды нывтæ. Уæлдай уарзондæр сты бæрæгбонты, базары æмæ уынджы сценæтæ. Наив стилы уырыссаг нывгæнджытæй мæ зæрдæмæ фæцыдысты Игорь Бердышевы нывтæ *(равдисын сæ слайдтыл)* «Танцующие берёзки» æмæ «Рябина под снегом», Дмитрий Холины «Гусиные бои в Суздале», «Вербное воскресенье». Фæлæ мæм ирддæр, стæй цымыдисагдæр кæсынц Абысалты Юрийы нывтæ.

*2. Нывгæнæджы куыстыты равдыст. (Равдисын слайдтæ йæ нывтимæ)*

– Примитивизмы æууæлтæ уынут Абысалы-фырты куыстыты? *(Æрвылбоны цау, хуымæтæг сюжет).*

– Цавæр æнкъарæнтæ уæм гуыры нывтæм кæсгæйæ? *(Байхъусын дзуæппытæм)*

*3. Проблемон уавæр (Цæлхдур аиуварс кæныныл куыст).*

– Абысалты Юрий йæ нывты адæймаджы æвдисы, йæ алыварс цы материалон предметтæ ис, уыдонæй стырдæрæй. Цæмæн? Куыд уæм кæсы? *(Уæлвонг кæны адæймаджы).*

– Йæ бирæ нывты фон у æгæрон арв. Цы амоны нывгæнæджы сфæлдыстады? Куыд уæм кæсы? *(Мæнмæ гæсгæ, нывгæнæг æвдисы, дунейы тыгъдады адæймагæй вазыгджындæр кæй ницы ис, уый. Уымæн лыстæг сты Абысалы-фырты нывты материалон предметтæ. Фыццагдæр, ахадгæдæр адæймаг у зæххыл, æмæ йæ хъæуы бæрзонд æвæрын).*

*4. Беседæ нывы бындурыл.*

– Цавæр у Абысалты Юрийы ныв «Насджынæн»-ы цы хуымæтæг адæймаджы фæлгонц æвдисы, уый? *(слайдыл ныв равдисын)*

– Цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы нывы? *(Зымæг, зымæгон изæр).*

– Цавæр сты зымæгон изæртæ? *(даргъ, æнкъард, æвдæлон).*

– Равзарæм нывы композици. Æркæсæм раззаг пъланмæ. Кæй æрфыста автор? (Зæронд лæджы). Ном ын раттæм. *(Темыр).*

– Цæмæй фæлгонц æххæст уа, уый тыххæй цы равдисы фыссæг кæнæ нывгæнæг? *(æддаг бакаст, гуыры конд, цæстæнгас, дарæс).*

– Темыры фæлгонц æрфыссæм. Цæмæй ацы куыст нæ къухы бафта, уый тыххæй спайда кæнут лæвæрд æнцойгæнæн дзырдтæй *(æвдисы сæ слайдыл, тетрæдты сæ фыссынц).*

Æнцойгæнæн дзырдтæ:

а) Темыры уды конд: зæрдæхæлар, хъæлдзæг, рæдау, фæлмæн, æнувыд;

æ) цæсгом: райдзаст, циндзаст, тымбылгомау;

б) гуыры конд: мызыхъхъ, рæстæмбис;

в) дарæс: уæлфадджын дзабыртæ, фæсмын хæлаф (салбар), рæтыд бæмбæдджджын;

г) хъæу: урс-урсид адардта, дыууæуæладзыгон хæдзæрттæ, миты хъæпæнтæ.

(Нывы астæу – зæронд ирон лæг Темыр. Йæ цæсгом – тымбылгомау, хæмпус; урс даргъ рихитæ. Нарæг гыццыл цæстытæ худынц. У рæстæмбис. Йæ сæрыл сау хъус-

джын худ, йе 'рфгуытыл ныллæг конд. Йæ хъустæ йын худ фæгуыбыр кодта. Йæ уæлæ бурбын хæдон æмæ бæмбæдджджын. Хихуыд уæлфадджын дзабырты уæрæх хæлаф (салбар) тъыст.)

– Кæдæм цæуы Темыр? (Йæ къухы стыр сырхбын бур нас. Æвæццæгæн йæ насты стырдæр равзæрста æмæ уазæгуаты фæцæуы йæ зæронд æрдхордмæ).

– Æддаг бакасты фæрцы нæ бон у Темыры миддуне «фенын»? Цавæр адæймаг у Темыр? Куыд уæм кæсы?(Рæдау, хъæлдзæг, хæларзæрдæ, дзырдарæхст, хъазаг).

– Цæй руаджы æвдисы нывгæнæг фæлгонцы миддуне? (Æфснайд йæ конд, фæлмæн мидбылхудт, зæрдæхæлар цæстæнгас).

– Нывы фæстаг хайы та цы уынæм? Куыд æвдисы арв автор? (Арвы æгæрон тыгъдад. Арвыл стъалытæ тыбар-тыбур кæнынц. Раст Темыры цæстытæ дæр афтæ æрттивынц). Арв у цъæхбын тар ахорæнтæй фыст).

– Цы уынæм Темыры фæстæ? Хъæу куыд æрфыста нывгæнæг? (Бæстæ иууылдæр митæй æмбæрзт, цъиуызмæлæг никуы ис. Сыхбæстæ ныгъуылынц миты хъæпæнты. Бæрзонд дыууæуæладзыгон хæдзæрттæ, сæ сæрмæ фæздæг раст ныллæууыд. Бирæ рудзгуытæй рухс кæлы. Рæхснæг бæлæстæ, цыма сæ урс худтæ æркодтой, афтæмæй лæууынц).

– Изæр куы у, уæд рухс кæцæй цæуы? (Мæйы рухсмæ æрттивынц хæдзæртты сæртæ, бæлæстæ, мит, Темыры цæсгом).

– Чи зоны, авторы фæндыдис зæгъын, рухс Темыры зæрдæйæ дæр кæй цæуы? Гæнæн ис?

– Цы у æви чи у сæйрагдæр нывы? Цæмæй бæрæг у?(Сæйрагдæр у Темыр, адæймаг. Нывгæнæг æй ракодта размæ, бæрзонд æй систа, йæ бынмæ сты хæдзæрттæ).

– Цавæр ахорæнтæй пайда кæны автор? (Нывы фылдæр ис рухс, кæд изæрыгон æвдыст цæуы, уæддæр. Фылдæр дзы ис бурбын, сырхбын бур ахорæнтæ, кæцытæ хæссынц хъарм. Урс, æрвхуыз хуызтæ та дзурынц, уазал æхсæв кæй у, ууыл).

– Цавæр зæрдæйы уаг уæм фæзынд нывмæ кæсгæйæ? Цæуыл хъуыды кæнут? (Мæ мидбылты худт нæ хизы мæ цæсгомæй, æхсызгондзинад, æхцондзинад, фæнды мæ Темырыл амбæлын).

– Ахæм адæймаджы рæзты æнæ сдзургæйæ уæ бон ахизын бауыдзæн?

– Æмæ йын цы зæгъиккат? (Дæ изæр хорз. Æххуыс дæ нæ хъæуы?)

– Абысалты Юримæ гæсгæ, цавæр хъуамæ уа адæймаг? (Хæларзæрдæ, рæдау, хъæлдзæг, рухсзæрдæ).

*5. Дзырдуатон куыст. (Тетрæдты куыст)*

Баив хæстæг дзырдтæй *(дзырдтæ æвдыст цæуынц слайдыл):*

Абысалы-фырт – нывгæнæг, аивады дæсны, автор.

Æнкъарæнтæ – зæрдæйы уаг, зæрдæйы равг, уагахаст, чем.

Фыссын – æвдисын, пайда кæнын, æргом кæнын.

*6. Баив фразеологизм синонимон дзырдбастæй:*

цъиуызмæлæг никуы ис – ничи ис дæ алыварс;

афтид армæй – æнæ мулк, кæмæ ницы ис, ахæм.

*7. Баххæст кæн хъуыдыйад:*

Абысалты Юрий йæ ныв фыссы … ахорæнтæй: сырхбын бур, фæлурс морæ, бурбын хуызтæй.

*8. Сфæлдыстадон куыст. Базон литературон фæлгонцы. Къæйттæй куыст.*

– Фыссæг та цæмæй пайда кæны литературон фæлгонц нывæндгæйæ? (Эпитеттæй, абарстæй, метафорæйæ). Ссарут сæ æрфыстыты.

1. «Уый уыди мæллæггомау, фæлæ уæхскджын, бæзæрхыг æмæ хъæддыхамад ирон лæг. Цыбыр цъæх цухъа хорз фидыдта хæрзконд уæнгтыл. Сауарæзт фæтæн хъама хуымæтæджы гæрзын роныл ауыгъд. Иннæрдыгæй дамбаца, йæ фæсуæхсчытæй зынди магазинкæ, иу хъатара астæуыл баст, иннæ хъатара — дæлармуæларм ист». *(Коцойты Арсен. «Хæлæрттæ », Батырбег)*

2. «Сауджын Иосебы чи нæ зоны æгас комы! Йæ рустæ фырнæрдæй æддæмæ ратонынц, дардмæ æрттивынц, йæ гуыбын, авд мæйы сывæрджын цы ус вæййы, уый гуыбынæй стырдæр. Адæм ма ныхасы дæр ра-

кæнынц Иосебы гуыбыны кой, фæзæгъынц: раст уæртæ Иосебы гуыбыны йас, зæгъгæ. Иосеб тынг уарзы карчы фыд, уарзы хуыйы фыд дæр, фæлæ уæддæр карчы базыртæм æмæ сгуытæм куыд æмхиц у, афтæ ницæмæ у. Искуы, хисты кæнæ куывды уæвгæйæ, комкоммæ фæзæгъы: сгуытæ æмæ базырты ардæм рахæссут!» (Коцойты Арсен. «Гигойы куадзæн», сауджын Иосеб).

3. «Дари æмæ зæлдаджы фæлыстæй бадти къæлæт бандоныл Биганон. Сæвджын ус у Биганон… бæрзæй [ын] нæ уыди æппындæр: сæр цæрдæвæрдау зынди гуырыл. Чи зоны, исчи уыдаид Беслæныхъæуы æмæ федтаид фæззыгон цæттæ настæ. Вæййы дзы сырхбын бур настæ, афтæ дыууæ путмæ æввахс сæ уæз. Уыдонæй иу æрæвæр хосы мæкъуылы сæр, уæд уый дардæй бакæсгæйæ уыдзæн Биганоны хуызæн. Биганонæн ис худгæ гыццыл цæстытæ. Чи зоны, уыцы цæстытæ фыццаг афтæ гыццыл нæ уыдысты, фæлæ сæ нард алырдыгæй куы балхъывта, уæд ма сæ зынди уынгæг дыууæ хуынчъы. Былтæ дæр уыдысты нарст фырнæрдæй æмæ сыл æдзух бадти æмхуызон мидбылты худт». (Коцойты Арсен. «Дадолты мæт», дæсны Биганон).

**VI. Нывæцæнæн пълан аразыныл куыст.** *(слайд)*

*Пълан:*

1. Разныхас. Хуымæтæг адæймаг Абысалты Юрийы нывты.

2. Сæйраг хай:

а) Темыры фæлгонц (цæсгом, цæстæнгас, гуыры конд, дарæс);

æ) арв;

б) зымæгон хъæу;

в) ахорæнты нысаниуæг.

3. Кæронбæттæн. Цавæр æнкъарæнтæ гуырын кæны ныв?

– Куыд райдайæн ис нывæцæн? (Варианттæ: «Мæнæн мæ зæрдæмæ тынг цæуынц Абысалты Юрийы нывтæ. Уарзæгой цæстæй кæсы алы адæймагмæ, æргом ын кæны йæ уды рæсугъддзинад…» Кæнæ: «Абысалты Юрий у зындгонд ирон нывгæнæг. Йæ аивады баиу кодта дунеон фæлтæрддзинад æмæ ирон культурæйы æууæлтæ… »)

– Сæйраг хайы цæуыл æрдзурдзыстæм? (Нывы цы уынæм, ууыл).

– Цавæр уыдзæн нывæцæны кæрон? (Мæнæн мæ зæрдæ агайы Абысалты Юрийы нывв «Насджынæн». Уый хæссы хъарм æмæ æхсызгондзинад. Адæймаджы кæны рæсугъд æмæ бæрзонд. Æз кæсынæй не 'фсæдын дæсны авторы фæлгонцтæм).

**VII. Фæлварæн куыст (1-2 скъоладзауы дзурынц сæ нывæцæнты дæнцæгтæ).**

**VIII. Рефлекси.**

*Ахуыргæнæг:* Раздæхæм нæ урочы эпиграфмæ. Исчи уын батавта уæ зæрдæ нæ урочы?

Цы зæгъиккат нывгæнæгæн, куы йыл амбæликкат, уæд? *(Дæ нывтæм кæсынæй не 'фсæдын. Стыр бузныг…)*

– Кæд уын уæ зæрдæ барухс кодта Абысалы-фырты фæлгонцимæ фембæлд, уæд ахæццæ кæнут ацы хъуыдыйад: «Куыд хорз у…» *(слайд)*

**IX. Хæдзармæ куыст.**

Лæвæрд æрмæгæй пайда кæнгæйæ, Абысалты Юрийы нывв «Насджынæн»-мæ гæсгæ ныффыссын нывæцæн-æрфыст.

**Нывæцæн-æрфысты дæнцæг**

Абысалты Юрий у зындгонд ирон нывгæнæг. Уарзæгой цæстæй кæсы хуымæтæг адæймагмæ, æргом ын кæны йæ уды рæсугъддзинад.

Мæ размæ ис Абысалы-фырты нывв «Насджынæн». Автор нын æвдисы зымæгон уазал изæр. Кæттаджы астæу зæронд ирон лæг. Мызыхъхъ, рæстæмбис гуырыконд. Темыры цæсгом у рухс æмæ райдзаст. Урс даргъ рихиты бынæй йæ мидбылты худы. Йæ нарæг худгæ цæстытæ æрттивынц. Темыр йæ хъусджын худ ныллæг æркодта йе 'рфгуытыл. Йæ хъустæ фæгуыбырсты худы бын.

Зæронд лæг у хъарм конд: бурбын хæдоны æдде æрбакодта рæтыд бæмбæдджын, фæсмын хæлаф (салбар), уæлфадджын хихуыд дзабыртæ. Биноныг æфснайд. Йæ къухы та стыр тымбыл нас. Æвæццæгæн æй йæ лымæнтæ фæхуыдтой, æмæ рараст

дыууæ изæры астæу йæ хæдзарæй. Афтид къухæй куыд бацæуа, æмæ йæ насты егъаудæр йæ хъæбысы рахаста.

Мæнмæ гæсгæ, хъæлдзæг лæг у Темыр. Йæ цæсгом циндзаст, æнувыд цæстæнгас. Бæрæг у, фæлмæнзæрдæ æмæ рæдау кæй у, алы хæдзары дæр бæллиццаг уазæг, уый.

Кæттаджы фæстаг хайы нывгæнæг æвдисы æгæрон арв. У цъæхбын тар ахорæнтæй фыст. Æрттивынц стъалытæ раст Темыры цæстытау. Бындæр зыны зæронд лæджы сыхбæстæ. Бæстæ ииуыл митæй æмбæрзт, цъиуызмæлæг никуы ис. Бæрзонд дыууæуæладзыгон хæдзæртты сæрмæ фæздæг раст ныллæууыд. Бирæ рудзгуытæй рухс кæлы. Рæхснæг бæлæстæ, цыма сæ урс худтæ æркодтой, афтæмæй лæууынц.

Нывгæнæг фылдæр спайда кодта хъарм ахорæнтæй: фæлурс бур, сырхбын бур, фæныкхуыз. Кæд нывы архайд изæрыгон цæуы, уæддæр дзы ис бирæ рухс. Мæйы рухсмæ æрттивынц хæдзæртты сæртæ, бæлæстæ, мит, Темыры цæсгом. Чи зоны, авторы фæнды зæгъын, рухс Темыры зæрдæйæ дæр кæй цæуы, уый.

Мæнæн мæ зæрдæ агайы Абысалты Юрийы нив «Насджынæн». Уый хæссы хъарм æмæ æхсызгондзинад. Адæймаджы кæны рæсугъд æмæ бæрзонд. Æз кæсынæй не 'фсæдын дæсны авторы фæлгонцтæм.

***Къæлхидты Эльвирæ,***
***Дзæуджыхъæуы скъола-гимназ «Диалог»-ы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ «Нывæцæн-тæрхон Абысалты Юрийы ныв «Хъарм æхсæв»-мæ гæсгæ»***

*Урочы хуыз:* ныхасы рæзтыл кусыны урок.

*Урочы нысантæ:*

1. Бацæттæ кæнын ахуыргæнинæгты нывæцæн-тæрхон фыссынмæ.

2. Ныхасы рæзтыл бакусын; ахуыр кæнын быцæуныхасы хи цæстæнгас æргом кæнын; зонгæ кæнын нывкæнынады ахорæнты нысаниуджытимæ.

3. Рæзын кæнын уарзондзинад бинонтæм; æмбарын кæнын æрдз æмæ адæймаджы иудзинад.

*Урочы фæлгонц:* компьютер (презентаци), интерактивон фæйнæг, Абысалты Юрийы репродукциты альбом.

*Урочы эпиграф:*

«Ацы зæххыл дæ куы батава иу дæр,
Гъеуæд æнцон у цæрын».

Хостыхъоты Зинæ

**Урочы цыд:**

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

***1. Мотивацион уавæр.***

Скъоладзауты сразæнгард кæнын урочы архайынмæ.

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы эпиграф равзарæм. Куыд ис кæрæдзийы батавæн махæн? (Бахудын, ахъæбыс кæнын, фæлмæн ныхас зæгъын). Бацархайæм, мæ хуртæ (сывæллæттæ «бахъарм кодтой» кæрæдзийы).

– Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы эпиграф дзæгъæлы не ’рхастон. Урочы кæрон æм раздæхдзыстæм.

**II. Зонындзинæдты актуализаци.**

***1. Абысалты Юрийы нывты равдыст.***

*Ахуыргæнæг:* Экранмæ ракæсут. Базыдтат нывгæнæджы къухайст (почерк)? Уæ зæрдыл цы бадардтат Абысалты Юрийы царды æрфыстæй?

Цавæр аивадон здæхты бындурыл аразы йæ нывтæ Абысалы-фырт? (наив) Цы амоны?

***2. Беседæ нывы бындурыл.***

*Проблемон уавæр.*

– Абысалты Юримæ ис диссаджы нывтæ: «Хъарм фын», «Хъарм æмбалад», «Хъарм бон», «Хъарм æхсæв». Цымæ дзырд «хъарм» цы амоны нывгæнæджы сфæлдыстадон дунейы? Уæ хæс – урочы кæрон ацы фарстæн дзуапп раттын.

– Уæ размæ Абысалты Юрийы ныв «Хъарм æхсæв». Лæмбынæг æркæсут нывмæ. Цавæр æнкъарæнтæ уæм гуыры?

– Нывы жанр? (Цардыуаджы ныв)

– Нывы композици. Раззаг пъланы цы уынæм? (Лæг, ус æмæ куыдз. Иу дзырдæй сæ куыд схонæн ис? (Бинонтæ).

– Нывы фæстаг пъланы та цы уынæм? (Æгæрон, уæрæх, рæсугъд арв, стъалытæ йыл æрттивынц. Цыма арв æмæ зæхх баиу сты, афтæ зыны).

– Куыд хъуыды кæнут, автор йæ ныв афтæ цæмæн схуыдта? Цавæр у дзырд «хъарм»-æн йæ лексикон нысаниуæг? (Ис ын комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ).

– Цавæр æхсæв у? (Сæрдыгон, хъарм, фæлмæн).

– Цæмæй бæрæг у? (Нæлгоймаг у бæгъæввад, сылгоймаг у гомцонг. Зæхх хъарм у, æмæ сæ быны дæр ницы бакодтой).

– Ноджы ма цæмæн у æхсæв хъарм? Цавæр æнкъарæнтæ иу кæнынц нывы архайджыты? (Æнцойад, амонд, уарзонад)

– Куыд æй равдыста автор? Цæй руаджы? (Цæсгæмттæ райдзаст, кæрæдзиуыл æркъул кодтой, æнгом хуыссынц, иумæ улæфынц, æнæ кæрæдзи сæ бон нæу).

– Куыдз та куыд æвдыст цæуы? Йæхи куыд дары? (Ис ын лæгъз хъуын, цыргъгонд бырынкъ урс тæппимæ. Йæ иу цæстæй скаст йæ хицæуттæм. Чи зоны, фæгæпп кæнын æй фæнды, фæлæ куыд бахъыгдара йæ бинонты æнцойад).

– Кæцы фæлгонц у ирддæр нывы? Ахадгæдæр? (Сылгоймаджы фæлгонц). Цæмæн? (Уый у хæдзары фарн хъахъхъæнæг, амонд дæттæг, æмæ йæ автор ирддæрæй æвдисы).

– Æркæсут-ма æфсины къухтæм. Нывгæнæг сæ гомæй цæмæн æвдисы? (Автор уæлвонг кæны æфсины, стауы йын йæ сызгъæрин къухтæ. Цас бакуыстой уыцы къухтæ бон-изæрмæ!? Уыцы къухты руаджы афтæ адджын фынæй кæнынц бинонтæ).

– Ацы нывæн сымах та цавæр ном раттаиккат? («Хæлæрттæ», «Бинонтæ», «Амонд»). Цы иу кæны ацы нæмтты? (Хъармдзинад).

– Цавæр ахорæнтæй пайда кæны нывгæнæг йæ зæрдæйы уаг равдисынæн? Алы хуызæн дæр йæхи нысаниуæг ис. (Диссаг, тар кæрдæгхуыз ахорæнæй фыст у нывы фылдæр хай. Рухсæй æвдыст цæуынц сурæтты буар, цæсгæмттæ æмæ стъалытæ. Фæлæ нæ бон у ныв тар схонæн. Кæрдæгхуыз нывкæнынады амоны цард, гармони, æрдзимæ иудзинад)

– Автор йæ хъуыдытæ, йе’нкъарæнтæ цæй руаджы æргом кæны нывы?(Æгæрон тыгъдад æмæ чысыл бинонты æнгомдзинад ныхмæвæрд кæны; цæсгæмтты æнгасмæ гæсгæ бæрæг у, амондæн бирæ кæй нæ хъæуы, уый).

– Цæмæн схуыдта автор йæ ныв «Хъарм æхсæв»? Цавæр хатдзæгмæ æрцыдыстæм? (Хъарм æхсæв у, уымæн æмæ бинонтæ сты иумæ, æнæ кæрæдзи нæ фæразынц.)

– Эпиграф æргом кæны нывгæнæджы сæйраг хъуыды? Куыд?

**IV. Ног зонындзинæдтæ фидар кæнын. Текст-тæрхоныл куыст.**

– Цавæр тексты хуызæй пайда кæндзыстут нывæцæны? (текст-тæрхонæй).

– Цавæр сты йæ хæйттæ? Цавæр бавæргæ дзырдтæй кæнæ хъуыдыйæттæй спайда кæндзыстут уæхи хъуыдытæ равдисынæн?

*Тетрады куыст.*

*Тезис* – равзарын кæнæ ныффидар кæнын кæй хъæуы, ахæм хъуыды.

(Мæнмæ гæсгæ, мæн уырны, фидарæй зонын, æз афтæ хъуыды кæнын).

*Аргументтæ* – хъуыды фидаргонд кæй фæрцы цæуы, ахæм хъуыдыйæдтæ (Цæмæй гуырысхойаг ма уа, фыццаджыдæр, дыккаджыдæр).

*Хатдзæг* – хъуыдыйы балхынцъ, арæх фæлхат кæны тезисы. (Афтæмæй, уый тыххæй, иуныхасæй, цæвиттон, цыбырдзырдæй)

**V. Нывæцæны текстыл куыст.**

***Иумæ пълан аразын нывæцæнæн:***

1. Разныхас. Абысалты Юрийы аивадон фæлгонцтæ.

2. Сæйраг хай.

1) Цæмæн схуыдта автор йæ ныв «Хъарм æхсæв»?

2) Сæрдыгон хъарм æхсæв.

3) Амонды чысыл къуыбар.

4) Сылгоймаг – фарнхъахъхъæнæг.

5) Нывы ахорæнты нысаниуæг.

3. Кæронбæттæн. Цы хъуыдытæ мæм сæвзæрд, нывмæ кæсгæйæ?

– Куыд райдайдзыстæм нывæцæн?

– Сæйраг хай (бæлвырдгæнæн) райдайын хъæуы фарстæй – Цæмæн схуыдта Абысалты Юрий йæ ныв «Хъарм æхсæв»?

– Ныр та размæ ракæнут тезис. Цавæр уыдзæн уæ тезис? (Мæнмæ гæсгæ, æхсæв хъарм у бинонты фарнæй).

– Цæмæй нæ тезис гуырысхойаг ма уа, уый тыххæй йæ аргументты фæрцы сбæлвырд кæнæм:

– Спайда кæнут æмбисæндтæй:

«Бинонты уарзондзинад æфсиныл баст у».

«Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц».

«Куыдз йæ хицауы хуызæн кæны».

«Хорз куыдз лæгæн æмбал у».

2. Бинонты æнгомдзинадыл дзуры таурæгъ «Сослан мæрдты бæсты»:

*«Кæсын, æмæ... ус æмæ лæг хуыссынц; иу тæрхъусдзарм сæ быны тыд, иннæ тæрхъусдзарм сæ уæлæ æмбæрзт, афтæмæй сын уыдысты алырдæм дæр парахат. Уый та цæмæн афтæ у?*

*– Уый дæм диссаг цæмæн кæсы, – загъта Бедуха. – Уыдон сæ уæлæуы царды бирæ уарзтой кæрæдзийы; ам дæр, мæрдты бæсты, не сты уыцы уарзондзинадæй æнæхай».*

– Нывæцæны хатдзæг цавæр уыдзæн? (Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ Абысалыфыртæн дзырд «хъарм» амоны амонд, æнцойад, удæнцой, æрдз æмæ адæймаджы гармони. Хъарм æхсæв у, уымæн æмæ бинонтæ сты иумæ æрдзы хъæбысы, æнæ кæрæдзи нæ фæразынц).

– Тæрхонæй уæлдай ма уæ цавæр тексты хуызæй бахъæудзæн спайда кæнын? (Æрфыстæй).

**VI. Æрмæг бафидар кæнынил куыст.**

*1. Дзырдуатон куыст.*

*Рафыссын æнцойгæнæн дзырдтæ:*

Цæсгæмттæ: рухс, райдзаст, фæлмæн, худгæбыл.

Арв: æгæрон, тарбын, цъæх, стъалыджын, уæрæх, æнæбын.

Гуыры æвæрд (позæ): кæрæдзийыл сæхи æруагътой, къух сæры бын бакодта, куыдзы синтыл йæ сæр æруагъта.

*2. Бамбарын кæнын фразеологион дзырдбæстытæ:*

Æхсæв хæссын – искуы æхсæвиуат бакæнын.

Æмуд, æмзæрдæйæ – æнгомæй, кæрæдзи уарзгæйæ цæрын (душа в душу).

Арвæй зæххы астæу – æппæт дунейыл (между небом и землёй).

«А» æмæ «о»-йæ цæрын (æнгомæй, адджынæй цæрын).

*3. Кæронмæ ахæццæ кæнын хуымæтæг хъуыдыйæдтæ, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæй сæ баххæст кæнын, афтæмæй.*

Дзырд «хъарм» амоны... (æхсызгон, фæлмæн, æмуд).

Уарзондзинад бинонтæн хæссы... (амонд, удæнцой, фидыц).

Абысалты Юримæ хуымæтæг адæймаг у... (зæрдæхæлар, худгæбыл, æргомзæрдæ).

*4. Бафтауын æмхуызон уæнгтæм иугæнæг дзырд æмæ хъуыдыйад ныффыссын æй:*

Ныфс, æнцойад, æхсызгондзинад – ацы (...) рухс кæнынц нывы фæлгонцты цæсгæмттæ.

**VII. Фæлварæн куыст.** Ахуырдзаутæ (1-2) сæ нывæцæнтæ дзурынц.

**VIII. Рефлекси.** Зæгъæм, де 'мбал дæм смс æрбарвыста: «Цавæр зæрдæйы уагимæ цæуыс урокæй?» Цавæр смайлик æм арвитдзынæ? Сыфтыл æй равдисут.

**IX. Хæдзармæ куыст**: ныффыссын нывæцæн-тæрхон Абысалты Юрийы нив «Хъарм æхсæв»-мæ гæсгæ. «Цæмæн схуыдта автор йæ нив «Хъарм æхсæв»?»

**Нывæцæны дæнцæг:**

Абысалты Юрий у мæ уарзондæр нывгæнджытæй иу. Хуымæтæджы нывты лæмбынæг æвдисы æнæхин, уæрæхзæрдæ хъæууон адæмы бæрæгбоны æмæ куысты мидæг, улæфты бон æмæ йæ бæллицты дунейы.

Мæ размæ Абысалы-фырты нив. Цæмæ йæ схуыдта «Хъарм æхсæв»?

Мæнмæ гæсгæ, нывгæнæджы æхсæв хъарм у бинонты фарнæй.

Фыццаджыдæр, дзырд «хъарм» амоны сæрдыгон фæлмæн рæстæг. Автор æрфыста мæйрухс æхсæв. Сыгъдæг арвыл тыбар-тыбур кæнынц мингай стъалытæ. Кæттаджы астæумæ нывгæнæг рахаста бинонты: лæг, ус æмæ куыдзы. Хорз бинонтæ сæ куыдзы бинойнагыл нымайынц. Чи зоны, уыгæрдæны куыстой æмæ се 'хсæв уырдæм æрхастой. Хъарм æхсæв у: нæлгоймаг у бæгъæввад, æфсин – гомцонг. Зæххыл сæхи æруагътой иу иннæйы уæлæ æмæ зæрдæбынæй фынæй кæнынц.

Дыккаджы, æнæмæнг, нывы сæйрагдæр у бинонты уавæр. Бæлвырд у, бинонты цæсгæмттæ æрмæст мæйы рухсæй кæй не 'рттивынц, уый. Рухс цæуы сæ зæрдæтæй, сæ хъуыдытæй. Зæхх æмæ арв баиу сты

Абысалы-фырты нывы, æмæ сын сæ астæу æвдисы амонды чысыл къуыбар.

Ирддæр у сылгоймаджы сурæт. Автор уæлвонг кæны æфсины, стауы йын йæ сызгъæрин къухтæ. Цас бакуыстой уыцы къухтæ бон-изæрмæ!? Уыдоны руаджы афтæ адджын фынæй кæнынц бинонтæ. Амонд æмæ рæсугъд фынты аккаг у нывгæнæгмæ сылгоймаг. «Бинонты уарзондзинад æфсинал баст у», – зæгъы ирон æмбисонд. Æгæрон тыгъдады был хуымæтæг адæймагæн бирæ нæ хъæуы амонддæин уæвынæн. Уарзт бинонтæн хæссы удæнцой æмæ ныфс. Нарты кадæгмæ гæсгæ, лæг æмæ ус кæрæдзи куы æмбарой, уæд сын тæрхъусдзарм дæр уæрæх у.

Диссаг у Абысалы-фырты дæсныдзинад. Тар кæрдæгхуыз ахорæнæй фыст у нывы фылдæр хай. Фæлæ нæ бон нæу нывы тар схонæн. Рухс æй кæнынц бинонты худгæбыл цæсгæмттæ æмæ стъалытæ. Кæрдæгхуыз та нывкæнынады амоны адæймаг æмæ æрдзы иудзинад.

Афтæмæй, Абысалты Юрий æрмæст сæрдыгон æхсæв не 'вдисы, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, æхсæв хъарм у бинонты фарнæй. Абысалы-фыртæн дзырд «хъарм» амоны амонд, удæнцой, тавиц. Хъарм æхсæв у, уымæн æмæ бинонтæ сты иумæ, æрдзы хъæбысы рæсугъд фынтæ уынынц, æнæ кæрæдзи нæ фæразынц. Тæхудиаг у ахæм цард!

Научно-методический журнал

# ПРОСВЕТИТЕЛЬ

1(2021)